7. Wilujěngan sangang wulan: jěngang cěprot (glěpung uwos dipunjuri kaliyan gěndhis santěng, lajěng dipun jěngang, něngah-něngah matěng lajěng dipuncěmplungi pisang wětahan ingkang sampun dipunonceki. Bilih sampun matěng dipunwadhahi ing takir, saběng takir satunggal). Yen ěmpun wawrat sanga tanggah sěpuh, utawi lek sědasa dereng kraos nyakiti: diwilujěngi dhawět plěncing”.

- a. “Apa tęgěse dhawět plěncing”.
- b. “Enggih dhawět limrah niku mawon, nanging mbotěng diidongani ing kaum: disade ing lare, kalih yatra wingka. Saběng dhawět ěmpun diombe lare lajěng mlajěng plěncing, milane nama měkātěng.
- a. “We akeh ane wragade”.
- b. “Empun karuwan nek okeh, lha

sebesar buah widara. Di dalamnya diberi gula jawa kemudian dimasukkan dalam air panas. Jika sudah mengapung tanda sudah masak kemudian dicampuri kelapa parut singgat (kelapa diparut arah atas sehingga kasar seperti singgat). Serabi (tepung beras diceprot kemudian digoreng tanpa minyak).

7. Selamatan 9 bulan: jenang ceprot (tepung beras dicampur dengan gula dan santan kemudian dijadikan jenang, ketika sudah masak dimasukkan pisang kupas utuh. Jika sudah masak ditempatkan dalam takir. Setiap takir berisi satu. Jika sudah hamil 9 tanggal tua atau masuk bulan ke 10 belum merasa sakit dibuatkan selamatan dawet plencing.

- a. Apa maknanya dawet plencing.
- b. Ya dawet biasa itu saja tetapi tidak didoakan oleh kaum, dijual oleh anak dan uang pecahan genteng. Setiap dawet yang diminum langsung lari tanpa pamit, maka dinamakan demikian.
- a. We ternyata banyak biayanya.
- b. Sudah jelaslahkalau banyak, la

wong wilujĕngan ping gangsal
disarĕng sapindhah mawon: niku
sanese wilujĕngan nĕm, pitung
wolung, sangang wulan.

Wah niki mawi wewehan,
na(h.11)nging liyane nggangsali
ĕmpun mbotĕn ngangge wewehan
malih”.

a. “Pira kiramū sĕdhĕnge”.

b. “Mangga mawon, yen mang
damĕl sĕmuwa, sĕlangkung inggih
ĕĕkapan, nanging dome mang yoso
piyambak”.

a. “Iya ta, mangsi bodhowa olehmu
nindakake, mĕngko dhuwite tak
wehi. Aku sing yasa dom, mung
besuk tingkĕbmu sing arĕp nggalih:
bapak ayake, arĕp digĕdhe, gene
(dene utawa kok) nganggo dhawuh
mĕnyang aku”.

b. “Inggih sokur”.

(h.12) *Cariyos Tingkeban*

Tiyang tingkĕban punika wawrat 7
wulan pados dintĕn Rĕbo utawi
Sĕtu saderengipun tanggal
purnama ingkang pinanggih ganjil
kadosta: tanggal kaping 3, 5, 7, 9,
11, 13 utawi 15, botĕn kening
langkungipun saking purnama.
Adusipun wanci jam 11 siang,
mawi patĕlĕsan sinjang (tapih
rangkĕban ingkang dipun angge)

namanya selamatan 5 kali
dilaksanakan bersma satu kali
saja. Itu saja belum selamatan
6, 7, 8 dan ke 9 bulan.

Wah ini memakai pemberian
(makanan) tetapi selain 5 bulan
sudah tidak memakai memberi
(makanan) lagi.

a. Perkiraanmu berapaukupnya.

b. Terserah sajalah, kalau kamu
buat biasa Rp 25 cukup tetapi
jarumnya kamu beli sendiri.

a. Baik, terserah pelaksanaanmu,
nanti uangnya saya kasih. Saya
yang mencari jarum hanya besok
kalau tingkebmu ayahnya yang
akan memikirkan akan dibuat
besar mengapa memerintahkan
saya.

b. Ya syukur.

CERITA TINGKEBAN

Orang tingkeban itu hamil 7
bulan mencari hari Rabu atau
Sabtu sebelum tanggal bulan
purnama yang ganjil seperti: 3,
5, 7, 9, 11, 13 atau 15. Tidak
boleh lebih dari bulan purnama.
Mandinya jam 11 siang dengan
memakai kain untuk basah (yang
dipakai kain dalam yang
memandikan dukun serta orang-

inggang ngědusi dhukun, saha para sěpuh. Toya sěkar sětaman, (toya ing jěmbangan mawi kadekekan sěkar), kosokanipun warni pitu, wědhak agal, sědhěng tuwin lěmbut, mangir, sindu (cěngkaruk dipungoreng lajěng dipun lawěd = pipis) lulur (uwos, ěmpon-ěmpon, pandhan wangi kalawěd) sarta asěm. Sasampunipun rampung lajěng dipun wuloni dhatěng dhukun.

Padusanipun wontěn ing latar kiwa těngěning griya, kakrobong, lawangipun majěng mangetan, karěngga ing tětuwuhan kiwa těngěn (pisang, těbu, cěngkir gadhing) mawi sajen (sěkul janganan, jěnanng abrit, jěnanng baro-baro, jajan pasar) sarta mawi:

1. *Sriyatan (wijěn, kědhěle, kacang, cěngkaruk gimbal, sami kagangsa ing gěndhis sarta kembang pari). Cěngkaruk gimbal (sěkul aking kagoreng ing sangan rumiyin lajěng kagangsa), kěmbang pari (kětan měntah kagoreng ing sangan, lajěng dipunkrawu ing klapa mawi sisiran gěndhis Jawi).*

2. *Pěnyon (glěpung dipundang lajěng dipun juri ing toya mawi*

orang tua. Air bunga setaman (air di belanga diberi bunga) gosoknya 7 macam, bedak kasar, sedang dan lembut, mangir, sindu (cengkaruk digoreng kemudian dihaluskan dengan pipis), lulur (beras, empon-empon daun pandanwangi dihaluskan) serta asam. Setelah selesai kemudian *wuloni* (?) disucikan oleh dukun.

Tempat mandinya di halaman kiri kanan rumah, diberi penutup keliling, pintunya menghadap ke timur dihias pepohonan kanan kiri (pisang, tebu, dan cengkir gading) memakai sesaji (nasi sayuran, jenang merah jenang baro-baro jajan pasar) serta memakai:

1. Sriyatan (wijen, kedelai, kacang, cengkaruk gimbal, semuanya digangsa dengan gula dan bunga padi). Cengkaruk gimbal (nasi kering digoreng sangan kemudian digangsa), bunga padi (ketan mentah digoreng sangan kemudian dicampur dengan kelapa dan sisirangula Jawa.)

2. Penyon (tepung dikukus kemudian dicampur air memakai

kunir, tĕngahing ĕndhĕg-ĕndhĕgan dipun dekeki pisang, kawungkus lajĕng kaleletan cĕmĕng-cĕmĕng = angus punapa mangsi), lajĕng dipuniris-iris, dening warni kuning, cemeng, sarta pĕthak, pindha pĕnyu.

3. *Sampora (glĕpung dipunjuri kaliyan santĕn, lajĕng dipun cithaki kados bathok mĕngkurĕb.*

4. *Pring sĕdhapur (glĕpung matĕng dipunjuri kaliyan toya, lajĕng kapĕtha tumpĕng alit lajĕng dipuntancĕpi giligan glĕpung sadriji-driji mancawarni mawi sunduk sujen).*

(h.13)5. *Tumpĕng robyong (tumpĕng kalĕbĕtakĕn ing cĕthing dipuntancĕbi ulam-ulaman maesa satunggal sarta tigan wajar satunggal katancĕbakĕn ing pucuk tumpĕng, gĕreh tuwin krupuk, punapa dene jĕjanganan mĕntah, lombok, terong, kacang dipun untilli (?) tigang warni dados sĕtunggal, tuwin gĕgodhongan, utawi sĕkar-sĕkaran).*

Wanci pukul sĕdasa tamu jalĕr estri wiwit dhatĕng, bilih sampun nglĕmpak, lare estri lajĕng dipun dusi. Bilih sampun rĕsik lajĕng dipun santuni pasatan sinjang,

kunir, ditengah-tengahnya diberi pisang, dibungkus kemudian diberi garis-garis hitam = jelaga atau tinta) kemudian diiris-irisoleh warna kuning, hitam serta putih seperti penyus.

3. Sampora (tepung dicampur air santan kemudian dicetak seperti tempurung telungkup.

4. Pring sedapur (tepung masak dicampur air kemudian dibentuk seperti tumpeng kecil kemudian ditancabi pilinan tepung sebsar jari beraneka warna dengan tusuk sujen).

5. tumpeng robyong (tumpeng dimasukkan ke cething (?) ditancapi daging kerbau 1 serta 1 telur wajar ditancapkan di puncak tumpeng, ikan asin serta krupuk dan juga sayuran mentah, cabai, terong dan kacang diikat 3 macam menjadi 1 serta dedaunan atau bunga-bunga.

Pada jam 10 tamu laki-laki dan perempuan mulai datang, jika sudah berkumpul, anak wanita (yang hamil) dimandikan. Jika sudah bersih kemudian diganti

tumuntěn dipunuběti (sěpisan), letrek (lawe abrit, cēměng, pěthak, katěnung awis-awis, pindha anamaning griya kěmlandhingan) nglowong těbih kaliyan wětěng.

Tumuntěn biyungipun lare jalěr, andhawahakěn tropong (pirantosipun tiyang něnun ikal-ikalan lawe) salěbětning letrek, mawi wicantěn: lanang, lanang, lanang (kaping tiga) katampen biyunging lare estri, punika minangka pasěmon lairing jabang bayi aclorot-clorot kados lampahing tropong.

lajěng ndhawahaken malih cěngkir gadhing kasěrat Kamajaya lan ratih, utawi Janaka lan Sumbadra, punapa Panji lan Kirana, pundi ingkang dipunsěněngi, mawi mungěl: wedok, wedok, wedok (wadon) (inggih kaping tiga) ugi katampen biyunging lare estri (bilih salah satunggaling lare wau sampun botěn gadhang biyung: dipunwakili ing dhukun), minangka pasěmon warnining jabang bayi kados makatěn.

Tumuntěn lare jalěr bidhal saking pěndhapa, dipunkanthi ing bapa tuwin marasěpuhipun (bilih ing salah satunggalipun sampun

dengan kain kering kemudian dililitkan sekali, *letrek* (benang lawe merah, hitam dan putih ditenun jarang-jarang seperti anyaman rumah kemlandingan) *nglowong* jauh dari perut.

Kemudian ibu dari anak laki-laki /suami menjatuhkan tropong (alatnya orang menenun untuk melilitkan lawe) di dalam letrek, dengan mengatakan: pria, pria, pria, 3x diterima ibunya wanita/istri. Hal itu sebagai simbolik lahirnya bayi meluncur seperti meluncurnya tropong.

Kemudian menjatuh kelapa gading bergambar Kamajaya dan Kamaratih atau Janaka dan Sembadra atau Panji dan Kirana, mana yang disukai dengan mengatakan: wanita 3x juga diterima ibunya wanita (jika salahsatu orang tadi tidak mempunyai ibu diwakili oleh dukun) sebagai simbolik wajahnya bayi seperti itu.

Kemudian anak laki-laki berangkat dari pendapa didampingi oleh ayah dan mertuanya (jika salahsatunya sudah meninggal

mboṭĕn wontĕn = ngajal, dipun wakili ing ěmbah utawi pinisĕpuh sanesipun) sarta dipun ayab para tamu dhatĕng padusan.

Lare jalĕr tumuntĕn magas letrek kaliyan dhuwung ingkang dipunangge mawi gombyok sĕkar, kados kala pangantenipun.

Tugĕling letrek klepat lajĕng wangsul botĕn kenging wicantĕnan sakĕcap, sinarĕngan ing ngriku ěmbokipun lare jalĕr mbanting tigan mĕntah, sarta cĕngkir gadhing wau (h.14)kaplathok sigar kalih, pasĕmon lairing jabang bayi botĕn kirang satunggal punapa.

Tumuntĕn lare estri dhatĕng griya, marginipun kagelaran mori pĕthak, lajĕng ngadĕg wontĕn sangajĕnging patanen.

Ing ngriku sampun dipunsudhiyani pisalin tapih kĕmbĕn kathahipun mitu, lajĕng dipun angge kalayan kĕndhon-kĕndhon kemawon.

Para sĕpuh wontĕn ingkang wicantĕn: durung patut, lajĕng dipunplotrokakĕn, santun sanesipun inggih dipun aruh-aruhi malih: iya durung patut, inggih lajĕng dipunplotrokakĕn malih.

Makatĕn ing salajĕngipun ngantos kaping pitu mĕksa dereng

diwakili oleh kakek atau orang tua lainnya) serta diikuti oleh para tamu ke tempat pemandian.

Anak laki-laki/suami memotong letrek dengan keris yang dihiasi gombyok bunga seperti keti jadi pengantin.

Setelah letrek putus segera pergi tanpa berkata sedikit pun, bersamaan dengan itu ibu si laki-laki yang hamil memecah telur mentah serta kelapa gading tadi dibelah menjadi dua, sebagai simbolik bahwa bayi lahir tidak ada kekurangan apapun.

Kemudian wanitamasuk ke rumah, jalurnya dibentangi kain putih, kemudian berdiri di depan patanen.

Di tempat itu sudah disediakan kain dan kemben masing-masing 7 lembar, kemudian dipakai kendor saja.

Para orang tua ada yang berkata: belum pantas, kemudian dilepaskan. Ganti (kain) lainnya juga dikomentari lagi: iya belum pantas, kemudian dilepaskan lagi.

Demikian seterusnya, sampai 7x tetap belum pantas, sampai kain

kalĕrĕsan, ngantos ngumbruk botĕn kenging dipunsingkirakĕn malah lajĕng dipunlenggahi.

Punika inggih ugi kalĕbĕt pasĕmon gampile anggenipun manak, kadosa anggenipun tapihan: plotra-plotro. Wusana lajĕng dipuntilar ing gĕdhong santun pangangge sayĕktos, tapih bathik, kĕmbĕn lĕmĕs (dringin limar tuwin sanesipun) tanpa rasukan, botĕn kenging mawi sĕkar utawi ngangge sĕngkang tuwin sĕsupe.

Dalunipun ringgitan purwa, mawi ulĕm-ulĕm tamu jalĕr estri, ningali ringgit, sambenipun kasukan kĕrtu. Lampahipun lair-lairan, ingkang sae piyambak lairipun Gathutkaca. Mawi mĕdal brayut (tiyang dhusun sugih anak).

Sajen

Inkang nama sajen punika botĕn sami, nanging bakunipun panggang tumpĕng (panggang gĕsang tumpĕng thok, sarta mawi pangiring uwos sakathi gĕdhang ayu suruh ayu, gĕndhis satangkĕb, klapa satunggal, mĕnyan suwang sĕprapat = (12,5 dhuwit) mawi lawe satukĕl, lisah lacang sakopi andhungan, manawi ucĕng-ucĕng

menumpuk banyak tidak dapat disingkirkan bahkan akhirnya kemudian untuk duduk.

Hal itu juga termasuk simbolik kemudian dalam melahirkan, seperti ketika memakai kain: plotra-plotro. Akhirnya kemudian ditinggal ke kamar ganti pakaian yang sesungguhnya. Berkain batik, kemben lemas (*dringin* limardan slainnya) tidak berbaju. Tidak boleh memakai bunga, kalung atau memakai sengkang serta subang.

Malam harinya pentas wayang kulit dengan mengundang tamu pria-wanita, melihat wayang selingannya judi kartu. Lakonya tentang lahir yang paling baik lahirnya Gatotkaca. Memakai keluar (tokoh) *brayut* (orang desa yang banyak anak).

SESAJI

Yang dinamakan sesaji itu tidak sama, tetapi intinya panggang (dan) tumpeng (panggang hidup dan tumpeng saja serta didampingi beras sekati) pisang ayu, sirih ayu, gula setangkep, 1 butir kelapa, menyal seharga 1 reyal, ditambah uang satak sawe (= suwang seperempat (= 12 dhuwit) memakai lawe segulung, minyak kacang

sarta lisahing blencong tēlas.

(h.15) *Jamuan*

Ingon niyaga kaping kalih, dhatěng (sontěn) sěkul, ulam panganan sarta wedang cěměngan pangaos suku. Mantuk (enjing) nědha malih sami.

Dhalang sěgahipun karampad kaping kalih, botěn katědha lajěng kaběkta mantuk. Sarampadan punika sěkul saamběng, ulam sědasa piring, panganan ugi sědasa piring.

(h.16) *Nyakiti dumugi manak*

Tangkilan: “Wětěnganmu (cěkakan = wětěngan mu) wis katon angglong tēměn, ayaknen (= ayake) nuli krasa”.

Raden Nganten: Dasar ěnggih, wětěng kula pijěr kraos slēmět-slēmět mawon, kědah toyan. Bapak ibu sami mang aturi: ta”.

Tangkilan: “He, eh. Bur (cěkakan: Gěmbur).

Gěmbur : “Kula”.

Tangkilan: “Měnyanga Gadhing banjur Pasar Kliwon sowana bapak (bapa piyambak sarta marasěpuh) matura yen si Ndhuk nglarani, sibu

sebagai cadangan kalau sumbu serta minyak blencong habis.

JAMUAN

Jamuan untuk niyaga 2x, datang (sore hari) nasi, daging, makanan serta minuman pahit seharga *suku*. Pulang (pagi hari) makan lagi wujudnya sama.

Dalang jamuannya disediakan 2x tidak dimakan kemudian dibawa pulang. Satu rampadan itu nasi 1 ambeng, daging 10 piring, makanan kecil juga 10 piring.

**SAKIT SAMPAI
MELAHIRKAN**

Tangkilan: “Perutmu sudah kelihatan menurun sekali, mungkin kemudian akan terasa (melahirkan)”.

Raden Nganten : “Memang iya, perut saya sering terasa sakit saja, ingin kencing terus. Ayah ibu semua undanglah”

Tangkilan : Iya. Bur (singkatan: Gembur)

Gembur : Saya.

Tangkilan : Pergilah ke Gading kemudian ke Pasar Kliwon. Menghadaplah ke ayah (ayah sendiri dan mertua).

<p><i>tak aturi (yen dhangane) sokur bapak kersa rawuh. Dhiyat-dhiyat bae laku anyar (padamelan perlu).</i></p> <p>Gěmbur : “Inggih sěndika. Kula nuwun”.</p> <p>Sasak : “Sapa kuwi?”</p> <p>Gěmbur : “Kula pun Gěmbur”.</p> <p>Sasak: Ana gawemu apa, mlěbu ngomah bae ta.”</p> <p>Gěmbur : “Inggih kula nuwun. Kula dipunkengken putra sampeyan Ndara Bei, ngaturi uninga putra sampeyan Ndara Den Nganten kraos nggěrahi, rayi sampeyan Ndara Nyai dipunaturi, sokur panjěnėngan kersa rawuh.</p> <p>Sasak : “O, o wayah apa wiwite krasa”.</p> <p>Gěmbur : “Sawega kemawon”.</p> <p>Sasak : “Entenana bae sisan měngko barėng karo aku nggonceng kreta”.</p> <p>(h.17)Gěmbur : “Nun kula badhe dhatěng Pěkěn Kliwon, kautus sowan rayi sampeyan Ndara Bei Běndung nunggil pěrlu”.</p> <p>Sasak : “O, o, iya, wis ta nuli měnyanga”.</p> <p>Gěmbur : “Inggih nun sampun</p>	<p>Kamu katakan kalau <i>si nduk nglarani</i>. Ibu saya undang (kalau berkenan) dan juga ayah kalau mau datang. Segera saja berangkat (pekerjaan penting).</p> <p>Gembur : “Iya baik. Saya mohon pamit.”</p> <p>Sasak : “Siapa itu?”</p> <p>Gembur : “Saya. Gembur.”</p> <p>Sasak : “Ada kepentingan apa, masuk rumah saja.”</p> <p>Gembur : “Iya. Permisi. Saya disuruh putra tuan, Ndara Bei. Memberitahu putri tuan Ndara Nganten terasa sakit. Adik tuan juga diundang, lebih baik lagi jika tuan mau hadir.</p> <p>Sasak : “O, kapan mulai terasa sakit?”</p> <p>Gembur : “Baru saja.”</p> <p>Sasak Tunggu saja, sekalian nanti sama-sama denganku naik kereta/andong.</p> <p>Gembur Saya akan ke Pasar Kliwon, disuruh menghadap adik tuan Ndara Bei Bendung untuk keperluan yang sama.</p> <p>Sasak O, ya sudah, segeralsh berangkat.</p> <p>Gembur: “Baik, sudah</p>
--	--

<p><i>kalilan</i>".</p> <p>Sasak : "Iya. Ibune."</p> <p>Nyai Ajeng : "Kula".</p> <p>Sasak : "Anakmu krasa, si Gěmbur sing mrene, aweh wěruh (= si Gěmbur sing aweh wěruh anakmu karasa) ayo nuli padha mrana nunggang kreta bae".</p> <p>Nyai Ajeng : "Engga".</p> <p>Běndung : "Lho kowe Bur, awan-awan ana gawemu apa (= apa ana gawene)".</p> <p>Gěmbur : ""Kula nun, sowan kula dipunkengken putra sampeyan Ndara Bei, ngaturi uninga putra sampeyan Ndara Den Nganten kraos nggěrahi, rayi sampeyan Ndara Mas Ayu dipun aturi: sokur panjěněngan karsa rawuh".</p> <p>Běndung : "O, o, dhek kapan krasane"?</p> <p>Gěmbur : "Sawěg enjing punika wau".</p> <p>Běndung : "Dhisika bae ta, měngko aku sědhela mrana karo ibune nunggang bendi".</p> <p>Gěmbur : "Nun inggih, kula lajěng kalilan ngrumiyini".</p> <p>Běndung : "Iya ta. Ibune".</p>	<p>diperbolehkan".</p> <p>Sasak : "Iya. Bu."</p> <p>Nyai Ajeng : "Saya".</p> <p>Sasak : "Anakmu krasa, Gembur yang datang memberitahu (= Si Gembur yang memberitahu anakmu sakit). Ayo semua segera kesana naik kereta saja".</p> <p>Nyai Ajeng : "Mari".</p> <p>Běndung : "Lo, kamu Bur. Siang-siang ada keperluanmu apa (= apakah ada keperluan?)</p> <p>Gembur = "Iya. Kedatangan hamba disuruh anak tuan, Ndara Bei, memberitahukan putra tuan Ndara Raden Nganten terasa akan melahirkan. Adik tuan (istri) Den Mas Ayu diundang lebih baik lagi kalau tuan mau hadir.</p> <p>Běndung O, sejak kapan terasa?</p> <p>Gembur Baru tadi pagi.</p> <p>Běndung Berangkatlah dahulu, nanti saya sebentar lagi ke sana dengan ibunya naik delman.</p> <p>Gembur Baik, saya langsung mendahului.</p> <p>Běndung : "Iya. Bu!"</p>
--	---

<p><i>Mas Ayu</i> : “Kula”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Si Gëmbur mrene, anakmu krasa, kowe diundang ayo ta, karo aku nunggang bendi bae”.</p> <p>(h.18) <i>Mas Ayu</i> : “Engga”.</p> <p><i>Sasak</i> : <i>Piye Bei: Bojomu</i>”.</p> <p><i>Tangkilan</i> : “Kula nun sapunika katingal sareh, malah lajěng tilěm”.</p> <p><i>Nyai Ajěng</i> : “Wong durung tau manak, lagi bėbadra (wiwit kraos) bae wis gugup”.</p> <p><i>Sasak</i> ; “Mlėbua ngomah ta, ibune, aku ana dhapa (cėkakan= pėndhapa) bae.”</p> <p><i>Nyai Ajěng</i> : “Enggih, mangke mawon mang lěnggah griya ngėntosi dhatěnge kěng rayi Mas Bei Bëndung. Elho olehe tėtapa turon athik mujur ngalor: luput. Yen wong arėp manak paturone kudu mujur mangulon, anut petung lakuning banyu”. (lajěng dipunlih ujure kasur bantalipun).</p> <p><i>Sasak</i> : “Ayake kae: Bei, glėdhėg-glėdhėg nunggang bendi. Bapakmu dhi, Bei Bëndung tėka”.</p> <p><i>Tangkilan</i> : “Mėnawi”.</p>	<p><i>Mas Ayu</i> : “Saya.”</p> <p><i>Bendung</i> : “Si Gembur kesini. Anakmu terasa akan melahirkan. Kamu diundang, ayolah dengan saya naik delman saja”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Mari”.</p> <p><i>Sasak</i> : “Bagaimana Bei, istrimu?”</p> <p><i>Tangkilan</i> : “Sekarang sudah kelihatan tenang, bahkan sudah tidur”.</p> <p><i>Nyai Ajeng</i> : “Ya memang belum pernah melahirkan, baru terasa saja sudah gugup.</p> <p><i>Sasak</i> Masuklah rumah ta, Bu. Saya di pendapa saja.</p> <p><i>Nyai Ajeng</i> Iya, nanti saja, kamu duduk di dalam menunggu datangnya adikmua Mas Bei Bendung. Lo, tidurnya kok membujur ke utara: salah. Kalau orang akan melahirkan itu tidurnya membujur ke barat, sesuai perhitungan perjalanan air (kemudian dipindah kasur dan bantalnya).</p> <p><i>Sasak</i> : “Mungkin itu: Bei. Gledeg-gledeg naik delman. Ayahmu dik, Bei Bendung datang”.</p> <p><i>Tangkilan</i> : “Mungkin”.</p>
---	---

<p><i>Sasak</i> : “Lah nyata, ta, mangga dhi ngriki lënggah pëndhapa rumiyin kaliyan kula. Këng rayi Mas Ayu kajëngipun rumiyin këpanggih këng Mbakyu (cëkakan; mbak ayu) Nyai Ajëng sampun wontën griya”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Nun inggih. Punapa sampun dangu rawuh sampeyan”.</p> <p><i>Sasak</i> : “Sawatawis, Dhi. Dereng patosa dangu”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “ Kadospundi anggenipun nyakiti putra sampeyan”.</p> <p>(h.19)<i>Sasak</i> : “Kula dereng mlëbët dhatëng griya. Dhi, pun Ndhuk sawëg tilëm, mënawi mbribeni”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Kados sawêg bêbadra: lajêng gugup, tandhanipun sapunika malah tilëm”.</p> <p><i>Sasak</i> : “Mënawi. Awakipun putra sampeyan: sae, salëbêtipun wawrat botên nate sakit”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Kasinggihan, kados badhe botën dangu anggenipun nyakiti. Den Bei, kowe apa wis kongkonan ngundang dhukun”.</p> <p><i>Tangkilan</i> : “Sampun, nanging dereng dhatëng. Lah punika</p>	<p><i>Sasak</i> Nah benar kan. Silakan duduk di pendapa dahulu dengan saya. Adikmu, Mas Ayu biar bertemu dengan kakakmu,. Nyai Ajeng sudah di dalam rumah.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Iya.Apakah sudah lama kedatanganmu?”</p> <p><i>Sasak</i> : “Baru sebentar dik.Belum begitu lama juga.</p> <p><i>Bëndung</i>: “Bagaimana kondisi rasa sakitnya, putrimu”.</p> <p><i>Sasak</i>: “Saya belum masuk ke rumah. Dik, nduk baru tidur (tidak enak) kalau sampai membangunkan”.</p> <p><i>Bëndung</i> : “Tampaknya baru pertama sakit, kemudian panik. Buktinya sekarang sudah tidur”.</p> <p><i>Sasak</i> : “Kalau anakmu hamilnya bagus tidk pernah sakit”.</p> <p><i>Bëndung</i> Benar, tampaknya tidak lama terasa sakitnya. Den Bei, apakah kamu sudah memerintahkan dukun?</p> <p><i>Tangkilan</i> Sudah, tetapi belum datang. Nah itu sudah</p>
---	--

<p><i>sampun kětingal. Mbok banjura měnyang ngomah bae, ibu-ibu wis padha něnggani</i>".</p> <p>Sandilata : "Inggih. Mangga: ta, kaliyan panjěněngan sampeyan".</p> <p>Sasak : "Iya: ta, Bei, mlěbua ngomah".</p> <p>Tangkilan : "Nun inggih".</p> <p>R Nganten : "Adhuh mulės tēměn".</p> <p>Sasak : "Mangga: Dhi, mlěbět dhatěng griya punika kěpirěng saking ngriki sambat, kados kraos malih".</p> <p>Běndung : "Mangga".</p> <p>Sandilata : "Sampeyan sundhang (lěnggah wontěn ngulon-ulon nyanggi badanipun ingkang estri sarwi nyěbul ěmbun-ěmbun) ingkang sěkeca, Ndara Bei. Sae sampeyan ngore rema, sampun cundhuk sěrat, lukar pėningsět, uwěl-uwěl kemawon, ngagēm rasukan tuwin lancingan inggih botěn kenging".</p> <p>Nyai Ajěng : "Lawangan bothekan iku ngakna Drug (cěkakan : Gědrug), tali ponjen (h.20)padha uculana,lawang-lawang kae aja ana sing</p>	<p>kelihatan. Lekas langsung masuk rumah saja, para ibu sudah menunggu.</p> <p>Sandilata Iya. Marilah dengan kamu.</p> <p>Sasak : "Iy, Bei, masuklah ke rumah".</p> <p>Tangkilan : "Iya".</p> <p>R Nganten : "Aduh, mules sekali".</p> <p>Sasak Mari dik, masuk ke rumah, itu terdengar dari sening kesakitan, tampaknya terasa lagi.</p> <p>Bendung Mari.</p> <p>Sandilata Kamu sundang(duduk di tengkuk menyangga tubuh istrinya sambul meniup jidat istrinya) yang enak, Den Bei. Sebaiknya kamu rambutnya digeraikan saja, jangan konde alat tulis, melepas ikat pinggang, disuwel saja, pakai baju serta celana juga tidak boleh.</p> <p>Nyai Ajeng : "Pintu bothekan itu kamu buka Drug (singkatan: Gedrug), semua tali kamu lepaskan. Semua pintu itu jangan ada yang</p>
---	--

<p><i>kumancing. Pak (pangundang dhatěng laki) dhuwung lan waose si Bei nika mbok mang unusi saking wrangkane</i>".</p> <p>Sasak : "He, eh".</p> <p>Sandilata : "Ndara den Nganten: <i>ing kang sareh panggalih sampeyan botěn měnapa-měnapa. Měnawi kraos badhe uwat (=ngěděn) inggih sampeyan watakěn, měnawi botěn, botěn susah uwat</i>".</p> <p>Mas Ayu : "Olehmu uwat silirěn (<i>lon-lonan bae</i>)ngger".</p> <p>Sandilata : "Endi banyune mas, <i>Drěg (cěkakan = Ladreg)</i>".</p> <p>Ladreg : "Kula dereng sumerep <i>wernine toya mas; niku</i>".</p> <p>Mas Ayu ; "Bocah busuk, kowe mau dadi durung gawe".</p> <p>Ladrěg : "Dereng, tiyang dereng <i>suměrěp</i>".</p> <p>Mas Ayu : "Apeka kunir ana rong <i>grigeh, banjur pipisěn, banyune pěrěsěn ing bokor dokokana banyu sětěngah dhuwur, nuli gawaněn mrene</i>".</p> <p>Ladrěg : "Inggih, punika sampun <i>Ndara</i>".</p> <p>Mas Ayu : "Ngijolna <i>dhuwit igaran dhisik</i>".</p>	<p>terkunci. Pak (mengundang kepada suaminya), keris dan tombaknya si Bei itu kamu lepas/buka dari sarungnya.</p> <p>Sasak Iya.</p> <p>Sandilata Ndara den Nganten, pikiranmu yang tenang, tidak apa-apa. Kalau terasa akan keluar yang tekan aja, kalau tidak (terasa) nggak usah ditekan.</p> <p>Mas ayu Kamu menekannya pelan-pelan saja, nak.</p> <p>Sandilata Mana air masnya, Ladreg?</p> <p>Ladreg : "Saya belum pernah mengerti air emas, itu".</p> <p>Mas Ayu : "Orang bodoh, kamu tadi belum membuat?"</p> <p>Ladreg : "Belum, orang belum tahu!"</p> <p>Mas Ayu Ambillah kunir 2 rimpang kemudian kamu haluskan dan peraslah masukkan ke bokor. Berilah air di atas setengahnya segera kamu kemari.</p> <p>Ladreg : "Baik. Ini tuan".</p> <p>Mas Ayu : "Tukarkan uang <i>igaran</i> dahulu".</p>
--	---

<p><i>Ladrĕg</i> : “<i>punika kula gadhah sĕtunggal</i>”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “<i>Kene (=ĕndi), gilo dhuwit suwang sĕrapat iki kosekĕn wĕdhi dhisik, cikben rĕsik katon anyar tĕmbagane, yen wis: nuli cĕmplungnya ing bokor kono</i>”.</p> <p><i>Ladrĕg</i> : “<i>Inggih, punika sampun Ndara</i>”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “<i>Kene, gilo Mbok Sandilata banyune ĕmas</i>”.</p> <p><i>(h.21)Sandilata</i> :<i>Kaparingakĕn Ndara. Riri-riri jabang bayi gĕlis mĕtua gendhongĕn sedulurmu (ari-ari), dipĕthuk banyu ĕmas. Mangga Ngger, sampeyan mamah godhong dĕdĕl, sampun kula bĕktakakĕn saking griya. Jupuka uyah sawuku wae, Drĕg</i>”.</p> <p><i>Ladrĕg</i> : “<i>ĕnggih, niki lhe</i>”.</p> <p><i>Nyai Ajĕng</i> : “<i>Ayo Ngger, ayo bandrĕngna. Bei olehmu nyĕbul ĕmbun-ĕmbun sing sĕru. Wis ketok (= katon) siraha, ayo, ayo – ayo: uh kowe, ngowe-ngowe (tangising bayi lair) sareh-sareh dhisik Ngger, sareh, aringna napasmu. Wis uwatna maneh, Ngger, rambutmu cokotĕn, procot (wĕdaling ari-ari) wis slamĕt, slamĕt. We ana pĕline,</i></p>	<p>Ladreg Ini saya mempunyai satu.</p> <p>Mas Ayu Mana, ini uang suwang seperempat kamu cuci dahulu, biar bersih tampak baru tembaganya, kalau sudah kamu masukkan ke bokor itu.</p> <p>Ladreg Iya, ini sudah tuan.</p> <p>Mas Ayu Sini, ini air emasnya, Mbok Sandilata.</p> <p>Sandilata Diberikan, tuan. Riri-riri jabang bayi cepat keluar gendonglh saudaramu (ari-ari), dijemput air emas. Silakan nak, kunyah daun dedel, sudah saya bawakan dari rumah. Ambilkan garam 1 wuku saja , Dreg.</p> <p>Ladreg Iya, ini lo.</p> <p>Nyai Ajeng Ayo nak, ayo teruskan. Bei kamu meniupnya embun-embun yang keras. Sudah tampak kepalanya, ayo, ayo, ayo: uh kowe, ngowe-ngowe (tangisan bayi lahir) tenang-tenang dulu nak, tenang, longgarkan nafasmu. Sudah tekan lagi nak, gigitlah rambutmu, , procot (keluar</p>
--	---

<p><i>lanang, lanang, lanang</i>".</p> <p>Sasak : "Alhamdulillah, nuli rēsikana ibune, mēngko tak adanane (mēnawi estri dipun komati). Mangga Dhi sami sumingkir dhatēng pēndhapa rumiyin".</p> <p>Bēndung : "Mangga".</p> <p>Nyai Ajeng : "Mbok, ususe gēgēlana (dipun urut mēngandhap mēnginggil supados nglēmpak rahipun) mēngko nuli kēthokēn".</p> <p>Sandilata : "Inggih, Ndara Bei, kula nyuwun wēlat dēling wulung ingkang sae, kangge yasa salaminipun, benjing mēnawi kagungan putra malih. Inggih wēlat punika ingkang dipun angge malih, mila wontēn bēbasan; sēdulur tunggal wēlat. Bilih botēn kērsa makatēn kēdah dipun wor kliyan ari-ari kalēbētakēn ing kēndhil".</p> <p>(h.22)Tangkilan : "Iya Mbok, dak gawekake wēlat sing bēcik, lan bakal dak rawti bae. Sakarya(cēkakan: Rēksakarya).</p> <p>Rēksakarya : "Kula".</p> <p>Tangkilan : "Aku gawekna wēlat</p>	<p>ari-arinya) sudah, selamat 3x. we ada penisnya, laki-laki 3x.</p> <p>Sasak Alhamdulillah, segera bersihkan bun nanti saya bacakan azan (kalau wanita dibacakan komat). Mari dik menyingkir ke pendapa dahulu.</p> <p>Bendung Mari.</p> <p>Nyai Ajeng Mbok, ususnya kamu gegeli(diurut naik turun agar darahnya berkumpul) nanti lekas potonglah.</p> <p>Sandilata Iya, tuan Bei. Saya minta welat bambu wulung yang baik. Untuk dipakai selamanya, kelak kalau mempunyai anak lagi. Ya welat itu yang digunakan lagi, maka ada peribahasa: Sadulur tunggal welat. Jika tidak mau demikian harus disatukan dengan ari-ari dimasukkan ke kendil.</p> <p>Tangkilan : "Iya mbok saya buatkan welat yang bagus, dan akan saya rawat saja. Sakarya (singkatan: Reksakarya).</p> <p>Reksakarya Saya.</p> <p>Tangkilan Aku buatkan welat</p>
---	---

<p><i>pring wulung sing bęcik, digawe magas ari-arine si bayek”.</i></p> <p><i>Rěksakarya : “Inggih sěndika. Punika Ndara”.</i></p> <p><i>Tangkilan : “Iki apa ora kěgědhen, lan apa ora kurang landhěp”.</i></p> <p><i>Reksakarya : “Botěn Ndara, sampun prayogi”.</i></p> <p><i>Tangkilan :Nya Mbok, wělate wis kěběněran apa durung?”</i></p> <p><i>Sandilata : “Kaparingakěn, sampun kalěrěsan Ndara. Drug, jupukna empu kunir siji bae kumbahěn sing rěsik karo lading, diěnggo langgěning pangěthoking usus”.</i></p> <p><i>Gědrug : “Engga niki lho”.</i></p> <p><i>Sandilata : “Ladinge mambu brambang, apa ora ko-ambu ta, mau”.</i></p> <p><i>Gědrug : “Botěn pundi kula tlěsěpne ing wit gědhang kajěnge rěsik, mari mambu brambang. Engga mpun mari mambu”.</i></p> <p><i>Sandilata : “Endi. Sampun Ndara Nyai: pusěripun kula kěthok”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng :”Iya wis kěthokěn, aja cěndhak-cěndhak. Gětihe kuwi enggal leletna měnyang lambene</i></p>	<p>bambu wulung yang baik untuk memotong ari-ari si bayi.</p> <p>Reksakarya : “Baik. Ini tuan”.</p> <p>Tangkilan Apakah ini tidak terlalu besar dan apakah tidak kurang tajam?</p> <p>Reksakarya Tidak tuan, sudah baik.</p> <p>Tangkilan Ini mbok welatnya sudah benar apa belum?</p> <p>Sandilata Diberikan. Sudah benar tuan. Drug ambilkan empu kunir satu saja cucilah yang bersih dan pisau dipakai landasan memotong usus.</p> <p>Gedrug : “Ini lho”.</p> <p>Sandilata PISAUNYA bau bawang merah, apa tidak kamu bau ta, tadi?</p> <p>Gedrug : “Tidak, mana saya tancapkan di batang pisang biar bersih, hilang bau bawang merahnya. Ini sudah tidak bau.</p> <p>Sandilata Mana. Sudah tuan nyai, tali pusatnya saya potong</p> <p>Nyai Ajeng Iya, segera kamu potong, jangan pendek-pendek. Darahnya itu</p>
--	--

si bayek, cahyane cikben menger-menger. Kunire kuwi worna ing ari-ari kono bae, mēngko dilēbokake ing kēndhil, wēlate caosna ndaramu cikben dirawati. Si bayek caosna Mas Ayu cikben didandani. Kowe mbumenana madhahi ari-ari”.

(h.23) Sandilata : “Inggih. Drug jupukna kēndhil anyar, ing jēro lambarana godhong senthe, arēp diēnggo wadhah ari-ari ana sajroning bathok bolu (bathok mripatipun dipun taksihakēn). Hara dokokana kēmbang boreh, kēmiri loro gēpak jēndhul (isbatipun jalēr estri) gēreh pethek lan dom, kunire kuwi katutna worēn ing ari-ari, sarta bēras abang lan lēnga wangi, apa dene uyah tuwin gantal sasupit (=rong kēnyeh). Lan suwuna dhuwit sagobang kanggo tindhih, banjur tutupana lemper anyar”.

Gēdrug : “Enggih, nikilo: ěmpun pēpak sedanten”.

Sandilata : “Dokokna ing kono bae dhisik. Ndara Bei kula

segera kamu usapkan ke bibir bayi, biar tampak menger-menger. Kunirnya itu satukan dengan ari-ari saja, nanti dimasukkan ke kendil. Welatnya kamu berikan kepada tuanmu biar dirawat. Bayinya kamu berikan Mas Ayu, biar dirias. Kamu mewadahi ari-ari.

Sandilata Iya. Drug ambilkan kendil baru di dalam, berilah alas daun *senthe*, akan dipakai wadah ari-ari didalam batok bolu (batok matanya masih ada). Berilah bunga boreh, dua kemiri gepak jendul (simbol laki-laki perempuan) gereh pethek dan jarum. Kunirnya itu tempatkan di ari-ari serta beras merah dan minyak wangi. Dan juga garam serta sirih sasupit (dua kenyeh). Serta mintakan uang segobang untuk tambahan kemudian tutuplah tempayan baru.

Gedruk : “Iya, ini sudah lengkap semua.

Sandilata Tarulah disitu saja dahulu. Tuan Bei saya

<p><i>nyuwun sĕratan sastra Ngarab kaliyan Jawi, badhe kula dekek awor kaliyan ari-ari salĕbĕting kĕndhil</i>". <i>Tĕmbene ingkang putra baud ngaji lan baud maca</i>".</p> <p><i>Tangkilan</i> : "Iya, tak tulisake <i>sĕdhela. Nya gilo, wis dadi</i>".</p> <p><i>Sandilata</i> : "Kaparingakĕn. Ndara Bei kula nyuwun <i>mori sakacu kangge buntĕl kĕndhil</i>".</p> <p><i>Nyai Ajĕng</i> : "Lha kuwi wis tak cawisi ana kulonmu <i>cakĕt: ranggehĕn dhewe. Kowe rak wis bisa pujiyane ta mbok</i>".</p> <p><i>Sandilata</i> : "Sampun, mawi <i>sĕkar Mijil: Kakang kawah adhi ari-ari, payo padha nglumpok, mbok niriyah latdiyah den age lajĕngipun kok kesupen Ndara</i>".</p> <p><i>Nyai Ajĕng</i> : "Ya wis ora dadi ngapa. Bei, (h.24)ari-ari iku karĕpmu <i>kĕpriye, apa kolabuh apa kopĕndhĕm, utawa kogantung ana padon omah ing jaba</i>".</p> <p><i>Tangkilan</i> : "Ari-ari kula rumiyin <i>kados pundi</i>".</p> <p><i>Nyai Ajĕng</i> : "Dipĕndhĕm</p>	<p>minta tulisan arab serta jawa, akan saya taruh dengan ari-ari didalam periuk. Kelak ananda pandai mengaji dan membaca.</p> <p>Tangkilan Iya, saya tulisnya sebentar. Ini sudah jadi.</p> <p>Sandilata Diberikan. Tuan Bei, saya minta mori sekacu untuk bungkus kendhil.</p> <p>Nyai Ajeng Nah itu sudah tak siapkan di sebelah baratmu, ambil sendiri. Kamukan sudah bisa doanya kan Mbok.</p> <p>Sandilata Sudah, dengan tembang mijil: <i>kakang kawah adi ari-ari, payo podho ngumpul, mbok ngiriyah wadiyah den age.....</i> terusannya saya kok lupa.</p> <p>Nyai Ajeng Ya sudah, tidak apa-apa. Bei, ari-ari itu maksudmu bagaimana, apakah kamu labuh apa kamu pendem atau digantung atau di tengah rumah di luar?.</p> <p>Tangkilan Ari-ari saya dahulu bagaimana?.</p> <p>Nyai Ajeng Dikubur ayahmu, di</p>
---	--

<p><i>bapakmu ana ing pětamanan buri sor kěmbang kalak.”</i></p> <p><i>Tangkilan : “Kados prayogi dipunpěndhēm kemawon, Bu, boten ngěkathahi padamělan.”</i></p> <p><i>Nyai Ajěng : “Lah wis nuli golekna pacul, pěndhēměn dhewe: kana, dandana sing bēcik sarta nganggo kěris.”</i></p> <p><i>Tangkilan : “Wut, kidhung Bu, bilih měnawi kula mawi macul piyambak”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng : “Kana kosambatke měnyang baturmu, sarta kudu nganggo tindhih dhuwit sětali sawe (= suwang sěprapat), nanging: ngěmban ora kěna yen ora koěmban dhewe”.</i></p> <p><i>Tangkilan : “Ngěmban inggih ngěmban, tiyang sampun kělěrēs, nanging macul bayar tindhih kemawon Bu, tinimbang ngangkat pacul piyambak susah”. Sakarya!</i></p> <p><i>Rěksakarya : “Kula”.</i></p> <p><i>Tangkilan : “Gawe luwangan ngisor kěmuning kulon jamban kae sědhěnging kuwali utawa kěndhil lěmah. Jěrone saasta, gilo nganggo tindhih dhuwite talen, jujule pekěn bae pisan”.</i></p>	<p>taman belakang bawah bunga kalak.</p> <p>Tangkilan Bagaimana kalau dikubur saja bu, tidak terlalu banyak kerjaan.</p> <p>Nyai Ajeng Ya sudah, carikan cangkul, kamu kubur sendiri sana, berpakaianlah yang baik serta mengenakan keris.</p> <p>Tangkilan Wut, ribet bu kalau saya mencangkul sendiri.</p> <p>Nyai Ajeng : “Sana kamu minta kepada abdimu serta harus memakai uang tambahan sekali sawe (suwang seperempat) tetapi menggendong harus kamu sendiri sendiri”.</p> <p>Tangkilan : “Menggendong ya menggendong orang sudah benar tetapi mencangkulnya membayar saja bu daripada mengangkat cangkul sendiri, susah”.Sakarya!</p> <p>Reksa Karya :“Saya.”</p> <p>Tanggihan : “Buatlah lubang di bawah kemuning sebelah barat jamban itu cukup untuk periuk atau kendil tanah. Kedalamannya satu tangan, ini pakai uang tambah suwang seperempat tetapi</p>
---	--

Rĕksakaryta : “*Inggih nuwun*”.

Tangkilan : “*Sampun Bu, punika mangkat*”.

Nyai Ajĕng : “*Wis gilo ěmban- ěmbane, bĕ(h.25)bĕtanmu sambalana kiye. Wug*” (*cĕkakan Riwug*)”.

Riwug : “*Kula*”.

Nyai Ajeng : “*Jarik gringsing ringgit sing tak umbrukake ana pojok lawang kae tilas dinggo tapih ndaramu. Gupak gĕtih, kumbahĕn sing rĕsik iku diarani kopohan, ora bakal diĕnggo maneh mung dirawati bae.*”

Mĕtu-mĕtu nek si bayek ora kĕpenak awake ginawe suwuk kinĕmulake, utawa ginawe kukup. Mĕngko nganggo panĕbus suwang sĕrapat, mulane sing rĕsik olehmu ngumbah”.

Riwug : “*Inggih sĕndika.*”

Mas Ayu : “*Den Bei golekna madu kĕmbang, karo dĕgan kĕmĕruk buntut, sajrone bayi durung bisa nusu mung iku*

uangnya talen kembaliannya ambillah sekalian”.

Reksa Karya : “*Iya terima kasih*”.

Tangkilan : “*Sudah bu ini berangkat*”.

Nyai Ajeng : “*Sudah ini gendongannya, sarungmu tambahkan ini*”. *Wug.* (singkatan dari *Riwug*)

Riwug : “*Saya*”.

Nyai Ajeng : “*Kain gringsing wayang yang saya tempatlan di sudut pintu itu bekas digunakan baju kebaya tuanmu. Terkena darah, cucilah yang bersih. Itu dinamakan kopohan, tidak akan dipakai lagi, hanya dirawat saja. Dikeluarkan kalau sang bayi tidak enak badan, digunakan untuk tolak bala, diselimitkan atau ditutupkan. Nanti ada pengganti suwang seperempat oleh sebab itu kamu mencucinya yang bersih.*

Riwug : “*Ya siap.*”

Mas Ayu : “*Den Bei carilah madu bunga dan kelapa muda. Selama bayi belum bisa minum ASI hanya itu*

<p><i>kang dadi pangane.”</i></p> <p>Tangkilan : “<i>Inggih sěndika, pados madu sěkar punika dhatěng pundi Bu.”</i></p> <p>Mas Ayu : “<i>Nyuwuna měnyang njěro kraton bae. Eyangmu Nyai Adipati Sědhah Mirah městhi kagungan”.</i></p> <p>Tangkilan : “<i>Inggih”.</i></p> <p>Nyai Ajěng : “<i>Wug; Riwug!”</i></p> <p>Riwug : “<i>Kula”.</i></p> <p>Nyai Ajěng : “<i>Amben kulon kae tatanana paturon mujur měngulon, diěnggo ndaramu měngko ngalih mrana, karo paturone si bayek pisan”.</i></p> <p>Riwug : “<i>Inggih sěndika”.</i></p> <p>Nyai Ajěng : “<i>Elho, paturone si bayek athik ana ělor, mujur měngulon, iku ora kěna(h.26). Kudu těngěning biyung dadi ana kidul sarta kudu mujur měngidul. Lihě sědhela. Besok yen si bayek wis dikěloni, iku kěna mujur mangulon, karodene ing dagane sajenana sěga punar lawuhe iwak ati lan ěndhog, sandhingana kěłud lan sapu sada, apadene papon, damar panjěrana aja lali”.</i></p>	<p>yang menjadi makanan”.</p> <p>Tangkilan : “Ya, baik mencari madu bunga itu dimana bu.”</p> <p>Mas Ayu : “Mintalah ke dalam kraton saja. Nenekmu Nyai Adipati Sedah Mirah pasti memiliki”.</p> <p>Tangkilan : “Ya”.</p> <p>Nyai Ajeng : “Wug, Riwug”.</p> <p>Riwug : “Saya.”</p> <p>Nyai Ajeng : “Tempat tidur barat itu aturlah membujur ke barat tuanmu nanti pindah kesana dengan tempat tidurnya si bayi sekalian”.</p> <p>Riwuk : “Ya baiklah”.</p> <p>Nyai Ajeng : “Lo tempat tidurnya si bayi kok di utara, membujur ke barat, itu tidak boleh. Harus disebelah kanan ibunya jadi di selatan serta harus membujur ke selatan. Pindahkan sebentar. Kelak kalau bayi sudah dikeloni, boleh membujur ke barat. Lagipula berilah sesaji nasi punar lauknya hati dan telur, beri sirih, pasanglah cermin, sandingkan kelut dan sapu lidi dan juga <i>papon</i> serta jangan lupa pelita”.</p>
---	--

<p><i>Mas Ayu</i> : “Mbakyu, punika pun bayek sampun kula rēsiki mēntas wawratan, sarta sampun kula mgēndhong”.</p> <p><i>Nyai Ajēng</i> : “Sokur, mangke tinjanipun kalong sampeyan paringakēn dhatēng kula, badhe kula rawati, ing tembe wontēn damēlipun.”</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Inggih. Pun bayek punapa sampun kenging kula tilēmakēn”.</p> <p><i>Nyai Ajēng</i> : “Mangke Dhi, kajēnge dipunadani kakekipun rumiyin. Pak, mang mlēbēt griya, ta, sakēdhap, wayahe niki mang adani kriyin”.</p> <p><i>Sasak</i> : “Iya; ta, kaparingan kēndhi kula adanane”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Sumangga”.</p> <p>(h.27) <i>Adan</i></p> <p style="text-align: center;"><i>Kamat</i></p> <p>(h.28) <i>Mas Ayu</i> : “Ndhuk, nginang-nginanga ta Ngger, aja lēs-lēsan kudu turu bae. (adatipun tētiyang Jawi bilih tiyang estri mēntas gadhah anak: mangka mbliyut badhe tilēm, punika kēdah kacēgah, sumlang kēlajēng pējah)”.</p> <p><i>Raden Nganten</i> : “Sampeyan</p>	<p><i>Mas Ayu</i> : “Kanda, ini bayinya sudah saya bersihkan habis buang, serta sudah saya gendong”.</p> <p><i>Nyai Ajeng</i> : “Syukurlah, nanti tinjanya kamu berikan kepada saya, akan saya rawat, kelak kemudian hari akan ada gunanya”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Ya. Apakah sang bayi boleh saya tidurkan”.</p> <p><i>Nyai Ajeng</i> : “Nanti dulu dik, biar dibacakan adzan oleh kakeknya dulu. Pak masuklah ke rumah sebentar cucunya kamu bacakan adzan dulu.</p> <p><i>Sasak</i> : “Iya baiklah, diberikan kendi saya adzan”.</p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Silakan”.</p> <p style="text-align: center;"><u>Adzan KHOMAT</u></p> <p><i>Mas Ayu</i> : “Nduk bersirihlah jangan malas malasan hanya ingin tidur saja (biasanya orang-orang Jawa kalau seorang wanita setelah melahirkan padahal ingin tidur, itu harus dicegah khawatir kalau kemudian meninggal)”.</p> <p><i>R Nganten</i> : “Kamu buatkan”.</p>
---	--

<p><i>racikakĕn ta</i>”</p> <p>Mas Ayu : “Nya, Mbakyu, pun bayek punapa sampun kenging kula tilĕmakĕn”?</p> <p>Nyai Ajĕng ; “Sampun. Mbok Sandilata, galo wis diturokake ngamben: si bayek. Gĕbyagĕn ta”.</p> <p>Sandilata : “Inggih. Dah, byag, dah, byag, dah, byag”. (swaraning panggĕtak saha swaraning amben, kaping tiga, watakipun ing tembe mbotĕn kagetan</p> <p>Nyai Ajĕng : “Gĕdrug. Mbok Karyaboga undangĕn mrene, arĕp dak prentahi apa-apa”.</p> <p>Gedruk : “Inggih. Mbok kowe ditimbali ndara Sĕpuh”.</p> <p>Karyaboga : “Lĕnggah ana ngĕndi?”</p> <p>Gĕdrug : “Isih ana ing dalĕm”.</p> <p>Nyai Ajĕng a. “Mbok, gawea slamĕtan brokohan, saiki”.</p> <p>Karyaboga b. “Wĕrni mĕnapa Ndara”</p> <p>(h.29) a. “Kĕbangĕtĕn kowe kuwi: busukmu, apa wong wis anak-anak ora sumurup slamĕtan brokohan, sĕga asah”.</p>	<p>Mas Ayu : “Ini, kanda, sang bayi apakah sudah dapat saya tidurkan”.</p> <p>Nyai Ajeng : “Sudah. Mbok Sandilata, si bayi sudah ditidurkan di tempat tidur, kamu <i>gebyak</i>.”</p> <p>Sandilata : “Iya. Dah, byak, dah, byak, dah, byak” (suara membentak dan tempat tidur 3x, wataknya kelak tidak kagetan”).</p> <p>Nyai Ajeng : “Gedruk. Nyai Karyaboga undanglah kesini akan saya beri perintah macam-macam.</p> <p>Gedrug : “Iya. Nyai, kamu dipanggil tuan <i>sepuh</i>.”</p> <p>Karyaboga : “Duduk dimana”.</p> <p>Gedrug : “Masih dirumah”.</p> <p>Nyai Ajeng a. “Mbok buatlah selamatan <i>brokohan</i>, sekarang”.</p> <p>Karyaboga b. Macamnya, apa tuan?</p> <p>a. Terlalu kamu itu bodohmu sudah memunyai anak tidak tahu selamatanbrokohan, nasi asah</p>
---	--

b. “Měnapa ndara, sěkul asah mēnika?”

a. “Kěbangětěn tēmėnan mbok kowe kuwi, wis ta; tak muni bae rungokna. Sěga asah mono sěga Jawa diamběng, diwadhahi ing tampah, iwake kěbo siji, tęgěse: iwak daging sithik, sarupaning jėrowan sėthithik, sarta mata siji, iu aran: iwak kěbo siji. Nibakna dhuwit patuku měnyang jagal, dheweke wis ngėrti. Karo pęcěl pitik jangan mėnir. Ora ngėrti”.

b. “Ngrėtos, ngrėtos ndara, sampun”. (sampun mangėrtos ndara).

Sasak : “Ibune aku tak mulih bae, kowe ngrungkėba kari, aku yen bėngi bali ngėleki”.

Nyai Ajėng : “Mangga mawon mangsa borong ing griya mang dhawahake tėng si Ndhuk mawon”.

Sasak : “Iya”.

Bėndung : “Aku iya ngono Ibune”.

Mas Ayu : “ėnggih”

Mas Ayu : “O, o, Mbakyu, pusėripun pun bayek coplok”.

Nyai Ajėng : ‘Pundi.’”

b. Nasi asah itu apa tuan?

a. terlalu sekali kamu itu mbok, sudahlah saya ngomong dengarkan. Nasi asah itu nasi jawa dibuat ambeng ditempatkan ditampah daging kerbau satu artinya dagin sedikit semua jeroan sedikit-sedikit serta satu mata itu disebut daging satu kerbau. Kamu beri uang pemberian ke jagal ia sudah tahu. Dengan pecel ayam jangan menir. Tidak tahu?

c. “Tahu, tahu tuan, sudah. (sudah tahu tuan).

Sasak : “Bu saya pulang dahulu saja, kamu tinggal disini. Saya kalau malam kembali begadang”.

Nyai Ajeng : “Silakan saja, terserah semuanya di rumah kamu perintahkan kepada Si Nduk saja”.

Sasak : “Iya”.

Bendung : “Saya juga begitu bu”.

Mas Ayu : “Iya”.

Mas Ayu : “O, o, kakanda, tali pusatnya sudah lepas.

Nyai Ajeng ; “Mana.”

<p>Mas ayu : “Punika.”</p> <p>(h.30)Nyai Ajěng : “Sampun puput; punika, kaparingakěn kula gendhongipun. Mbok Jagakarsa: jupukna tenong pědadahan kuwi.”</p> <p>Jagakarsa : “Měnika”.</p> <p>Nyai Ajěng : “Kowe rak wis ndak prentahi ndokoki mrica sajodho ginawe mbutěti bolonging pusěr jěbul kang kodokokake iki: tumbar (cěkakan : kětumbar).</p> <p>Jagakarsa : ”Engět kula tutuping pusěr punika, mėnawi lare jalěr, kětumbar, lare estri mriyos”.</p> <p>Nyai Ajěng a. “Kaelinganmu kuwi kěwalik balejet, bėnėre yen bocah lanang mrica, bocah wadon kětumbar, wista jupukna mrica sajodho bae”.</p> <p>b. ”Inggih punika”.</p> <p>a. ”Kene. Kowe apa wis gawe bubukan sari (jėmbuling sėkar nagasari kagoreng ing sangan lajěng kalawěd)”.</p> <p>b. “Sampun kula dekekakěn ing cupu alit mėnika”.</p> <p>a . “Lungna. (Mrica kěkalih lajěng kalėbětakěn ing</p>	<p>Mas Ayu : “Ini.”</p> <p>Nyai Ajeng : “Sudah puputini diberikan saya gendongnya. Nyai jogokarso ambilkan tenong itu”.</p> <p>Jagakarsa : “Ini”.</p> <p>Nyai Ajeng : “Kamu kan sudah saya perintah untuk memberi 2 (dua) merica, untuk penutup pusar, ternyata yang kamu masukkan ketumbar.</p> <p>Jagakarsa : “Seingat saya penutup tali pusat itu kalau laki-laki ketumbar kalau perempuan merica”.</p> <p>Nyai Ajeng a. “Ingatanmu itu terbalik, yang benar kalau anak laki-laki merica, anak perempuan ketumbar, sudahlah: kamu ambilkan 2 merica saja”.</p> <p>b. “Ya, ini”.</p> <p>a. “Sini. Kamu apakah sudah membuat bubukan sari (pucuk bunga nagasari digoreng sangan kemudian dihaluskan)”.</p> <p>b. Sudah, saya letakkan di tempat kecil itu.</p> <p>a. Berikanlah. (kedua merica kemudian dimasukkan ke</p>
--	--

bolonganing pusěr, kaėnėtakėn ing tangan mawi kauwur-uwuran ing sari rumiyin). Kowe apa wis prigėl dublak, si bayek wis ngumur sėpasar wiwit kėna didublak”.

b. ”Dereng patos prigėl ndara”.

a. ”Wis ta: ulėtna sėga lėmės ing bathok bae sėthhithik, sing lėmbut bangėt, lan bakarna brambang, kambi njupuka gėdhang ambon tuwin gula krambil”.
(h.31)ing salahsawiji warna ulėt-ulėtan sėga lėmės mau gėnti-gėnten, esuk: karo brambang, awan: gėdhang, lan sore: karo gula krambil”.

Jagakarsa : b. ”Inggih sėndika”.

Nyai Ajėng : a ”Mbok Karyaboga”.

Karyaboga : b. ”Kula”.

a. ”Kowe blanjaa mėnyang pasar, ginawe slamėtan sėpasaran, lan kabėněr pupute si bayek. Dhek mau pusėre wis coplok, mėngko bėngi jagongan”.

b. ”Inggih. Wilujėnganipun rak namung sėkul janganan,

lubang tali pusat, ditekan dengan tangan dan ditaburi bunga dahulu). Kamu apakah sudah pandai *ndublag*? Bayinya sudah berumur 5 hari sudah dapat di *dublag*.

b. Belum pandai tuan.

a. Sudahlah, kamu lembutkan nasi di tempurung saja sedikit. Yang sangat lembut. Bakarkan bawang merah sambil ambilkan pisang ambon serta gula kelapa. Pada salahsatu warna nasi lembut itu bergantian pagi: dengan bawang merah, siang dengan pisang dan sore dengan gula kelapa.

Jagakarsa b. Ya baiklah.

Nyai Ajeng a. Nyai Karyaboga.

Karyaboga b. Saya.

a. Kamu belanjalah ke pasar, untuk selamatan 1 pekan dan bertepatan puput sang bayi. Tadi tali pusatnya sudah lepas, nanti malam *jagongan*.

b. Iya. Selamatannya kan hanya nasi sayuran, jenang

<p><i>jěnanġ abrit, jěnanġ baro-baro, tuwin jajanan pasar ta, ndara”.</i></p> <p>a. “Gene kowe wis baut, iya bėnėr kabeh. Wis mėtua, ndaramu Den Bei aturana rene”. (cėkakan: mrene).</p> <p>b. “Inggih. Ndara njėnėngan dipun ibu jėngandika ndara Nyai”.</p> <p>Tangkilan : “Ibu ana ngėndi”.</p> <p>Karyaboga : “Lėnggah wontėn ing gandhok”.</p> <p>Tangkilan : “Wontėn mėnapa bu nimbali”.</p> <p>Nyai Ajėng : “Gilo pusėre anakmu rawatana. Besuk tak kandhani gawene. Karo aja mung mikir bakal dhayohmu mėngko bėngi wae: ta syarat-syarat uga pikirėn”.</p> <p>Tangkilan : b . “Menapa Bu syaratipun”.</p> <p>(h.32)Nyai Ajėng : a. “Omahmu awėrana lawe wėnanġ mubėng. Pipi lawang omah padha dokokana godhong girig godhong widara godhong lolan godhong nanasnganggo loreng-lorengana ģnjėt lan angus</p>	<p>merah, baro-baro dan jajan pasar saja, tun?</p> <p>a. Ternyata kamu pandai, iya benar semua. Sudah keluarlah, tuanmu Bei undanglah ke sini!</p> <p>b. Iya. Tuan, kamu dipanggil oleh ibumu, tuan nyai.</p> <p>Tangkilan Ibu dimana?</p> <p>Karyaboga Duduk di gandok.</p> <p>Tangkilan Ada apa bunda memanggil saya?</p> <p>Nyai Ajeng Ini tali pusat anakmu rawatlah, besok saya kasih tahu gunanya. Dan jangan memikirkan tamu nanti malam saja tetapi perlengkapannya juga kamu pikir.</p> <p>Tangkilan Apa saja perlengkapannya bu?</p> <p>Nyai Ajeng a. Rumahmu kamu pasang benang lawe berkeliling. Pinggir pintu rumah kamu beri daun girang, widara, lolan, nanas, dan kamu loreng-loreng memakai kapur sirih dan jelaga, diselang-seling. Sehingga</p>
---	--

ginawe ělět. Dadi kaya rupane ula wělang, apa dene dokokana ri kěmarung iku dadi panulake sarab sawan aja kongsi wani mlěbu ing omah, karana syarat iku.

b. “*Sarab sawan punika měnapa ta bu, kula rak dereng trang cariyosipun*”.

a. “*Sarab sawan mono saikine lělěmbut, kadadeyan saka anake puthut jantaka, maune arupa kewan*”.

1. *Sapi Gumarang, lugune anake puthut Jantaka.*

2. *Kuthila pos: kadadeyan saka bungkus.*

3. *Celeng děmalung: kadadeyan saka kawah*”.

4. *Asu ajag kadadeyan saka ari-ari.*

5. *Kala srěnggi (bantheng) kadadeyan saka gětih.*

6. *Kalamurta (kěbo): kadadeyan pělěm.*

7. *Kala randing (měnjangan) : kadadeyan saka ilu.*

8. *Kala wělakas (kidang): kadadeyan saka kunir (landhěsan pangěthoking ari-ari).*

9. *Tikus jinadha kadadeyan saka ari-ari.*

10. *Taliwangke kadadeyan saka*

seperti wujud ular welang serta berilah ri kemarung itu sebagai tolakbala sarap-sawan janggan sampai masuk ke rumah. Semoga takut dengan perlengkapan tadi.

b. Sarap-sawan itu apa bu. Saya kan belum jelas ceritanya?

a. Sarap-sawan itu sekarang disebut makhluk halus, terjadi dari anaknya Putut Jantaka, pada mulanya berwujud hewan.

1. Sapi Gumarang. Anak Putut Jantaka.

2. Kutila Pos terjadi dari bungkus.

3. Celeng demalung terjadi dari kawah.

4. Asu ajag terjadi dari ari-ari.

5. Kala srěnggi (bantheng) terjadi dari darah.

6. Kala murto (kerbau) terjadi dari *pelem*.

7. Kala Randing (menjangan) terjadi dari liur.

8. Kala Welakas (kijang) terjadi dari kunir.

9. Tikus Jinada terjadi dari lepasan usus ari-ari.

10. Tali Wangke terjadi dari

ususe ari-ari.

Kabeh iku dadi sarab sawane nggoleki panuksmane Sri (h.33) iku kang kinuya-kuya arēb karabi, sirna dening Wisnu banjur dadi sarab sawan (lělēmbut). Karo gaweya dolanane si bayek kang lair barēng sadina kang mētu ing marga ina, kakang kawah adhi ari-ari, gětih, pusēr klima pancēr.

Tangkilan : b. “Kula inggih dereng sumērēp tēgēsipun, sadherek ingkang lair sadintēn, mēdal ig marga ina mēnika”.

Nyai Ajēng : a. “Wong wis gēnah ngono kok ijih (isih) takon”.

Kakang kawah, tēgēse kawah kang mētu dhisik, adhi ari-ari sak-anaa iya mētu kerī (kari) nuli gětih lan pusēr. Kalimane pancēr: si bayek karodene kuwi rak wis kasēbut ana ing layang kidungan ndhuwur”.

b. “Sampeyan mēnapa apal Bu”.

a. “Apal maneh (pisan)”.
Tēmbange dhandhhanggula: tak urak-urakake”.

usus ari-ari.

Semua itu menjadi sarapsawan bayi mencari karmanya Sri. Itu yang cari-cari akan diperistri lenyap menjadi Dewa Wisnu kemudian menjadi makhluk halus. Dan buatlah mainan untuk bayi yang lahir bersama 1 hari yang keluar dari jalan hina, kakang kawah adi ari-ari, darah, tali pusat dan kelima pusat.

Tangkilan b. Saya juga belum tahu artinya. Saudara yang lahir bersamaan 1 hari keluar jalan hina itu?

Nyai Ajeng a. Sudah jelas begitu kok masih bertanya?

Kakang kawah artinya kawah yang keluar dulu. Adhi ari-ari adanya yang keluar kemudian. Selanjutnya darah dan tali pusat. Yang kelima pancer (utama) yaitu sang bayi. Lagi pula itu kan sudah ada dalam nyanyian.

b. Ibu apakah hafal?

a. Sangat hafal, tembang Dandanggula, dengarkan saya nyanyikan:

Ana kidung kekadang

“Ana kidung kĕkadang
prĕmati, among tuwuh ing
kuwasanira, nganakakĕn
saciptane, kakang kawah
puniku, kang rumĕksa awak
mami, anĕkakakĕn sĕdya, pan
kuwasanipun, adhi ari-ari
sira, amayungi laku
kuwasanireki, angenakakĕn
pangarah”.

“Punang gĕtĭh ing raina wĕngi,
angrowangi Allah kang
kuwasa, andadekakĕn
karsane, pusĕr kuwasanipun,
nguyu-uyu sĕmbawa (1)
mami, nuruti ing panĕdha,
kuwasanireku, jangkĕp
kadangipun papat, kalimane
pancĕr wus dadya sawiji,
nunggal sawujudingwang.

(h.34) Yeku kadangipun kang
umijil, saking marga ina (2)
sarĕng samya, sadina awor
ĕnggone, sakawan
kadangingsun, ingkang nora
umijil saking, marga ina
punika, kumpule lan ingsun,
dadya makdum sarpin sira,
wawayangan ing dat rĕke
dadya kanthi, saparan datan
pisah (3)

Yen angidung poma den mĕmĕtri,

premati, among tuwuh ing
kuwasanira, nganakaken
saciptane, kakang kawah
puniku, kang rumeksa ing
awak mami, anekakaken
sedya, pan kuwasanipun,
adhi ari-ari sira, amayungi
laku kuwasanireki,
angenakken pangarah.

Punang getih ing rahina
wengi, angrowangi Allah
kang kuwasa, andadekaken
karsane, puser
kuwasanipun/ nguyu-uyu
sembawa (1) mami, nuruti
ing panedha, kuwasanireku,
jangkep kadangipun papat,
kalimane pancer wus dadya
sawiji, nunggal
sawujudingwang.

Yeku kadangipun kang
umijil, saking marga ina (2)
sareng samya, sadina awor
enggone, sakawan
kadangingsun, ingkang
nora umijil saking, marga
ina punika, kumpule lan
ingsun, dadya makdum
sarpin sira, wawayangan
ing dat reke dadya kanthi,
saparan datan pisah (3)

Yen angidung poma den memetri,

*mēmulea kang golong lēlima,
takir ponthang wēwadhahe,
iwak-iwakanipun, iwak tasik
rawa myang kali, sarta iwak
bēngawan, mawa gantalipun,
rong supit winungkus samya,
apan dadya satunggal arta
nyadhuwit, sawungkus-
wungkusira.*

*Tumpangēna neng ponthang nyawiji,
dadya limang wungkus
ponthang lima, sinung sēkar
cēpakane, loro
saponthangipun, kēmbang
boreh dupa ywa lali, mēmētri
ujubira, donganipun
Mahmud, poma dipun
lakonana, sabēn dina nuju
kēlairaneki, agung sawabe
uga.*

-
- (1) Nguyu-uyu sēmbawa = mendukung terhadap perihal pantas atau baik.
 - (2) Marga ina = jalan hina (keluar dari alat vital wanita)
 - (3)
 - (4) Wayangan putih = mayangga putih (lihat di wirit)

*(h.35)Balik lamun nora den
lakoni, kadangira kang*

*memulea kang golong
lelima, takir ponthang
wewadhahe, iwak-
iwakanipun, iwak tasik
rawa myang kali, sarta
iwak bengawan, mawa
gantalipun, rong supit
winungkus samya, apan
dadya satunggal arta
nyadhuwit, sawungkus-
wungkusira.*

*Tumpangena neng ponthang
nyawiji, dadya limang
wungkus ponthang lima,
sinung sekar cepakane, loro
saponthangipun, kembang
boreh dupa ywa lali,
memetri ujubira,
donganipun Mahmud, poma
dipun lakonana, saben dina
nuju kelairaneki, agung
sawabe uga.*

-
- (1) Nguyu-uyu sembawa = mendukung terhadap perihal pantas atau baik.
 - (2) Marga ina = jalan hina (keluar dari alat vital wanita)
 - (3) Wayangan putih = mayangga putih (lihat di wirit)

*Balik lamun nora den
lakoni, kadangira kang*

padha ngrĕncana, tĕmah udrasa ciptane, sasĕdyanira wurung, lawan luput pangarahneki, sakarĕpira wigar, gagar tanpa antuk, singkurang tumĕmĕnira, madhĕp laku iku den awas den eling, tamating kakidungan.

Tangkilan b. *“Sapunika kula sampun mangĕrtos. Mĕnggah dolananipun punika rak inggih salimrahipun kemawon ta, Bu. Kados ta umbul-umbul gĕndera, songsong, sami dlancang sarta kĕrisan tuwin tumbakan diputancĕbakĕn ing gĕdĕbog”.*

Nyai Ajĕng a. *“Iya kaya mangkono kuwi, karo mĕngko bakda ngisa’ nganggo ngunekna mrĕcon tandha yen wis puput”.*

b. *Inggih. Kala Mbok Sandilata madhahi ari-ari ing kĕndhil rumiyin mĕnika mawi puji, nanging botĕn dumugi, aturipun dhatĕng sampeyan: supe lajĕngipun, punika sampeyan punapa inggih sagĕd: Bu”.*

a. *“Bisa maneh. (pisan)*

padha ngrencana, temah udrasa ciptane, sasedyanira wurung, lawan luput pangarahneki, sakarepira wigar, gagar tanpa antuk, singkurang tumemenira, madhep h emohlaku iku den awas den eling, tamating kakidungan.

Tangkilan b. Sekarang saya sudah tahu. Adapun permainannya itu kan pada umumnya saja kan Bu, seperti: bendera umbul-umbul, payung, dan lentera serta keris danjuga tombak-tombakan ditancapkan di batang pisang.

Nyai Ajeng a. Ya seperti itu dan nanti setelah salat Isa pakai bunyikan mercon sebagai pertanda sudah puput (lepas tali pusatnya).

b. Ya. ketika Nyai Sandilata mewadahi ari-ari di periuk itu dengan membaca doa tetapi tidak selesai, mengatakan kepadamu lupa kelanjutannya. Hal itu ibu apakah juga dapat?

a. Sangat bisa.

suwargadi, bathok isi konyoh, bathok tasik tapel myang pupuke, ana nggawa bokor lawan kēndhi, ana nggawa maning, kēbut lawan payung.

Widadari gumrubyug nuruni, pra samya amomong, ana tunggu ing kanan keringe, ana nggawa kasur lawan guling, kajang sirah adi, kēm̄ul sutra alus.

Yen ana bayi nangis ing wēngi, binēktaa gupoh, marang latar pojok lor prēnahe, pra lēluhur rawuh anyuwuki, mēnēng aja nangis, jabang bayi turu.

Tangkilan : b. “Nuwun Bu”.

Nyai Ajeng : “Mbok Jaga”.

Jagakarsa : b. “Kula”.

a. “Kowe sing rada rigēn, mēngko si bayek rak dipangku para sēpuh gēnta-gēnti sawēngi, ēsuk lagek kēna diturokake, ing piturone dokokana srana, kowe rak wis sumurup adate ta”.

b. (h.37)“Sampun”.

a. “Apa”.

b. “Gandhik kacoret ing apu kaistha tiyang mawi irung, cangkēm̄ tuwin mata, lajēng

suwargadi, bathok isi konyoh, bathok tasik tapel myang pupuke, ana nggawa bokor lawan kendhi, ana nggawa maning, kebut lawan payung.

Widadari gumrubyug nuruni, pra samya amomong, ana tunggu ing kanan keringe, ana nggawa kasur lawan guling, kajang sirah adi, kemul sutra alus.

Yen ana bayi nangis ing wengi, binektaa gupoh, marang latar pojok lor prenahe, pra leluhur rawuh anyuwuki, meneng aja nangis, jabang bayi turu.

Tangkilan b. Terima kasih Bu.

Nyai Ajeng a. Nyai Jaga.

Jagakarsa b. Saya.

a. Kamu yang agak ulet. Nanti sang bayi kan dipangku orang-orang tua bergantian semalam. Pagi hari baru boleh ditidurkan, di tempat tidurnya berilah perlengkapan. Kamu kan sudah tahu biasanya, kan?

b. Sudah.

a. Apa?

b. Gandik dicoret-coret dengan apu dibentuk seperti orang ada hidung, mulut serta mata,

<p><i>dipun gendhong cara bayi. Katilëmakën ing pasareyanipun ingkang wayah, wonten ing tampah kalemakën godhong senthe. Punapa inggih makatën”.</i></p> <p>a. <i>“He-eh, wis këbënëran”.</i></p> <p>b. <i>“Ambak-mbak kula dereng sumërëp tęgësipun, among grubyug timba piwulanging titiyang sěpuh makaten”.</i></p> <p>a. <i>Tęgëse srana mau męngkene, pupating bayio mau sarab sawan padha tęka. Sire aręp ngęrah utawa misesa bayi ora sumurup kěliru gandhik nganti sawęngi tanpa dadi. Gandhik ora pasah kinęrah, banjur padha lunga kapok ora bali-bali, ora wěruh yen bayine ora ana ing paturon pinangku ingwang”.</i></p> <p><i>Jagakarsa : “Kok busuk nggih ndara lělëmbat punika, taksih kenging dipunapusi”.</i></p> <p><i>Nyai Ajęng : “Iku dhęmit dhek jaman kuna, yen saiki ayake wisp pintěr-pintěr. Pak, wayahe si bayek mang wěsiyati nama: ta, niki ěmpun sěpěkën sarta ěmpun puput”.</i></p> <p><i>Sasak : “Iya ta, bęcike njupuka</i></p>	<p>kemudiana digendong seperti bayi. Ditidurkan di tempat tidurnya cucu tuan di tampah diberi alas daun lumbu. Apakah demikian”.</p> <p>a. He eh sudah benar.</p> <p>b. Kira-kira saya belum tahu artinya, hanya ikutan ajaran para leluhur demikian.</p> <p>a. Artinya perlengkapan itu tadi demikian: ga, gawea slametan jenang pada lepasnya tali pusat bayi itu sarap-sawan datang. Maksudnya ingin memangsa atau menganiaya sang bayi, tidak tahu (dan) keliru gandik, sampai semalam tidak berhasil keinginannya. Gandik tidak apa-apa dianiaya, kemudian pergi tidak kembali, tidak tahu kalau bayinya tidak di tempat tidur, dipangku orang.</p> <p>Jagakarsa Kok bodoh ya tuan makhluk halus itu, masih dapat ditipu.</p> <p>Nyai Ajeng Itu makhluk halus jaman kuna, kalau sekarang kiranya sudah pandai-pandai. Pak, cucunya kamu beri nama siapa, ini sudah 5 hari dan sudah puput.</p> <p>Sasak Iya, sebaiknya ambilkan</p>
---	--

jěņenge bapak biyunge, tak jě(h.38)něngake Raden Bagus Suwarna bae, prayoga”.

Nyai Ajěng : “Enggih, kula ěmpun ndherek rěměņ.Bei, anakmu diparingi jěņěng Raden Bagus Suwarna”.

Tangkilan : “Inggih nuwun”.

Nyai Ajeng : “Mbok Karyaboga gawe slamětan jěņang abang, ginawe nylaměti kěpyakan jěņěng si bayek, kaarana Raden Bagus Suwarna”.

Karyaboga : “Inggih sěndika”.

Tangkilan a. “Sastraubaya gawe layang ulěm-ulěm měnyang kanca sawatara, ana priyayi sělawe, gědhene měnyang tělungpuluh. Ngaturi uninga olehku duwe anak, lan měngko běņgi kěběņr sěpasare, tak aturi pinarak tirakatan. Ulěm sěmono mau těka sěparo bae wis běja”.

Sastraubaya b. “Mugi kaparingan ngengreng”.

a. “Lah mbok uwis kono ko urěg-urěg dhewe, měngko tak owahane yen kurang kěpenak”.

b. Inggih sěndika”.

Sěrat saha ingkang taklim, Ngabei Tangkilan katur

nama ayah ibunya. (h.38)

Saya namakan R Bagus Suwarna saja. Baik.

Nyai Ajeng Iya, saya sudah ikut senang. Bei, anakmu diberi nama R Bagus Suwarna.

Tangkilan Iya, terima kasih.

Nyai Ajeng Nyai Karyaboga, buatlah selamatan jenang merah, untuk selamatan nama sang bayi, dinamakan Raden Bagus Suwarna.

Karyaboga Iya, baik.

Tangkilan a. Sastraubaya buatlah undanan kepada beberapa teman, kira-kira 25 sampai 30. Memberitahu saya mempunyai anak dan nanti malam bertepatan 5 hari. Saya undang *tirakatan*. Undangan sejumlah itu datang setengahnya saja sudah baik.

Sastraubaya b. Mohon diberi rancangan.

a. Nah, sudahlah kamu rancang sendiri, nanti saya ubahnya kalau kurang baik.

b. Iya, baik.

Surat serta salam, Ngabei Tangkilan kepada beliau

<p><i>panjĕnĕnganipun ingkang rayi Raden Ngabei Dĕmang Malang.</i></p> <p><i>Sasampunipun kadya punika, wiyosipun, kula ngaturi uninga nalika</i></p> <p><i>Tiyang estri rencang lare mĕdal (h.39)jalĕr, saking pangestu sampeyan sami ginanjar wilujĕng sadayanipun.</i></p> <p><i>Inkang punika mĕnawi ndadosakĕn dhanganing pĕnggalih saha sĕla padamĕlan, ing mangke dalu panjĕnĕngan sampeyan kula aturi pinarak tirakatan dhumatĕng ing griya kula, sangĕt ing pangajĕng-ajĕng kula.</i></p> <p><i>Kasĕrat kaping,</i></p> <p><i>Inkang raka Ngabei</i></p> <p><i>b.Punika sampun”.</i></p> <p><i>a. “ Kĕna wis kĕpenak kabeh, mung tĕmbung pangestu, salinana pamuji, awit kaprĕnah nom, yen kaprĕnah tuwa nganggo tĕmbung: pangestu. Banjur pacakĕn, yen wis rampung kabeh bae, tak tĕkĕne”.</i></p>	<p>adinda Raden Ngabei Demang Malang.</p> <p>Setelahnya, keperluananya, saya memberitahukan pada</p> <p>istri saya melahirkan anak laki-laki. Berkat doa restu tuan diberi keselamatan semuanya.</p> <p>Oleh sebab itu jika berkenan di hati serta ada waktu, pada malam hari nanti, tuan saya undang datang tirakatan di rumah saya. Saya berharap dengan sangat.</p> <p>Ditulis pada,.....</p> <p>Kakanda Ngabei</p> <p>b. ini sudah.</p> <p>a. Boleh, sudah enak semua, hanya kata pangestu gantilah pamuji, sebab untuk yang muda, kalau yang tua memakai kata pangestu. Kemudian</p>
--	---

<p>Sastraubaya “<i>Inggih sëndika</i>”.</p> <p>Sasak “<i>Bei kowe apa nganggo ngatur-aturi</i>”?</p> <p>Tangkilan “<i>Botěn namung kanca sawatawis</i>”.</p> <p>Sastraubaya “<i>Punika panggarap kula ulēm-ulēm sampun rampung</i>”.</p> <p>Tangkilan “<i>Endi tak tēkēne kabeh</i>”.</p> <p>Nya, <i>banjur lakokna saiki.</i></p> <p>Panakwan <i>bae kabeh koněn nglakokake, warahěn, yen tiněmu sare, koněn ninggal aja diěnteni</i>”.</p> <p>(h.40)Sastraubaya “<i>Glěděk “Iya taheg, glědhěg punika kados rayi sampeyan Bapak Běndung rawuh</i>”.</p> <p>Sasak “<i>Pěthukěn: ta</i>”.</p> <p>Tangkilan “<i>Nun inggih. Punika raka jěngandika sampun rawuh lěnggah wontěn ing griya, lajěng dhatěng ing griya kemawon rumiyin</i>”.</p> <p>Běndung “<i>Apa wis suwe, kangmas rawuhe</i>”. (<i>rawuhe kangmas apa wis suwe</i>)</p> <p>Tangkilan “<i>Dereng dangu</i>”.</p> <p>Sasak “<i>Ngriki Dhi, cělak kula</i></p>	<p>tulislah, kalau sudah selesai semuanya, saya tandatangani.</p> <p>Sastraubaya Iya, baik.</p> <p>Sasak Bei, apakah kamu pakai mengundang (tamu)?</p> <p>Tangkilan Tidak hanya beberapa teman.</p> <p>Sastraubaya Ini penulisannya undangannya sudah selesai.</p> <p>Tangkilan Mana, saya tandatangani semua. Ini, kemudian kamu edarkan. Semua panakawan perintahkan, berilah caranya, kalau bertemu sedang tidur, perintahkan meninggalkan saja jangan ditunggu.</p> <p>Sastraubaya Gledeg, gledeg itu tampaknya adik tuan Bapak Bendung datang.</p> <p>Sasak Jemputlah.</p> <p>Tangkilan Iya. Itu kakakmu sudah datang duduk di dalam rumah, langsung masuk ke rumah saja dahulu.</p> <p>Bendung Apakah sudah lama, kedatangan kakanda?</p> <p>Tangkilan Belum lama.</p> <p>Sasak Kesini dik, dekat saya saja..</p>
--	---

<p><i>kemawon</i>".</p> <p><i>Bëndung "Inggih Den Bei. Mětua nekana dhayoh, aku ana ngomah bae wong wis tuwa nek ngewuh-ewuhi bëcik tunggu bayi bae karo kangmas".</i></p> <p><i>Tangkilan "Nun inggih".</i></p> <p><i>Nyai Ajěng "Pak samang mangku kriyìn ta, didaměl sarat mangke tumuntěn kang rayi, tumuntěn ibu-ibune, kula ngantuni mawon, mangkěl pukul-pukul tiga panggenan mbliyt".</i></p> <p><i>Sasak "Iya ta, sing duwe putu lanang gathot sapa, athik nganggo wědi mbliyt".</i></p> <p><i>Nyai Ajěng "Milane".</i></p> <p><i>Tangkilan a. "Mangga-mangga, kados sěmadosan gumrubyug sěsarěngan".</i></p> <p><i>Tamu-tamu b. "Lasar inggih kangsen kala wingi sagěda sarěng dhatěng (h.41)pukul sanga botěn wontěn ingkang brondong".</i></p> <p><i>a. "Mangga wedangipun sami kaunjuk".</i></p> <p><i>b. "Inggih".</i></p> <p><i>a. Kěparěng lěnggah kasukan kangmas".</i></p> <p><i>b. "Prayogi, nanging kula Pei kemawon".</i></p>	<p>Bendung Iya Den Bei. Keluarlah, jika ada tamu. Saya di dalam saja, merepotkan, lebih baik menunggu bayi.</p> <p>Tangkilan Iya.</p> <p>Nyai Ajeng Pak, pangkulah dahulu sebagai syarat nanti kemudian adimu, serta ibu-ibunya. Saya belakangan saja, nanti kira-kira jam 3 waktu mengantuk.</p> <p>Sasak Iyalah, yang mempunyai cucu laki-laki gagah siapa, pakai takut mengantuk segala.</p> <p>Nyai Ajeng Makanya.</p> <p>Tangkilan a. Silakan, silakan, tampak janji datang bersama-sama?</p> <p>Tamu-tamu b. Memang kemarin sudah janji biar dapat datang bersama-sama jam 9, tidak ada yang brondong.</p> <p>a. Silakan minumannya diminum.</p> <p>b. Iya.</p> <p>a. Sudah duduk ingin apa kanda?</p> <p>b. Baik, tetapi saya pei saja.</p>
--	--

<p>a. "Adhi". b. "Kula sĕtotĕr: Kangmas". Tangkilan "Pun Anak". Tamu-tamu "Kula kĕrtu gangsal Bapak". Tangkilan "Mangke-mangke kula tatanipun, tamu wontĕn 20. Inkang lĕnggah sĕtotĕr 8 Kĕrtu gangsal 5 Pei kalih bangku 6</p> <hr/> <p>Gunggung 19 Kantun 1 Gampil mlĕbĕt dhatĕng kĕrtu gangsal inggih kenging, dados nĕman, gundhul dados dika, nama pĕtikan. Mlĕbĕt dhatĕng sĕtotĕr inggih kenging, dados sangan. Bilih inkang ngabĕn sampun wolon, inkang ngasut botĕn kenging ngabĕn, sanadyan wĕwah". Tamu-tamu "Sampun". (h.42) "Sĕtotĕranipun kĕmawon inkang sangan". "Prayogi". "Mangga wiwit tapuk". "Mangga".</p>	<p>a. Adik? b. Saya setoter kak. Tangkilan Ananda? Tamu-tamu Saya kartu 5 pak! Tangkilan Sebentar, saya aturnya dahulu, tamu ada 20 yang setoter 8, kartu 5 ada 5 orang dan <u>pei 2 bangku 6 orang.</u> Jumlahnya 19 orang. Tinggal 1 orang. Mudah masuk/ikut ke kartu 5 juga bisa, menjadi enaman, gundul menjadi dika, disebut petikan. Ikut ke setoter juga boleh, menjadi 9 bila yang mengadu sudah 8 yang ngasut tidak boleh mengadu, walau berubah. Tamu-tamu Sudah. Setoternya saja yang 9-an. Baik Mari mulai bermain. Mari.</p>
<p>Halaman 64 (h.64) Nyai Ajĕng "Mbok Karyaboga, mĕngkokowe gawea</p>	<p>(h.43-h.44 permainan setoter h.45-h.46 kartu 5, 47 Pei. Nyai Ajeng "Nyai Karyaboga, nanti kamu buat selamatan</p>

<p><i>ambĕngan slamĕtan sĕpasaran</i>".</p> <p>Karyaboga "Inggih sĕndika. Rak namung sĕkul janganan (tumpĕng) jĕnang (abrit, pĕthak, baro- baro) kaliyan jajan pasar kemawon ta, Ndara".</p> <p>Nyai Ajĕng "Iya, Pak, Pak, kula ajĕng mantuk ngasokake badan wong ĕmpun sĕpĕkĕn prasasat botĕn sagĕd nglĕgeyeh, gĕntosan kalih keng rayi Mas Ayu Bĕndung. Beda kalih sampeyan tuwin kĕng rayi Mas Bei Bĕndung mung rawuh sabĕn dalu mawon, sanadyan nunggoni, nanging bĕdhug ĕmpun bibar".</p> <p>Sasak "Iya: ta, wong wis jĕnĕng ora ana pĕgawean. Pamonge si bayek uwis ana: Mbok Jagakarsa, sarta esok sore isih dinadah ing dhukun Mbok Sandilata, bakal nganti sĕlapan dina, kaya wis ora ana kang dadi ati".</p> <p>Mas Ayu "Kula inggih ndherek badhe mantuk: Mbakyu, pancen badhe kumĕcap nyuwun pamit ing sampeyan, kasĕlak sampeyan ngandika badhe kondur".</p>	<p>5 hari.</p> <p>Karyaboga "Iya baik. Kan hanya nasi sayuran (tumpeng) jenang (merah, putih, baro-baro) dan jajan pasar saja kan, tuan".</p> <p>Nyai Ajeng "Iya. Pak, Pak, saya akan pulang mengistirahakan badan, sudah 5 hari bagaikan tidak dapat beristirahat, gantian dengan adik, Mas Ayu Bendung. Beda dengan kamu dan Dik Mas Bei Bendung hanya datang setiap malam saja, walau berjaga tetapi tengah hari sudah selesai.</p> <p>Sasak "Iyalah, danjuga sudah tidak ada pekerjaannya. Yang mengasuh sang bayi sudah ada, nyai Jagakarsa serta pagi dan sore dipijat oleh Dukun Nyai Sandilata akan sampai 35 hari, tampaknya sudah tidak ada yang dipikirkan.</p> <p>Mas Ayu "Saya juga ikut pulang kanda, sebenarnya juga sudah akan minta pamit kepadamu, disusul kamu berkata akan pulang".</p>
---	---

<p>(h.65) Nyai Ajěng “Inggih ta”.</p> <p>Mas Ayu “Sayěktos Mbakyu, kaliyan kang rayi dintěn mēnika badhe saos”.</p> <p>Sasak “Ayo, ta, saiki bae sisan mētu Pasar Kliwon, ngiras ngampirake adhimu Mas Ayu. Wis ta ndhuk, aku mulih karo ibu-ibumu. Bojomu isih turu ana ing pendhapa, karipan olehe němoni dhayoh mau běngi”.</p> <p>Raden Nganten “Inggih. Ibu benjing enjing kula aturi wangsul”.</p> <p>Nyai Ajěng “Apa niat mulih mung diěnggo syarat bae”.</p> <p>Raden Nganten “Mang mawon ta: B”.</p> <p>Mas Ayu “Suthik”.</p> <p>Raden Nganten “Mbok Karyaboga, dina iki sėlapane putumu Den Bagus, gawea slamėtan tumpěng lan inthuk-inthuk (bathok bolu = bolong ngandhap dipunlambari godhong lajěng dipundekeki arěng jati sarta katul, lajěng dipunselehi uncit = pucuk tumpěng. Pucukipun dipuntancěpi brambang tuwin Lombok abrit, tigan gumlundhung). Sajekna ing</p>	<p>Nyai Ajen “Iya”.</p> <p>Mas Ayu “Benar kakanda, dan adikmu hari ini akan piket”.</p> <p>Sasak “Ayolah, sekarang saja sekalian lewat Pasar Kliwon, sambil mengantarkan adikmu, Mas Ayu. Sudah nak, aku pulang dengan ibumu. Suamimu masih tidur di pendapa, kesiangan karena menemui tamu tadi malam”.</p> <p>Raden Nganten “Iya. Ibu besok saya harapkan datang lagi”.</p> <p>Nyai Ajeng “Apakah pulang hanya sebagai syarat saja”.</p> <p>R Nganten “Biar saja, Bu”.</p> <p>Mas Ayu “Tidak mau”.</p> <p>Raden Nganten “Nyai Karyaboga. Hari ini 35 hari cucumu Den Bagus, buatlah selamatan tumpeng dan inthuk-inthuk (bathok bolu = berlubang di bawah dan diberi alas daun kemudian diberi arang jati serta katul, kemudian diberi uncet/puncuk tumpeng. Ujungnya ditancapkan bawnag merah dan cabai</p>
--	--

<p><i>dagan paturoning bayi, tumpangna ing papon.</i></p> <p><i>Lan sabanjure ing tembe buri yen thole kanginan gawekna inthuk-inthuk kaya mēngkono, ora susah tak prentahi maneh.</i></p> <p><i>Mangkono maneh sabēn wētone tinēmu ganjil, kayata: 3, 5, 7, 9 lapan, (h.66)gawekna tumpēng kaya saiki. Nanging yen tinēmu ganēp 2, 4, 6, 8, 10 lapan, ora, mung tukokna sēga janganan bae: sētēlon (3 1/2 dhuwit) awit wētone sithole Sēlasa Lēgi, upama Sētu Paing iya 9 dhuwit. Mēngko sēdhela sibu rak nuli rawuh: yen durung korakit, kowe didukani”.</i></p> <p><i>Karyaboga “Inggih sēndika (kreteg-kreteg) punika kados swaraning kreta, lha inggih ibu jēngandika rawuh. Kula mēdal : Ndara”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Iya”.</i></p> <p><i>Nyai Ajēng “Ndhuk si Thole ěndi”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Dipun ěmban pun Riwug, wontēn ngempēr kilen, kados badhe tilēm”.</i></p> <p><i>Nyai Ajēng “Kēbēnēran arēp dak</i></p>	<p>serta telur utuh. Sajikanlah ditempat nya si bayi, tumpangkan di atas <i>papon</i>.</p> <p>Kelak jika bayi masuk angin dibuatkan <i>inthuk-inthuk</i> seperti itu, tidak perlu saya suruh lag.</p> <p>Demikian lagi tiap hari lahirnya berjumlah ganjil 3, 5, 7, 9 x 35 hari (h.66) buatkan tumpeng seperti sekarang ini. Tetapi kalau genap 2, 4, 6, 8, 10 x 35 hanya belikan nasi sayur saja seharga 1/3 (3,5 dhuwit). Karena hari lahirnya Selasa Legi seumpama Sabtu Paing ya 9 dhuwit. Nanti sebentar ibu kan datang, kalau belum kamu buat, kan dimarahi’.</p> <p>Karyaboga “Iya.(kreteg-kreteg) itu kelihatannya suara kereta. Iya, ibu tuan datang. Saya keluar, tuan”.</p> <p>R Nganten “Iya”.</p> <p>Nyai Ajeng “Nduk, si tole mana”.</p> <p>R Nganten “Diemban Nyai Riwug, di serambi barat, kelihatannya akan tidur”.</p> <p>Nyai Ajeng “Kebetulan akan</p>
--	--

cukur. Iki wětone (sēlapan dintěn) sarta wis dak sangokake lading panyukuran pisan, dak mrana bae sēdhela. Endi Wug, dak cukure”.

Riwug “Mangga”.

“E, Sedhēt, jupukna sabuk kae di rikat”.

Sedhēt “Inggih, punika”.

Nyai Ajěng “Lah wis bagus, rēsik durung ngililir. Bei”.

Tangkilan “Kula”.

Nyai Ajěng “Gilo, iki rambute anakmu cukuran sēpisan rawatana, (h.67)tunggalna dadi siji karo taine kalong lan coplokane pusēr. Pěrlune ing tēmba buri yen anakmu wis gēdhe, gawekna giligan mas utawa suwasa, bobote sa-tai kalong lan sarambut cukuran sēpisan winor dadi siji. Dene coplokane pusēr iku: yen ana karepe anakmu dhēměn marang aji jaya kawijayan, kadigdayan lan kanuragan’ ora tēdhas tapakpaluning pandhe sisaning gurenda, coplokane pusēr iku den untala. Insa Allah dadi kēdhotan. Sakehing gēgaman kang tumiba ing awake mēsthi kalis ora bisa tumama. Karo dene maneh bakal aduse patangpuluh dinane

saya cukur. Ini hari lahirnya serta sudah saya bawakan pisau cukur sekalian. Saya ke sana saja sebentar. Mana Wug, saya cukurnya”.

Riwug “Silakan”.

“E, Sedhet, cepat ambilkan ikat pinggang itu.

Sedhet “Iya”.

Nyai Ajeng “Nah sudah bagus, bersih belum bangun. Bei”!

Tangkilan “Saya”.

Nyai Ajeng “Ini, cukuran pertama rambutnya anakmu, rawatlah, (h.67)satukan dengan tinja kalong dan lepasan tali pusat. Manfaatnya kelak kalau anakmu sudah besar, buatkan emas atau swasa seberat tinja kalong dan rambut pertama. Adapun lepasan tali pusat, kalau anakmu senang kesaktian, tidak mempan oleh senjata, lepasan tali pusat ini dimakan, insya Allah kedhotan. Semua senjata yang mengenai di tubuhnya tidak dapat melukai. Serta akan mandinya 40 hari istrimu hanya tinggal 4 hari lagi, itu kamu buat besar

<p><i>bojomu: mung kurang patang dina, iku kogédhe apa ora”.</i></p> <p><i>Tangkilan “Mbok inggih namung mēndhēt pērlunipun kemawon, kados pundi.</i></p> <p><i>Namung wilujēngan sēkul janganan sarta ngaturi para sēpuh sawatawis nguningani ing adusipun. Tiyang kala tingkēban sampun kaagēngakēn; kalih dene malih adus kawan dasa dintēn kaagēngakēn punika rak anggenipun tiyang agēng. Mēnawi tiyang alit ingkang kaagēngakēn tingkēban: ewadene kula namung ndherek kērsanipun ibu”.</i></p> <p><i>Nyai Ajēng “Iya ta, wis, mung dijupuk pērlune bae”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Mbok Karyaboga, kowe (h.68)mēngko gawea slamētan sēga janganan (tumpēng) kaya adat. Lan kowe Mbok Jagakarsa gaweya banyu asēm nganggo kēmbang wangi-wangi: banjur dokokna ing jamban pasiraman kulon. Mēngko aku arēp adus kramas kabēnēr patangpuluh dina, ibu-ibu kang bakal rawuh mrene”. (botēn kacariyos patrapipun, amargi namung adus salimrahipun kemawon. Namun</i></p>	<p>apa tidak?</p> <p>Tangkilan “Sebaiknya hanya seperlunya saja, bagaimana”?</p> <p>Hanya selamatan nasi sayuran dan mengundang beberapa orang-orang tua melihat mandinya. Ketika tingkeban sudah dibuat besar, lagipula mandi 40 hari dibuat besar itu kan untuk orang besar. Kalau orang kecil yang dibuat besar adalah tingkeban, namun demikian saya hanya ikut kehendak ibu”.</p> <p>Nyai Ajeng “Ya sudahlah, diambil seperlunya saja”.</p> <p>Raden Nganten “Nyai Karyaboga, kamu nanti membuat selamatan nasi sayuran tumpeng seperti biasanya. Dan kamu, Nyai Jagakarsa buatlah air asam memakai bunga yang wangi-wangi, kemudian berikan di jamban mandi sebelah barat”.</p> <p>Nanti saya akan mandi keramas bertepatan 40 hari, ibu-ibu yang akan datang ke sini.(tidak diceritakan</p>
---	--

kaot wontĕn ing toya sĕkar sĕtaman; sarta lajĕng ngadi busana agĕganda, agĕlung sĕkar, punika wiwitiipun kenging tinunggil tilĕm dhatĕng ingkang jalĕr)

(wilujĕngan 2, 3, 4, 5, 6 lapan, kĕjawi sĕkul janganan: botĕn wontĕn, mila botĕn kacariyos).

Raden Nganten “Mbok Karyaboga mĕngko nĕm lapan, utawa pitung wĕtone putumu Den Bagus: tumbuk wuku (tingalan pawukon, wolung wulan lumampah = 7 wulan 3 utawi 4 dinten) bakal mudhun lĕmah, gaweya slamĕtan sĕga janganan kaya adat, lan gawea juwadah 7 tĕtĕl wĕrna 7, abang, irĕng, biru, putih, (kuning)? wungu lan jambon tĕtĕlane sing cilik-cilik bae, wis ta nuli lakonana”.

Karyaboga “Inggih punika”.

Paribayungan “Kulanuwun Ndara”.

Tangkilan “Majua bae, Pak”.

(h.69)Paribayungan b. “Nun, sampun Ndara”. Punika kula ngaturakĕn pamundhut sampeyan uwos para dhahar sarta kambangan tuwin

perilakunya, karena hanya mandi biasa saja. Hanya berbeda pada air bunga setaman: serta kemudian berpakaian harum, berkonde bunga, itu awal boleh tidur bersama dengan suaminya)

(selamatan 2, 3, 4, 5, 6 lapan selain nasi sayuran tidak ada maka tidak diceritakan)

Raden Nganten “Nyai Karyaboga nanti 6 lapan atau 7x hari kelahiran cucumu, Den Bagus : tumbuk wuku (7 bulan 3-4 hari) akan turun ke tanah, buatlah selamatan nasi sayuran seperti biasanya, dan buatlah 7 jadah tetel 7 warna merah, hitam, biru, putih, kuning, ungu dan merah jambu. Tetelannya yang kecil-kecil saja, sudah segera laksanakan”.

Karyaboga “Iya baik”.

Paribayungan “Permisi tuan”.

Tangkilan “Maju saja Pak”.

Paribayungan b. “Iya, sudah tuan”.

Ini saya memberikan pembelian tuan, beras diberikan beras dimakan tamu serta itik serta ayam,

*sambĕran, kangge wilujĕngan
pitung lapanipun putra
sampeyan.*

*Kaliyan pantun tuwin jujutan
sĕkĕdhik: punapa dene rosan
rĕjuna tigang lonjor, kangge
isarat mĕdhun siti. Punapa dene
malih kula ngaturakĕn
pasumbang babaran sĕprapat
paos”.*

a. *“Bĕrase pirang dangan,
Pak”.*

b. *“Ingkang para 10 bethakan,
ingkang dhahar 5 bĕthakan”.*

a. *“Bebek pitike”.*

b. *“Kambang 2, sambĕran
kĕmanggang 4”.*

a. *“Wis cukup sĕmono bae.
Bĕras, bebek, pitike pasrahna
mbok Karyaboga. Tĕbune
gawenĕn andha, kang rong
lonjor dadi adĕg-adĕg, kang
sĕlonjor kĕthokana
sacĕngkang-sacĕngkang
ginawe untune. Dokokana
sujen kiwa tĕngĕn, tancĕbana
ing adĕg-adĕg mau, yen wis
dadi pasrahna paranyaine
Sibu aran si Sedhĕt, warahĕn
mĕngko yen sibu wis rawuh
konĕn ngaturake, karo pari*

untuk selamat 7 lapan anak
tuan.

Serta padi jujutan sedikit,
serta tebu harjuna 3 batang,
sebagai perlengkapan turun
tanah. Dan lagi saya
memberikan sumbangan $\frac{1}{4}$
paos.

a. “Berasnya berapa
masakan Pak?”

b. “Yang untuk tamu 10
masakan, untuk makan 5
masakan”.

a. “Itik dan ayamnya?”

b. “itiknya 2 dan ayamnya
4”.

a. “Sudah cukup itu saja.
Beras, itik dan ayamnya
serahkan kepada Nyai
Karyaboga. Tebunya
buatlah tangga, yang 2
batang menjadi tiang, yang
1 batang kamu potong-
potong sejengkal dibut anak
tangga.

Berilah kancing kanan-kiri,
tancakan di tiang tadi, kalau
sudah jadi serahkan kepada
para ibu yang bernama
Sedhet. Beritahukan kepada

<p><i>lan kapase iku pisan, dhuwite etungĕn ing kono”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih sĕndika, punika Ndara, sampun jangkĕp”.</i></p> <p>a. <i>“Pira”?</i></p> <p>b. <i>(h.70)tigawĕlas tĕngah ringgit prah (£ 25)</i></p> <p>a. <i>“Pajĕge rak 50 reyal 27 wang”.</i></p> <p>b. <i>“Lĕrĕs, mila seprapatipun 121/2 ringgit”.</i></p> <p>a. <i>“E, iya, reyalane kok geseh”.</i></p> <p>b.</p> <p>c. <i>“Mĕnawi ladosan pasumbang raja pundhut sasampunipun namung ngladosi reyalan prah, ingkang kĕdah reyalan sĕpuh: namung paos”.</i></p> <p>Tangkilan a. <i>“Ya wis ta, tinggalĕn ing kono bae. Nimpuna”?</i></p> <p>Jayanimpuna <i>“Kula”.</i></p> <p>Tangkilan <i>“Gulo dhuwit pasumbang saka Bĕkĕl Jĕthis tunggalna karo dhuwit pasumbang liyane kang pancen ora mĕtu”.</i></p> <p>Jayanimpuna <i>“Inggih sĕndika”.</i></p>	<p>ibu nanti kalau sudah datang disuruh memberikan, dengan padi dan kapasnya sekalian, uangnya kamu hitung di situ”.</p> <p>b. “Iya baik, ini tuan, sudah lengkap”.</p> <p>a. “Berapa”?</p> <p>b. “13,5 ringgit (F 25/Rp 25)”.</p> <p>a. “Pajaknya kan 50 reyal 27 wang”.</p> <p>b.”Benar, maka ¼ nya 12,5 ringgit”.</p> <p>a. “E, iya, reyalannya kok berbeda”.</p> <p>b. “Kalau memberikan sumbangan raja diambil setelahnya, hanya memberikan reyalan prah, yang harus reyalan tua: hanya <i>paos</i>”.</p> <p>Tangkilan a. “Ya sudahlah, tinggalkan di situ saja. Nimpuna”!</p> <p>Jayanimpuna “Saya”.</p> <p>Tangkilan “Ini uang sumbangan dari Bekel Jethis satukan dengan sumbangan lainnya yang memang tidak keluar”.</p> <p>Jayanimpuna “Iya, baik”.</p>
--	---

<p><i>Paribayungan</i> “<i>Niki gilo yu, beras para, dhahar, bebek, pitik king kula, dhawah Ndara Bei ndikakake masrahake tēng ndika</i>”.</p> <p><i>Karyaboga</i> “<i>Bērase mang dekeking dobong mawon pisan. Para awor para, dhahar awor dhahar, bebek pitike mang lēbokake ing kandhang ngriku</i>”.</p> <p><i>Paribayungan</i> “<i>Enggih</i>”.</p> <p>(h.71)<i>Gilo Dhēt, andha tēbu, pari satēkēm, kapas sadhompol, caosna Ndara Nyai mēngko nek wis rawuh, saka dhawahe Ndara Bei</i>”.</p> <p><i>Sedhēt</i> “<i>Pundi, menika Ndara:andha tēbu, pantun tuwin kapas saking ngajengan, dhawahipun raka ijengandika kadhawahan ngaturakēn ibu ijēngandika Ndara Nyai mangke mēnawi sampun rawuh</i>”.</p> <p><i>Raden Nganten</i> “<i>Dokokna kono bae dhisik, Sibunuli rawuh. Lha kae apa wis rawuh ana latar, Ibu Nyai karo Ibu Mas Ayu</i>”.</p> <p><i>Nyai Ajēng a.</i> “<i>Ndhuk, kowe wis miranteni slamētan sarta sarat-</i></p>	<p><i>Paribayungan</i> “<i>Ini kak, beras para, makan, itik, ayam dariku. Perintah Tuan Bei disuruh menyerahkan kepadamu</i>”.</p> <p><i>Karyaboga</i> “<i>Berasnya kamu letrakkan di dobong sekalian. Para disatukan dengan para, makan dengan makan, itik dan ayamnya kamu masukkan di kandang itu</i>”.</p> <p><i>Paribayungan</i> Iya.</p> <p><i>Ini Dhēt, tangga (dari) tebu, segenggam batang padi serta kapas segerompol. Berikan kepada tuanmu, dari perintah Tuan Bei.</i></p> <p><i>Sedhet</i> “<i>Mana. Ini tuan: tangga dari tebu, padi dan kapas dari depan, perintanya sumimu disuruh memberikan kepada ibumu, Tuan Nyai nanti kalau sudah datang</i>”.</p> <p><i>R Nganten</i> “<i>Letakkan di situ saja, ibu nanti segera datang. La itu sudah datang di halaman, Ibu nyai dan Ibu Mas Ayu</i>”.</p> <p><i>Nyai Ajeng a.</i> “<i>Nduk, kamu sudah melengkapi syarat</i></p>
---	---

sarat".

Raden Nganten b. "Wilujengan sampun Ibu, namung isarat sawĕg jadah warni pitu, andha tĕbu, pantun sarta kapas sampun wontĕn, toya sĕkar sĕtaman inggih sampun wontĕn".

a. "Bĕras kuning saisine".

b. "Punika dereng, pancen kula sĕmanggakakĕn Ibu".

a. "Lah iki wis dak gawakake pisan saisine, anggris, rupiyah, wukon, talen sarta dinar mas, utawa anggris, rupiyah, wukon sarta talen salaka wis pĕpak kabeh. Rajabrana sing pĕrlu-pĕrlu iya wis ana, gelang, kalung, kroncong, ali-ali sapanunggale, (h.72)wis ta ayo nuli dikur-kuri sithole ĕmbanĕn".

b. "Inggih. Punika kĕdah mudhun kemawon Ibu".

a."Ta wis dhuna, dhasar arĕp didhunake.

Rene-rene Le, rene. Mĕngko taktetahe cikben ngidak-idak

selamatan serta syarat-syarat lainnya.

R Nganten b. "Untuk selamatan sudah Bu, hanya perlengkapan baru jadah 7 warna, tangga tebu, padi dan kapas sudah ada, air bunga setaman juga sudah ada".

a. "Beras kuning dan isinya?

b. "Itu belum, memang saya menyerahkan kepada Ibu".

a. "Lah ini sudah saya bawakan sekalian beserta isinya, anggris, rupiah, wukon, talen serta dinar emasatau anggris, rupiah, wukon serta talen, selaka sudah lengkap semua. Kekayaan harta yang penting-penting juga sudah ada, gelang, kalung, kroncong, cincin dan lain-lainnyasudah mari segera di kur-kuri si tole gendonglah".

b. Iya. Ini ingin turun saja Bu.

a. "Sudahlah turunkan, memang akan diturunkan. Sini-sini nak. Nanti saya tetahe

jadah kuwi. Lha iya ngger mētu kene wong bagus, ayo sikile munggah andha. Wo sěmpal untune, kurang bakuh olehe nancěbake.

Munggah maneh munggah maneh munggah maneh Ngger sikile. Wo sěmpal maneh, wis-wis, wis bubrah. Kuwi ndhuk kurungane, kurungna kene. Gilogilo bokore Ngger, nggoněn dolanan. We pari karo kapas sing dijupuk sesuk dadi priyayi desa nyěkěl bumi pangrembe. Wis-wis, rene Ngger, adus banyu kěmbang sětaman, cikben bagus. Kene sayake sěmbagi putih kuwi, gělang kalunge diěnggo ya Ngger. Wah baguse (punika wiwitipun bayi kenging ngangge mas – intěn).

Kene-kene linggih klasa pasir. Dhi, Mas Ayu, bokoripun punika sampeyan pěndhět mriki, sampeyan kur-kuri pisan”.

Mas Ayu “Inggih, kur, kur, kur (nguwur-uwurakěn wos kuning ingkang dipunwori yatra mas salaka tuwin rajabrana) Njupuk apa, jupuk apa wae,

biar menginjak-injak jadah. La benar nak lewat sini anak bagus, ayo kakinya naik tangga. Wo patah anak tangganya, kurang kuat menancapkannya.

Naik lagi, 3x nak kakinya. Wo patah lagi, sudah-sudah, sudah rusak. Itu nduk kurungannya, kurungkan di sini. Ini-ini bokornya nak, pakailah mainan. We padi dan kapas yang diambil kelak menjadi orang desa menguasai tanah pangrembe. Sudah-sudah sini ngger, mandi bunga setaman biar bagus. Sini kain sembagi putih itu, gelang kalung dipakai ngger. Wah bagusnya (Itu awal bayi boleh memakai perlengkapan emas).

Sini-sini duduk di tikar pasir. Dik, Mas Ayu, bokor itu ambillah, kamu kur-kurisekalian.

Mas Ayu “Iya, kur, kur, kur (menaburkan beras kuning bercampur uang, emas, perak serta barang berharga lainnya). Ambillah, ambil

<p><i>anggris ěmas sing dijupuk, besuk ba(h.73)kal brewu”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Sampun dumugi Dhi, bibaran”.</i></p> <p><i>Raden Nganten a. “Mbok Karyaboga, mĕngko kowe gawea slamĕtan tumpĕng kaya adat, nyĕtauni putumu si Thole”.</i></p> <p><i>Karyaboga b. “Punika rak dede dintĕn Sĕlasa Wage tingalanipun putra sampeyan Ndara Bagus ta Ndara”.</i></p> <p><i>a. “Busuk kowe kuwi, tingalan tahun iku ora metung dina pasarane, mung metung tanggaling laire pĕndhak 12 sasi, kayata: bocah lair sasi Rabiulakir ping 10, wĕtone tauh oya besuk Rabingulakir tanggal kaping 10. Dadi etunging lair loro, nanging ganĕping sasi lagi 12, sĕtaun bĕnĕr.</i></p> <p><i>b.</i></p> <p><i>Yen tingalan wukon metung tumbuk ing wuku, upamane laire wuku Landhĕp, besuk wuku Landhĕp maneh ing dina pasaran laire ing konoa mĕsthi ana. Iku kabĕnĕr wĕtone, petungan bĕnĕr 6</i></p>	<p>apa saja, anggris emas yang diambil. Kelak akan kaya raya”.</p> <p>Nyai Ajeng “Sudah selesai Dik”.</p> <p>R Nganten a. “Nyai Karyaboga, nanti kamu buat selamatan tumpeng seperti biasanya. Memperingati 1 tahun cucumu si tole.</p> <p>Karyaboga b. Ini ikan bukan hari Selasa Wage, hari kelahiran anak tuan, Tuan Bagus ta Tuan”.</p> <p>a. “Bodoh kamu itu, peringatan tahun itu tidak memperhitungkan pasaran hanya memperhitungkan tanggal lahir setiap 12 bulan, seperti: anak lahir 10 Rabiulakir, pedomannya juga 10 Rabiulakir. Jadi perhitungan kelahiran itu 2, tetapi bulan genapnya itu baru 12 tepat 1 tahun.</p> <p>Kalau peringatan wukon memperhatikan tumbuk wuku. Misalnya lahirnya wuku landep, kelak wuku landep lagi pada hari pasaran pasti ada. Itu bertepatan dengan hari</p>
---	--

lapan 8 sasi lumaku (= 7 sasi 3 utawa 4 dina). Karodene maneh kowe gawea jĕnang gaul, nylamĕti wĕtuning untune si Thole”.

c. *“Kok kasep tĕmĕn ta Ndara, sawĕg dipun wilujĕngi sapunika. Engĕt kula wĕdaling wajanipun putra sampeyan Ndara Den Bagus sampun kala sawĕg yuswa 8 mĕnawi bo(h.74)tĕn 9 wulan”.*

a. *“Bĕnĕr,, nanging lumrahe olehe nggauli yen wis sĕtahun, barĕng lan nyĕtahuni”.*

b. *“E kĕjawi ta, jĕnang gaul wau wĕrni punapa Ndara”.*

a. *Glĕpfung bĕras worana glĕpfung kĕtan sĕthithik banjur ulĕdĕn karo banyu, banjur ginawe giligan sadriji-driji, banjur dikĕthok-kĕthok saprayogane. Banjur dikukusake dang, yen wis kĕkĕl diĕntas, kang sĕparo dicĕmplungake santĕn bae dadi gaul putih, banjur digodhog kang nganti tanak, yen wis matĕng diwadhahi: nganggo didokoki santĕn*

lahir, perhitungan tepatnya 6 lapan 8 bulan berjalan (7 bulan 3-4 hari). Lagipula kamu buatlah jenang gaul, selamatannya keluaranya gigi si tole”.

b. Kok terlambat sekali to tuan, baru dibuatkan selamatannya. Ingat saya keluaranya gigi anak tuan, Den Bagus sudah pada waktu berusia 8 kalau tidak 9 bulan”.

a. “Betul, tetapi umumnya nggauli itu kalau sudah 1 tahun, bersamaan dengan 1 tahun”.

b. “E kecuali kalau begitu. Jenang gaul itu warnanya apa tuan”?

a. “Tepung beras dicampur tepung ketan sedikit kemudian dicampur dengan air. Kemudian dibuat bulatan sejari-sejari kemudian dipotong-potong secukupnya. Kemudian dikukus, kalau sudah menyatu kemudian diangkat yang setengah dimasukkan ke santan menjadi gaul putih kemudian direbus sampai masak. Kalau sudah

<p><i>kanil. Apa wis mangerti”.</i></p> <p>b. <i>“Sampun Ndara, punapa lajěng daměl sapunika”.</i></p> <p>a. <i>“Iya, sarta yen wis rampung banjur wadhahana ing takir pisan, gawea rong amběngan bae”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Bei, dhawahe Bapak (mbasakake ingkang ingujaran) si Thole ndikakake nyapih, awit umure wis němbėlas sasi lumaku iki, bocah lanang yen kakehan banyu susu iku kěthul atine”.</i></p> <p><i>Tangkilan “Punapa botěn taksih kalitěn Ibu”.</i></p> <p><i>(h.75)Nyai Ajěng “Ora, wis sėdhěngan, wěwatoning penyapih iku yen bocah lanang 15 sasi tětěp, utawa 16 sasi lumaku. Yen bocah wadon 18 sasi tětěp utawa 19 sasi lumaku”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Raosingmanah kula taksih awrat sangėt, Ibu, mėsakakě dening taksih alit. Iba badhe budinipun, kula badhe tansah kamiwėlasě, botěn kolu ningali”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Sing ora mėsakake sapa: kandhamu kuwi, nanging</i></p>	<p>masak diwadahi dengan diberi santan kental. Apakah sudah tahu”?</p> <p>b. “Sudah tuan, apakah langsung dibuat sekarang”?</p> <p>a.”Iya serta kalau sudah selesai wadahkanlah di takir sekalian, buatlah 2 buah”.</p> <p>Nyai Ajeng “Bei, perintah ayah, si tole disuruh <i>nyapih</i>karena umurnya sudah 16 bulan. Anak laki-laki kalau terlalu banyak air susu, tumpul hatinya”.</p> <p>Tangkilan “Apakah tidak terlalu kecil Bu?</p> <p>Nyai Ajeng “Tidak, sudah cukupan. Pedoman memisah anak itu kalau anak laki-laki 15 bulan atau 16 bulan berjalan. Kalau anak perempuan 18 bulan atau 19 bulan berjalan”.</p> <p>R Nganten “Perasaan hatiku masih berat sekali Bu, kasihan karena masih kecil. Seperti apa perilakunya, saya akan selalu kasihan, tidak tega melihatnya”.</p> <p>Nyai Ajeng “Yang tidak kasihan itu siapa, perkataanmu itu,</p>
--	---

<p><i>bakal mēsakake ěndi karo tĕmbene anakmu kĕthul atine, karo mĕngkono iku rak wis digalih Bapak. Mbok Jagakarsa”.</i></p> <p><i>Jagakarsa “Kula”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Kowe gawea pirantine wong nyapih bocah, Den Bagus mĕngko sore arĕp dak saph”.</i></p> <p><i>Jagakarsa: “Inggih sandika, warni punapa Ndara”.</i></p> <p><i>Nyai Ajĕng “Rungokna sing tĕtela ta: tak kandhani”.</i></p> <p><i>1. Jamu, kunir tumber trawas mĕngko dak cĕkokne (njampeni lare kairasakĕn wontĕn ing cangkĕm kaliyan jampi ingkang sampun kapipis lĕmbat, kabuntĕl ing suwekan mori pĕthak, toyanipun kaĕpuh) dhewe karo ĕnjĕt sĕthithik ginawe (h.76)ngadoni jamu iku kanggo tapĕl.</i></p> <p><i>2. Larik, dringo lan baawang dipipis banjur dilawĕd sing alus, dokokana obong-obongan sungu kĕbo, rambut wong, cucuk, kuku lan kulit rĕmpĕla pitik, di kongsi gosong. Banjur digĕrus, dibanyoni dubang wurung</i></p>	<p>namun lebih kasihan mana kelak tumpul hatinya, lagipula hal demikian itu kan sudah dipikir ayah. Nyai Jagakarsa”.</p> <p>Jagakarsa “Saya”.</p> <p>Nyai Ajeng “Kamu buat perlengkapan orang memisah anak, den bagus nanti sore akan saya pisah”.</p> <p>Jagakarsa “Iya baik, macamnya apa tuan”?</p> <p>Nyai Ajeng Dengarkan dengan baik saya kasih tahu:</p> <p>1. Jamu, kunir tumber trawas, nanti saya <i>cekoke</i> (memberi jamu anak langsung di mulut dengan jamu yang sudah dilembutkan, dibungkus dengan kain mori putih, airnya diperas) sendiri dengan kapur sirih sedikit dipakai pelengkap jamu itu dipakai tapel.</p> <p>2. Larik, dringo dan bawang putih dihaluskan, berilah bakaran tanduk kerbau, rambut, paruh, kuku, kulit dan rempela ayam sampai gosong. Kemudian dihaluskan, diberi air liur sirih wurung (air liur yang</p>
---	---

<p>(nginang idu sĕpisan)”. 3. Pupuk, dhadhap srĕp, upa lan uyah sawuku, dipipis banjur dilawĕd sing lĕmbut. 4. Wĕdhak, parĕm lan pupur. 5. a. Omben-omben banyu dhukut sewu (bubukan banon sarta ampo kalĕbĕtakĕn ing toya tawa ing pĕngaron enggal, lajĕng dipun cĕmplungi agĕl sakuwĕl minangka saringanipun. Toya wau kapĕndhĕt bĕningipun kemawon, lajĕng kailing ing kĕndhi enggal, raosipun antĕp sarta asrĕp). b. Omben-omben wedang lĕgen dhadhap (godhong dhadhap srĕp ingkang garing minangka teh, sarta babakanipun kagodhog sarĕng). Nyai Ajĕng “Wis ora lali kabeh”. Jagakarsa “Kados botĕn”. (h.77)Nyai Ajĕng “Wis ta banjur tandangana”. Jagakarsa “Inggih sandka”. Nyai Ajeng “Mbok Sandilata wayah mene durung tĕka”. Raden Nganten “Mangke sakĕdhap kados dhatĕng. Lah punika</p>	<p>pertama)”. 3. Pupuk, dadap srep, upa dan garam dihaluskan kemudian dihaluskan. 4. Bedak, param dan pupur. 5. a. Minum-minuman air dukut 1000 (bubukan batu bata dan ampo dimasukkan ke air tawar di periuk baru kemudian dimasukkan agel sebagai saringan. Air itu diambil yang jernih saja kemudian dimasukkan ke kendi baru, rasanya dingin. b. Minum-minuman, air legen dadap. (daun kering dadap sebagai teh dan kulitnya direbus bersamaan). Nyai Ajeng “Sudah tidak lupa semua”? Jagakarsa “Kelihatannya tidak tuan”. Nyai Ajeng “Sudah segera kerjakan”. Jagakarsa “Iya baik”. Nyai Ajeng “Nyai Sandilata sampai kini belum datang”. R Nganten “Sebentar lagi datang. La itu sudah</p>
---	---

<p><i>sampun katingal</i>".</p> <p>Nyai Ajeng "Mbok Sandilata, mēngko sore putumu arēp dak sapih, nuli gēgēlana ta (pijēt nglēmēsakēn wētēng) lan dadahēn cara bayi cilik, cikben kepenak awake".</p> <p>Sandilata "Inggih sēndika. Kaparingakeē: nun. Mēnika sampun ndara".</p> <p>Nyai Ajeng "Renekna dak cēkokane, sisan olehe nangis. Wis, wis, Ngger wis". Nya ndhuk, si Thole iki gujēngana dak tapēlane ampas kunir iki, ēndi ēnjēte kuwi. Ndonok ditapeli wae nangis maneh. Wis, wis, Ngger wis, nuli susanana ta".</p> <p>Raden Nganten "Mik, mik Ngger, mik (Nusu).</p> <p>Nyai Ajeng "Ndhuk saiki wis surup, olehe nusu anakmu apa wis warēg"?</p> <p>Raden Nganten "Kados sampun Bu, mēntas dipun dadah mēnika wau lajēng ngēbēb (botēn kendēl-kendēl) kemawon, kados sēkeca badanipun kraos ngēleh".</p> <p>Nyai Ajeng "Wis ta, kene dak ēmbane, kowe nuli ndhēlika aja</p>	<p>kelihatan".</p> <p>Nyai Ajeng "Nyai sandilata, nanti sore cucumu akan saya pisah segera gegelana (pijah melemaskan perut) dan pijatlah seperti bayi kecil, biar enak badan".</p> <p>Sandilata "Iya baik. diberikan: nun. Ini sudah tuan".</p> <p>Nyai Ajeng "Bawalah kemari akan saya cekoki, sekalian menangisnya. Sudah 3x ngger. Ini nduk, tole ini peganglah saya tapeli ampas kunir ini, mana kapur sirihnya. Alah ditapeli saja menangis lagti. Sudah 3x segera susui".</p> <p>R Nganten "Mik, mik ngger, mik".</p> <p>Nyai Ajeng "Nduk sekarang sudah petang, anakmu menyusunya sudah kenyang"?</p> <p>Raden Nganten "Kelihatannya sudah Bu. Habis dipijat tadi minumannya ngebeb (tidak berhenti) saja, kelihatan enak badannya terasa lapar".</p> <p>Nyai Ajeng "Sudahlah, sini saya gendongnya, kamu segera</p>
--	--

<p><i>katon (h.78)katon maneh, anakmu nek nganti wěruh mundhak beka (mundhak dadosakěn beka = budi nangis). Athik nganggo nangis, kuwi bocah apa, ta, wis mranaa”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Inggih”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Mbok Jagakarsa, sangisoring wit gědhang mburi mau apa wis ko dokoki pěngaron isi banyu kěmbang sětaman”.</i></p> <p><i>Jagakarsa “Sampun Ndara”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Pěngarone apa wis koleleti tape kaya wěkasku”.</i></p> <p><i>Jagakarsa “Dereng”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Geneya”.</i></p> <p><i>Jagakarsa “Kěsupen”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Kowe kuwi lalen těmn, ta nuli leletana, iku sarat masrut pěrlu, ora kěna kělalen. Mangga Dhi, pun Thole dipun uběngakěn ing griya”.</i></p> <p><i>Mas Ayu “Mangga. Sampun jangkěp kaping tiga, Mbakyu”.</i></p> <p><i>Nyai Ajěng “Dereng, sawěg kapetang kaping kalih, awit uběngipun wiwit saking griya. Dene ingkang kadaměl baku, kapetang muběng saking wit pisang. Bilih sampun těpung</i></p>	<p><i>sembunyiilah jangan (h.78)kelihatan lagi. Anakmu kalau sampai mengetahui nanti meronta. Athik pakai menangis, anak apa ini, sudah kesana lah”.</i></p> <p><i>Raden Nganten “Iya”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Nyai Jagakarsa, di bawah pohon pisang belakang tadi apa sudah kamu beri jamban isi air bunga setaman”.</i></p> <p><i>Jagakarsa “Sudah tuan”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Jambannya apa sudah kamu coreti tape seperti pesanku”?</i></p> <p><i>Jagakarsa “Belum”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Kenapa”?</i></p> <p><i>Jagakarsa “Lupa”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Kamu itu pelupa, segera beri coretan, itu sebagai sarat penting/wajib, tidak boleh lupa. Mari dik, si tole dibawa keliling rumah”.</i></p> <p><i>Mas Ayu “Mari. Sudah lengkap 3x, kanda”.</i></p> <p><i>Nyai Ajeng “Belum, baru dihitung 2x, sebab kelilingnya dari rumah. Adapun yang dipakai pedoman, dihitung keliling dari pohon pisang. Kalau</i></p>
--	--

gĕlang tigang ubĕngan, sampun. Lah sapunika sampun jangkĕp, kula jĕglugne sirahipun: glug, glug, glug (swaraning sirah kajĕglugakĕn ing wit pisang kaping tiga) lajĕng dipun dongni, melipun: Sang wewe putih dakjaluk gawe(h.79)mu, saphĕn anakmu si jabang bayi, aja kotĕtangis sarina sawĕngine, lalekna nyang biyunge, aja mulatĕngi, yen ora wĕruh githoke dhewe. Yen wis sĕpasar kowe dak opahi, tape sĕpikul (mila pĕngarone dipunleleti tape).

Mbok Jagakarsa, banyu kĕmbang sĕtaman iki tutupana sing bĕcik (brukut utawa rapĕt). Yen wis sĕpasar arĕp dianggo ngĕdusi si Thole, sĕdhĕng wis rapih”.

Jagakarsa “Inggih sendika”.

Nyai Ajĕng “Mbok Karyaboga, kowe wis gawe sĕga sarat diĕnggo ndulang Den Bagus”.

Karyaboga “Dereng Ndara, kula kĕsupen, warni mĕnapa”.

Nyai Ajeng “Kowe kuwi barang-barang lali. Sĕga thok sacĕthing cilik, lawuhe mung bakaran ĕndhog, tanpa apa-apa maneh, apa iya kowe lali maneh”.

sudah keliling 3x, sudah.

Lah sekarang sudah lengkap, saya benturkan kepalanya; glug 3x kemudian didoakan bunyinya: sang wewe putih dakjaluk gawemu, (h.79)saphĕn anakmu si jabang bayi, aja kotĕtangis sarina sawĕngine, lalekna myang biyune, aja mulatĕngi yen ora weruh githoke dhewe. Yen wis sĕpasar kowe dak opahi, tape sepikul.

Nyai Jagakarsa, air bunga setaman itu tutuplah yang baik. kalau sudah 5 hari akan digunakan memandikan si tole, cukup sudah *rapih”.*

Jagakarsa “Iya baik”.

Nyai Ajeng “Nyai Karyaboga, kamu sudah buat nasi sarat dipakai menyuapi Den Bagus”.

Karyaboga “Belum tuan. Saya lupa, macamnya apa”.

Nyai Ajeng “Kamu itu semua hal lupa. Nasi saja sebakul kecil, lauknya hanya telur bakar, tanpa apa-apa lagi. Apa kamu lupa lagi”.

Karyaboga “*Botĕn, botĕn, ndara botĕn, sapunika sampun botĕn supe malih*”.

Jilid II

(h.1)*Kacariyos Raden Nganten Tangkilan, sarĕng anakipun Raden Bagus Suwarna sampun dipunsapih: lajĕng wawrat dumugi ing mangsa gadhah lare mĕdal estri, dipun sukani nama dhatĕng ĕmbahipun Mas Ngabehi Bĕndung, raden Lara Suwarni.*

Lampah-lampahipun botĕn kacariyosakĕn amargi namung wor misah, prasasat botĕn wontĕn sanesipun. Sapunika ingkang kacariyos lare jalĕr estri kakang adhi, dumalundung botĕn wontĕn sangsayanipun, kalis ing sakit enggal agĕng kados ingĕdusan toya gege (ngumur, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, lan 9 taun boten kacariyos) ingkang jalĕr ngumur 12 taun, ingkang estri ngumur 10 taun.

Tangkilan a. “Ibune”.

Raden Nganten b. “Kula”.

a. *“Wĕtonku tumbuk ngumur 33 tahun, slamĕtane apa wis ko pikir”?*

b. *“Rak siyos benjing tanggal*

Karyaboga “Tidak-tidak, tuan tidak. Sekarang sudah tidak lupa lagi”.

Jilid II

Diceritakan R Ng. Tangkilan, setelah anaknya Raden Bagus Suwarno sudah *disapih* kemudian hamil lagi sampai pada waktunya melahirkan, lahirlah seorang wanita, diberi nama oleh kakeknya Mas Ngabehi Bendung, Raden Lara Suwarni.

Tatacaranya tidak diceritakan karena hanya sama, tidak ada bedanya dengan yang lain. Sekarang yang diceritakan anak laki-laki wanita kakak beradik, tumbuh tidak ada kesengsaraannya, terhindar dari penyakit dan segera besar seperti dimandikan air *gege* (umur 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, dan 9 tahun tidak diceritakan) yang laki-laki berumur 12 tahun, yang wanita berumur 10 tahun.

Tangkilan, a. “Bu”.

R. Nganten b. “Ya”.

a. Hari lahirku tumbuk umur 33 tahun, selamatannya apakah sudah kamu pikirkan?

b. Kan jadi pada tanggal 7 bulan

<p><i>ping 7 wulan Rabingulakir ngajěng niki ta</i>".</p> <p>a. "Iya".</p> <p>b. "Saniki tanggal ping 27 tēsih kirang 10 dalu".</p> <p>a. "Rak yaw is cědhak".</p> <p>b. "Mawi napa: ta, rak ěnggih ming wilujěngan sěkul janganan mawon pintěn dangune".</p> <p>a. "Karěpku arěp dak gědhe nganggo ngatur-aturi kanca, nanging sisan wragade anakmu si Ndhuk arěp dak sunatake pisan, awit wis sědhěng ngumur 10 tahun. Besuk tětake anakmu si Thole iya bakal dak barěng karo tumbukmu, elingku umurmu kacek tělung taun ěngkas dadi ngumur 15 taun, iku sědhěngan wayah bocak tětak".</p> <p>b. "E, kějawi ta: yen santun salaga kula tata kriyin, uwos-uwos enggih kědah kanděl".</p> <p>a. "Mangsa bodhoa pamikirmu buri, aku ngarěp, yen ana kěkuranganmu bae tutura".</p>	<p>Rabiulakir depan nanti to?</p> <p>a. Iya</p> <p>b. "Sekarang tanggal 27, masih kurang 10 malam (lagi)".</p> <p>a. "Kan ya sudah dekat".</p> <p>b. "Memakai apa ta, kan ya hanya selamatan nasi sayuran saja, berapa lamanya".</p> <p>a. "Keinginan saya akan saya buat besar dengan mengundang teman-teman, tetapi sekaligus biayanya anakmu si "ndhuk" akan aku sunatkan sekaligus. Karena sudah berumur 10 tahun. Kelak kalau sunatnya anakmu si Thole juga akan saya laksanakan bersama dengan tumbukmu, seingat saya umurmu selisih 3 tahun lagi, jadi umur 15 tahun, itu cukupan saat anak sunat".</p> <p>b. E kecuali begitu, kalau ganti perilaku/adat saya susunnya dahulu, semua beras juga harus banyak.</p> <p>a. Terserahlah kamu memikirkan "belakang", saya "depan", jika ada kekurangan kamu katakan kepada saya.</p>
--	---

<p>b. “Enggih, nanging saniki kula sampeyan paring yatra”.</p> <p>(h.2)a. “pira”.</p> <p>b. “Satus rupiyah mawon kriyin”.</p> <p>a. “Iya ta mēngko tak jupukake sadhela. Enya gilo limang kampil dhuwit pēcah, sakampile isi dhuwit rong puluh rupiyah, ping lima dadi satus rupiyah”.</p>	<p>b. “Ya, tetapi sekarang saya berilah uang”.</p> <p>a. “Berapa”.</p> <p>b. “Rp. 100 saja dahulu”.</p> <p>a. “Ya, sebentar saya ambilkan. Ini lima kampiluang receh. Setiap kampil berisi Rp. 20, dikalikan 5 sehingga Rp. 100.</p>
<p>Raden Nganten a. “Mbok Karyaboga”.</p> <p>b. “Kula”.</p> <p>a. “Bērasmu kari pirang dacin”.</p> <p>b. “Uwos saking Jēthis dereng kula ewah-ewah Ndara, taksih 10 dacin, para 7, dhaharipun 3, punika sanesipun uwos lami, ingkang kangge cēkapan wontēn ing dobong botēn kula petang”.</p> <p>a. Isih kandēl ane, ora susah kongkonan njaluk bēras mēnyang desa”.</p> <p>b. “Kagēm mēnapa ta Ndara”.</p> <p>a. “Kērsane bapakne Den Bagus, besuk ěmben</p>	<p>R. Nganten a. Nyai Karyaboga.</p> <p>b. Hamba (tuan)</p> <p>a. Berasmu tinggal berapa dhacin.</p> <p>b. Beras dari Jetis belum saya apa-apaakan tuan, masih 10 dhacin, pembagiannya 7, makanannya 3, itu semua beras lama yang digunakan mencukupi di dobong tidak saya hitung.</p> <p>a. Masih banyak kalau begitu, tidak perlu memerintahkan minta beras ke desa.</p> <p>b. Untuk apa tuan?</p> <p>a. Keinginan ayahnya Den Bagus, besuk ketika peringatan</p>

<p><i>tingalan tumbuk iku digēdhe, ngiras nyunatake putumu Den Lara</i>".</p> <p>b. <i>"Bilih damēl kagungan tētēsan kemawon, uwos samantēn kados sampun cēkap</i>".</p> <p>a. <i>"Sokur, yen karanganmu wis cukup, aku ngandēl marang kowe. Besuk tingalan iku kowe gawea tumpēng 33, sing gedhe loro (:sakēmbaran, lanang wadon) sing cilik 31, lan gawea sriyatan, apa maneh tukua tujuh ginawe sēdhēkah panulak pangapēsaning wuku, awit wukune bapakne Den Bagus, Kuruwēlut</i>".</p> <p>b. <i>"Menda tujuh punika ingkang kados punapa, kula dereng sumērēp</i>".</p> <p>a. <i>"Wēdhus tujuh mono kang sikile ngarēp karo pisan pancal putih</i>".</p> <p>b. <i>"Inggih, namung rēginipun kula kirang tērang awit kula dereng nate tumbas</i>".</p> <p>a. <i>"Takon-takona rak iya ana sing wis tau wēruh, mangsa adoha rēga karo tēngah mēngisor, ora, tērkadhang</i></p>	<p>tumbuk dibuat besar, sekaligus menyunat cucumu, Den Rara.</p> <p>b. Kalau dipakai hajatan tetesan saja, beras sebanyak itu kira-kira sudah cukup.</p> <p>a. Syukur, kalau perkiraanmu sudah cukup. Saya percaya padamu. Kelak peringatan itu kamu buat 33 tumpeng: yang besar 2 (kembar, laki-laki dan perempuan) yang kecil 31, dan buatlah <i>sriyatan</i> dan juga belilah <i>tujuh</i> untuk sedekah menolak naas wuku, sebab wuku ayahnya Den Bagus, Kuruwēlut.</p> <p>b. Kambing tujuh itu yang seperti apa, saya belum tahu.</p> <p>a. Kambing tujuh itu kedua kaki depannya yang bawah berwarna putih.</p> <p>b. Ya, hanya harganya saya tidak tahu, sebab saya belum pernah membeli.</p> <p>a. Ya bertanya-tanyalah mungkin ada yang sudah pernah melihat, tidak mungkin harganya Rp. 1,5 ke bawah. Tidak. Kadang 16 <i>wangsaja</i></p>
--	--

<p><i>němbēlas wang bae oleh. Lan kowe blanjaa (h.3)pisan, tukua bumbu-bumbu sing kanděl. Sajrone ewuh-ewuh aja kongsi kěkurangan, měngko mloya mlayu tuku bumbu měnyang warung iku saru”.</i></p> <p>b. <i>“Kadhawahakěn kemawon Ndara, ingkang badhe kula tumbas”.</i></p> <p>a. <i>“Iya brambang bawang, uyah, trasi, tumber jintěn, salam laos, krecek balur, sapanunggalane. Lan sayuran kanggo ing meja, kobis boncis, sledri kapri sapanunggalane, tuwin jangan kanggo tingalan, thokolan, kangkung lěmbayung sapanunggalane, dalah sambēlane pisan. Endhog wajar tukua 200 bae, yen ana kurange gampang”.</i></p> <p>b. <i>“Tigan kamal, utawi pindhang, punapa botěn tumbas?”.</i></p> <p>a. <i>“Aja tuku ěndhog pindhang, tukua kamala bae ko, 50, sudhiyan pangan niyaga. Tumuli tukua panganan woh-</i></p>	<p>boleh. Dan sekaligus belanjalah kamu (h.3)bumbu-bumbu yang banhyak. Selama hajatan jangan sampai kurang, nanti hilir-mudik membeli bumbu ke warung, memalukan.</p> <p>b. Diperintahkan/ditulis saja tuan, yang akan saya beli.</p> <p>a. Ya bawang merah, bawang putih, garam, terasi, ketumbar, jinten, salam laos, krecek balur, dan lain-lainnya. Dan sayuran untuk perjamuan di meja, kobis, buncis, sledri, kapri dan lain-lainnya serta sayuran untuk selamatan kelahiran: kecambah, kangkung, lembayung dan lainnya dan juga sambelnya sekaligus. Telur biasa belilah 200 butir saja. Kalau kurang mudah.</p> <p>b. “Telur kamal atau pindang, apakah tidakmembeli?”.</p> <p>a. “Jangan membeli telur pindang, belilah yang telur kamal saja 50 untuk persediaan niyaga. Kemudian belilah</p>
---	---

<p><i>wohan kang apik-apik, aja wēdi ing larang, kanggo suguh pista ing dalēm lan ing pëndhapa, kaya ta: jėruk kėprok, jėruk pacitan”.</i></p> <p>b. <i>“Jėram pacitan napa botėn angel pandhaharipun?”</i></p> <p>a. <i>“Nek kowe iya kangelan, wong ko onceki kulite, kuwi ora mėngkono. Pandhahare disigar-sigar ing lading banjur diseset kulite gampang bae, mung disėšėp dikėpahi ana ing ambėng”.</i></p> <p>b. <i>“Dados ingkang kalap namung duduhipun kemawon”.</i></p> <p>a. <i>“Dhasar iya mangkono. Lan tukua jambu, dhuku, manggis, salak lan gėdhang ěmas”.</i></p> <p>b. <i>“Pėlėm punapa botėn tumbas”.</i></p> <p>a. <i>“Pėlėm iku sanadyan enak, nanging susah olehe dhahar nggupaki asta, dadi ora klėbu ing meja, tukua sing pancen didhahar bae”.</i></p> <p>b. <i>“Panganan para kangge cadhangan niyaa punapa bot n tumbas pisan?”.</i></p>	<p>buah-buahan yang baik, jangan takut mahal. Untuk perjamuan pesta di dalam dan pendapa, seperti: jeruk keprok, jeruk pacitan”.</p> <p>b. “Jeruk pacitan apakah tidak sulit memakannya?”.</p> <p>a. “Kalau kamu ya sulit, karena kamu kupas kulitnya, itu tidaklah demikian. Cara memakannya dibelah-belah dengan pisau kemudian dihilangkan kulitnya mudah saja, hanya disesep dikepahi”.</p> <p>b. “Jadi yang dimanfaatkan hanyalah air jeruknya saja.</p> <p>a. “Ya memang begitu. Dan belilah jambu, duku, manggis, salak dan pisang emas”.</p> <p>b. “Apakah tidak membeli mangga?”</p> <p>a. “Mangga itu walau enak, tetapi susah memakannya mengotori tangan, jadi tidak masuk hidangan di meja, belilah yang memang dimakan saja.</p> <p>b. “Sebagian makanan untuk cadangan para niyaga apa tidak beli sekaligus?”</p>
---	--

<p>a. <i>“Iya tukua salak geyol, sĕmak, mundhu, utawa(h.4) kleca, tuwin bĕsusu, kuwih-kuwihe kupingan, kĕmbang jambu, kembang duren, kĕlak-kĕling, widaran, ondhe-ondhe iya saprayogane, ora susah bĕcik sak uga katon rema utawa pĕpak”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih”.</i></p> <p>a. <i>“Bebek, pitik kowe rak wis ora tuku”.</i></p> <p>b. <i>“Botĕn Ndara, sampun cĕkap ladosan saking dhusun”.</i></p> <p>a. <i>“Iwake kĕbo kowe tuku mĕnyang ngĕndi?”.</i></p> <p>b. <i>“Punapa botĕn mragad ndara”.</i></p> <p>a. <i>“Ora, midhe</i></p> <p>b. <i>“Dhatĕng Pĕkĕn Agĕng kemawon, tinimbang dhatĕng ing Jagalan awit rĕginipun prasasat sami. ing Pĕkĕn Agĕng wontĕn awisipun sawatawis, cĕlak pambĕktanipun, epahan bĕrah mirah. Ing Jagalan wontĕn mirahipun sawatawis, epahan bĕrah awis”.</i></p>	<p>a. <i>“Ya belilah salak geyol, semak, mundu, (h.4)atau kaleca serta besusu. Kuenya kupingan, kembang jambu, kembang duren, kelak-keling, widaran, ondhe-ondhe ya secukupnya, tidak perlu baik asal tampak banyak atau lengkap”.</i></p> <p>b. Ya (tuan)</p> <p>a. Itik atau ayam, kamu kan sudah tidak beli.</p> <p>b. Tidak tuan, sudah cukup pemberian dari desa.</p> <p>a. Dagingnya kerbau kamu beli dimana?</p> <p>b. Apakah tidak menyembelih, Tuan?</p> <p>a. Tidak</p> <p>b. Ke Pasar Besar saja, daripada ke Jagalan karena harganya hampir sama. Di Pasar Besar lebih mahal (tetapi) dekat, untuk upah buruh murah. Di Jagalan ada murahnya, untuk upah buruh mahal.</p>
--	---

<p>a. <i>“Kiramu kowe arēp nganggo iwak kēbo bobot pirang atus”.</i></p> <p>b. <i>“Mēndhēt wawrat gangsal atus (=25 kati) kemawon rumiyin, kējawii jērowan utawi utak”.</i></p> <p>a. <i>“Bot satus (100 = 5 kati) rēga pira”.</i></p> <p>b. <i>“Awis-awisipun sēkatos rēgi sētunggal, kaping 5 dados 15 wang.</i></p> <p>a. <i>“Iya Mbok, sēdhengan njupuk bobot limang atus bae dhisik, yen ana kurange gampang. Iku daginge kang ěmpuk gaweněn dhendheng age lan diěmpal, koyorane gaweněn iwak duduh, utawa těrik tuwin dhendheng ragi. Utake sambělěn goreng, kobis, boncise gaweněn sěmur santěn, utawa sěmur kecap, thokolane kuahe kang ginawe janganan: gaweněn tumis”.</i></p> <p>b. <i>“Ulamipun kambangan tuwin ayam kaolah punapa?”</i></p> <p>a. <i>“Bebek pitike aja ko pěcah, gaweněn iwak gědhe bae,</i></p>	<p>a. Perkiraanmu kamu akan memakai daging kerbau seberat berapa ratus?</p> <p>b. Ambil seberat 500 (25 kathi) saja dahulu, kecuali jerowan atau otak.</p> <p>a. Berat 100 (5 kathi) harga berapa.</p> <p>b. Paling mahal 1 kathi harganya 1 dikalikan 5 menjadi 15 wang</p> <p>a. “Iya mbok, cukupan ambil 500 saja dahulu, kalau kurang gampang. Daging yang lunak buatlah dendeng age dan empal, koyornya buatlah daging kuah, atau terik serta dendeng ragi. Otaknya buatlah sambal goreng, hati dan isonya buatlah sesaji, berilah santan kental. Kobis boncis buatlah sayur semur santan atau semur kecap, kecambah kelebihan yang dibuat sayuran buatlah tumis”.</p> <p>b. Dagingnya itik serta ayam diolah apa?</p> <p>a. Itik dan ayamnya jangan dipecah, buatlah besar saja jadi enak ditonton. Itiknya kamu opor</p>
---	---

dadi smuwa tinonton, bebeke oporèn bae, opore panggang loro, opor godhog loro.

(h.5) Pitike milih babon sing madht, sēmuren bae, sēmur santèn loro, sēmur kecap loro. Karo maneh gawe panggang jago kang lagi lumancar papat, arehana santèn kanil, iku kabeh laden rong prangkat. Dhahar dalem karo dhahar pēdhapa, paronēn byak baě, besuk kang sēparo tampakna marang si Jayanimpuna sēparo ladekna marang dalem. Iku yen ko estokake kabeh wis ora kurang samawa, mulane aku tutur akeh-akeh, awit yen wis akeh dhayoh, aku wis ora bisa caturan karo kowe bab pisuguh. Saru yen aku isih mikir marang kēbutuuhaning pawon, mulane kowe di bisa. Kowe dak gawani dhuwit 50 rupiah, bubar gawe bae etung-etungan pira ěnteke”.

b. “Inggih sēndika”.

saja. Opor panggang 2, opor rebus 2.

Ayamnya pilihlah betina yang padat, semuren saja. 2 santan semur, 2 semur kecap. Lagipula buatlah 4 jago panggang yang cukupan, berilah kuah santan kental, itu semua disajikan 2 paket. Untuk makan di dalam dan untuk makan di pendapa, bagi dua yang setengah kamu serahkan kepada Jayanimpuna setengahnya sajikan di dalam. Semua itu kalau kamu laksanakan sudah tidak kurang. Maka saya bahnjak kata sebab kalau sudah banyak tamu, saya sudah tidak dapat berbicara denganmu tentang jamuan. Memalukan jika saya masih memikirkan terhadap kebutuhan dapur, makanya kamu yang dapat. Kamu saya beri Rp. 50, setelah hajatan saja kita hitung habisnya.

b. Iya baik.

<p>a. <i>“Wis ta mangkata, Mbok Jagakarsa undangĕn mrene”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih”.</i></p> <p>Raden Nganten a. <i>“Mbok Jagakarsa”.</i></p> <p>Jagakarsa b. <i>“Kula”.</i></p> <p>a. <i>“Kowe tak kongkon mĕnyanga kuwadeyan, tukua plemek”.</i></p> <p>b. <i>“Kagĕm punapa Ndara?”.</i></p> <p>a. <i>“Putumu Den Lara arĕp disunatake karo bapakne Den Bagus, dibarĕng tingalan tumbuk besuk ĕmben”.</i></p> <p>b. <i>“E, sokur: ta Ndara, tumuntĕn dipun tĕtĕsakĕn, ingkang putra sampun kĕtingal therok-therok, mĕnawi kasep saru tingalipun”.</i></p> <p>a. <i>“Mangsa, bocah durung ganĕp ngumur 10 taun bae kasep”.</i></p> <p>b. <i>“Kala putu kula pun Caplis rumiyin ngumur 8 taun sampun kula sunatakĕn, anakipun tangga kula Mbok Warujene, inggih sawĕg ngumur 8 taun</i></p>	<p>a. Sudah berangkatlah, Nyai Jagakarsa undanglah kesini.</p> <p>b. Ya.</p> <p>Raden Nganten a. “Nyai Jagakarsa”.</p> <p>Jagakarsa, b. “Hamba tuan”.</p> <p>a. “Kamu saya perintahkan ke toko kain, membeli kain alas”.</p> <p>b.” Untuk apa tuan”.</p> <p>a. Cucumu Den Rara akan disunatkan ayahnya den Bagus, dilaksanakan bersama dengan peringatan tumbukkelak.</p> <p>b. E, syukur tuan, segera disunatkan, ananda sudah tampak cantik, kalau terlambat malu dilihat.</p> <p>a. Masa-kan, anak belum genap 10 tahun saja terlambat.</p> <p>b. Ketika cucu saya si Caplis dahulu umur 8 tahun sudah saya sunatkan, anaknya tetangga saya Nyai Warujen juga umur 8 tahun disunatkan.</p>
--	---

<p><i>dipunsunataken”</i></p> <p>a. <i>Geseh kowe kuwi, anake wong kampung kopadhakake (h.6)karo anakku utawa putraning priyayi”</i></p> <p>b. <i>“E, dados bentèn Ndara”.</i></p> <p>a. <i>“Beda-bedaa, yen isih kəciliken iku kějaba durung mangsane dēloke saru”.</i></p> <p>b. <i>“Dados kosokwangsul kalih cipta kula”.</i></p> <p>a. <i>“Iya”.</i></p> <p>b. <i>“Anggen kula tumbas lemek pintèn Ndara?”.</i></p> <p>a. <i>“Aja akeh aja sēthithik, jupukěn bae, yen ora sungsun pitu, iya sanga”.</i></p> <p>b. <i>“Kapetang mawon Ndara, kadosta: letrek 1, sindur 1, bangun tulak 1, mayang mēkar 1, lwatan 1, yuyu sakandhang 1, sinjang bathik lurik 2, sembagi warni kalih nigang kacu 2, punika sampun warni 9”.</i></p> <p>a. <i>“Iya sěmono wae wis cukup, lan tukang jarik</i></p>	<p>a. Beda kamu itu, anak orang kampung kamu samakan (h.6)dengan anakku atau anaknya piyayi.</p> <p>b. E, jadi beda tuan?</p> <p>a. Ya sangat berbeda, kalau masih terlalu kecil itu selain belum waktunya juga tidak baik.</p> <p>b. Jadi berlawanan dengan pendapat saya.</p> <p>a. Iya.</p> <p>b. Saya membeli kain berapa tuan?</p> <p>a. Jangan banyak (juga) jangan sedikit, ambillah kalau tidak 7 susun ya 9 susun.</p> <p>b. Dihitung saja tuan, seperti; 1 letrek, 1 sindur, 1 bangun tulak, 1 mayang sekar, 1 liwatan, 1 yuyu sekandhang, 2 kain lurik, 2 sembagi dua warna (ukuran) 3 kacu, itu sudah 9 warna.</p> <p>a. Ya sekian itu sudah cukup. Dan belilah kain panjang cap-capan 1 kodi</p>
--	---

cap-capan sĕkodhi (=20 iji) lan sĕmbagi saĕmblog (= 30 kacu) kanggo paringan. Gilo dak gawani dhuwit 50 rupiyah, besuk bubar gawe bae etung-etungan pira ĕnteke”.

b. *“Inggih sendika”.*

a. *“Karo dene maneh sisan gawemu banjur goleka godhong kanggo plemek ngisor, kayata: godhong kluwih, godhong apa-apa, godhong koro, dhadhap srĕp lan alang-alang.”*

b. *“Inggih sĕndika, ngajĕngakĕn kangge ing damĕl kemawon kula mĕndhĕt sakĕdhap”.*

a. *Sakarĕpmu sak wisa aku tutur, e ora Mbok mangkatmu bĕcik mampira mĕnyang omahe bong wadon Mbok Wagaprana ing kampung Rĕksaniten. Saka kono banjur mĕnyanga pasar, bĕjanana yen besuk ing dina sĕlasa Legi dak undang mĕnyang omahku, wayah jam 8 esuk*

(20 biji) dan sembagi 1 emblog (30 kacu) sebagai pemberian/souvenir. Ini saya kasih uang Rp. 50. Kelak setelah selesai kita hitung berapa habisnya.

b. Ya, baiklah.

a. Dan juga sekalian kerjamu carilah daun untuk alas di bawah, seperti: daun kluwih, daun apa-apa, kaun koro, dadap serep dan ilalang.

b. Ya baiklah, menjelang akan digunakan saja saya mengambilnya.

a. Terserah yang penting saya sudah memerintahkan. E, Nyai berangkatmu ini mampirlah ke rumah tukang sunat perempuan Nyai Wagaprana di kampung Reksaniten. Dari sana kemudian berangkatlah ke pasar, informasikan kalau besuk hari Selasa Legi saya undang ke rumahku jam 8

<p><i>wisa tĕka ana ing kene, tak kon nyunati Den Lara”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih sĕndika, punapa sampun botĕn wontĕn dhawal malih”.</i></p> <p>a. <i>“Wis, Mbok mangkata mumpung esuk”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih”.</i></p> <p>Tangkilan a. <i>“Tra (cĕkakan: sastra)”.</i></p> <p>(h.7)Sastraubaya b. <i>“Kula”</i></p> <p>a. <i>“Besuk tanggal ping 7, kabĕnĕr wĕtonku tumbuk ngumur 33 tahun, aku arĕp nganggo ngatur-aturi kanca sawatara, ana malĕme dina Sĕlasa Lĕgi, esuke tĕrus jagongan wadon, sunate Den Lara. Aku gawekna ngengrengan ulĕm”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih Sendika”.</i></p> <p><i>Sĕrat saha sĕmbah pangabĕkti (Utawa sarta ingkang taklim lan salam taklim lan salam) Ngabei Tangkilan sakalian, katur panjĕnĕnganipun ingkang rama, (utawa raka lan rayi lan putra) Raden Ngabei (utawa Mas Ngabei) sĕkaliyan.</i></p> <p><i>Sasampunipun kados mĕnika wiyosipun kula ngaturi uninga ing</i></p>	<p>pagi agar sudah siap di sini. Saya perintahkan menyunat.</p> <p>b. Ya baiklah, apakah sudah tidak ada perintah lagi?</p> <p>a. Sudah, berangkatlah selagi pagi.</p> <p>b. ya.</p> <p>Tangkilan, a. Tra (kependekan: Sastra).</p> <p>Sastraubaya b. Saya.</p> <p>a. Besok tanggal 7 bertepatan dengan hari lahirku tumbuk umur 33 tahun, saya akan mengundang beberapa teman, pada malam Selasa Legi, pada pagi harinya lalu jagongan perempuan, sunatnya den Rara. Buatlah saya rancangan undangan.</p> <p>b. Ya baik.</p> <p>Surat dan hormat kami (atau serta taklim dan salam taklim dan salam) Ngabehi Tangkilan berdua, kepada ayahnda (atau kepada kakak dan adik dan nanda) R. Ngabehi (atau Mas Ngabehi) berdua.</p> <p>Setelah itu saya memberitahukan kepadamu, besok pada hari Selasa Legi</p>
---	--

panjĕnĕngan sampeyan, benjing ing dintĕn Sĕlasa Lĕgi tanggal kaping 7 wulan Rabingulakir punika. Kalĕrĕs tumbukipun wedalan kula ngumur 33 taun, enjingipun nyunatakĕn anak kula estri nama Suwarni.

Ingang punika mĕnawi ndadosakĕn danganing panggalih saha sĕla ing padamĕlan, benjing malĕm Sĕlasa Lĕgi wau panjĕnĕngan sampeyan kula aturi pinarak dhatĕng ing griya kula, lĕlĕnggah supados angsala wilujĕng sapanginggilipun. Saha ing dintĕn Sĕlasa Lĕgi wanci jam 9 enjing rayi sampeyan ibu (Utawi mbakayu) dipun aturi tiyang estri, mugi kĕparĕnga nguningani rising sunatipun anak kula wau, supados angsala barkah pangestu wilujĕng sapanginggilipun.

Wusana sangĕt ing pangajĕng-ajĕng kula saha tiyang estri, rawuhipun bapak sĕkaliyan.

Sinĕrat

Ngabei

b. "Punika sampun rampung".

a. "Gawanen mrene tak priksanane.

tanggal 7 bulan Rabiulakir ini. Bewrtepatan dengan tumbuk kelahiran saya genap 33 tahun. Pada pagi harinya menyunatkan anak saya wanita bernama Suwarni.

Oleh sebab itu jika berkenan di hati serta longgar dari kesibukan, besok malam Selasa Legi, anda saya undang datang di rumah saya, duduk, agar memperoleh keselamatan dan seterusnya. Serta pada Selasa Legi jam 9 pagi adindamu ibu (atau kakanda) diundang oleh istriku, semoga berkenan melihat pelaksanaan sunatan anak saya tadi, supaya memperoleh berkah restu keselamatan dan seterusnya.

Akhirnya saya beserta istri sangat berharap, kedatangan ayah berdua.

Ditulis

Ngabei

b. Ini sudah selesai.

a. Bawalah kemari saya periksanya.

Kaya wis kapenak (h.8) kabeh, mung tembung pajenengan sampeyan, aku ora dhemen: becik nagnggo tembung raket panjenenganipun Bpak. Wis nuli garapen mung iku owah-owahanku, mengko sore rampungna, banjur ladekna marang aku, tak tekenane, sesuk esuk lakokna, pasrahna kanca jajar sing duwe laku rewang kanca duwe gawe”.

b. “Inggih sendika”.

*Tangkilan a. “Nimpuna”.
Jayanimpuna b. “Kula”.*

a. “Dhuwitmu sing ko cĕkĕl kari pira”.

b. “Tirahan paos Mulud kĕpĕngkĕr mĕnika kĕjawi cĕkapan dhahar sĕtĕngah taun £ 75 x 6 = £ 450 sarta arta beceran a £ 25 x 6 = £ 150 gunggung £ 600. Ingkang £ 400 sampun kula aturakĕn ing pĕnjĕnĕngan sampeyan kala bibar grĕbĕg lĕt 8 dintĕn, gunggung paos Mulud jangkĕp £ 1000”.

a. “Dadi wis ora nyĕkĕl dhuwit mirunggan ane (cĕkakan: aranane)”.

b. “Botĕn, arta bayaran sambutan dhatĕng toko kula dereng

Tampaknya sudah baik semua, hanya kata panjenengan sampeyan saya tidak suka. Lebih baik memakai kata yang akrab *panjenengan bapak*. Sudah kerjakan, hanya itu perubahannya, saya tandatangani, besok pagi kerjakan, serahkan teman jajar yang mempunyai teman.

b. Ya baiklah.

Tangkilan, a. Nimpuna.
Jayanimpuna b. Hamba (tuan)

a. Uang yang kamu pegang masih berapa.

b. Sisa peringatan Maulud yang lalu itu selain cukup makan $\frac{1}{2}$ tahun a f75x6= f 450 serta uang beceran a f 25x6= 150. Jumlahnya f 600. Yang f 400 sudah saya serahkan tuan ketika selesai peringatan selang 8 hari, jumlah semuanya peringatan Maulud f 1000.

a. Jadi sudah tidak memegang uang sisa namanya. (kependekan arane0

b. Tidak, uang pembayaran ke toko saya belum diberi,

<p><i>kaparingan, awit dereng wancinipun bayar”.</i></p> <p>a. <i>“Ana pira utangku?”.</i></p> <p>b. <i>“Rekëning: kula dereng tampi, nanging kodholanipun wontën, namung kantun £ 52,50,-“.</i></p> <p>a. <i>“Iku cikkën, besok gampang. Turahan dhuwit patangatus, saiki tak balekake marang kowe, nanging kari £ 300,- kang £ 100,- wis dak wenehake marang raden nganten. Iku tindakna kanggo wragad ing tumbukan sarta sunatan, aja kongsi nyakak marang dhuwit blanja sarta becera kang wis ko tamtokake kanggo pangan sëtengah taun. Kaya ya wis cukup wragad samono. Awit wis ora tuku bëras kayu bebek pitik, laden saka ing desa wis nyukupi. Yen ana panjaluke den nganten, kanggo tuku barang sarta marang kabutuhan ing pawon wehana, (h.9) nanging aja sèpi pratelan apa barang kang tinuku. Kabeh lëbokna ing ëbuk, kanggo pengëtan utawa pëpiritan yen ing tëmbe buri bisa duwe gawe maneh”.</i></p>	<p>sebab belum waktunya membayar.</p> <p>a. Berapa hutangku?</p> <p>b. Rekening/tagihan saya belum menerima, tetapi catatannya ada, hanya tinggal £ 52,50,-“.</p> <p>a. Itu biarkan, besok mudah. Sisa uang 400, sekarang saya kembalikan kamu, tetapi tinggal f 300 yang f 100 sudah saya berikan R Nganten. Iku laksanakan untuk biaya peringatan tumbuk dan sunatan, jangan sampai nyakak pada uang belanja serta becera yang sudah kamu pastikan untuk makan ½ tahun. Kira-kira sudah cukup biaya sekian itu, sebab sudah tidak beli beras, ayam, itik, dan kayu, pramusaji dari desa sudah cukup. Kalau ada permintaan dari R Nganten, untuk membeli barang serta terhadap kebutuhan dapur berilah, (h.9)tetapi jangan tanpa keterangan barang yang dibeli. Semua masukkan buku, sebagai catatan atau patokan kalau kelak ada hajatan lagi.</p>
--	--

<p>b. “<i>Inggih sëndika</i>”.</p> <p>a. “<i>Iwak panganan olah-olahan cara Walanda, kowe yasaa dhewe ana ngarĕpan, aja awor ana ing buri, mundhak ngrubĕdi pagaweaning wadon. Lumadine sĕlingan karo iwak, panganan olah-olahan cara jawa lan woh-wohan. Tĕpunga karo pawon buri, kowe njaluk pirang piring, ing kana mung bakal nyadhiyani</i>”.</p> <p>b. “<i>Inggih sëndika. Kula nun nimbali koki</i>”.</p> <p>a. “<i>Iya yen ko olah dhewe mangsa enaka, wong dudu gaweanmu</i>”.</p> <p>b. “<i>Miturut ungĕling buk</i>”.</p> <p>a. “<i>Sanadyan mangkonoa iya isih tuna dungkape mĕntah matĕnge ora sĕdhĕng ndadekake owahing rasa. Tĕrkadhang sok bisa dadi ora kalap dening bobrok pangolahe mbadhĕl utawa gosong kakehan gĕni</i>”.</p> <p>b. “<i>Mĕnawi pancen mawi koki punapa botĕn prayogi barangipun kemawon kaparingakĕn mrika, awit ngundang koki punika kathah bayaranipun, sĕdintĕn sĕdaluh botĕn purun saringgit</i>”.</p> <p>a. “<i>Bĕcik ngundang koki tinimbang</i></p>	<p>b. “Ya baiklah”.</p> <p>a. Daging (dan) makanan diolah ala Belanda, kamu buat sendiri di depan, jangan campur yang di dapur, akan mengganggu pekerjaan wanita. Disajikan berselingan dengan daging, maskaan ala Jawa dan buah-buahan. Berkomunikasi dengan dapur, mintalah beberapa piring, disana hanya akan menyediakan.</p> <p>b. Ya baiklah, saya akan memanggil koki.</p> <p>a. Ya, kalau kamu masak sendiri mustahil enak, karena bukan pekerjaanmu.</p> <p>b. “Menurut penjelasan buku”.</p> <p>a. Walau demikian kurang lebih dan masak mentahnya tidak sama mengubah rasa. Sering tidak berguna karena maskannya mentah atau gosong kebanyakan api.</p> <p>b. Kalau memang pakai koki apakah tidak lebih baik barangnya diserahkan ke sana. Sebab mengundang koki itu banyak upahnya, sehari semalam tidak mau seringgit.</p> <p>a. Lebih baik mengundang koki</p>
---	--

<p><i>barangmu ko pasrahake marang omahe, mēsthi akeh sing dicolongi. Ora gēlēm opah saringgit, iya undhakana, mangsa ngantiya limang rupiyah: ora. Kowe ngowěl dhuwit limang rupiyah ora sumurup yen barangmu dibathi pangaji sēpuluh rupiyah. Tur isih nganggo ngopahi, iku ora nyatur gēlaning ati dibodhokake marang koki”.</i></p> <p>b. <i>“Sapunika kula sampun tērang wadosipun koki sarta badhe botēn nganděl dhatēng wicantēnipun”.</i></p> <p>a. <i>“Mēnyango loji bae”.</i></p> <p>b. <i>“Punapa botēn prayogi dhatēng Pacitan sagēd (h.10) pikantuk mirah”.</i></p> <p>a. <i>“E, kēpriye ta, kowe kuwi. Minuman saka ing Pacitan iku kējaba ala, isih dipalsu. Mulane rēgane murah banget, tinimbang karo rēganing minuman saka ing loji”.</i></p> <p>b. <i>“Srutu, , mērtega, keju, tuwin ulam, bleg-blegan punapa inggih makatēn”.</i></p> <p>a. <i>“Iya, kēna ko kiyas kabeh iku ana kang enak. Sing kēna ko andel mung teh, cēngkuwih, gula batu, tai kucing tuwin manisan, iku kabeh bēcik. Nanging diawas</i></p>	<p>daripada barangnya kamu serahkan dirumahnya, pasti banyak yang dicuri. Tidak mau upah seringgit, ya naikkan, masakan sampai Rp. 5. Kamu mencegah Rp. 5 tidak tahu kalau barangmu diambil seharga Rp. 10. Lagipula masih memberi upah, itu tidak dikatakan kecewanya hati dibodohi oleh koki.</p> <p>b. Sekarang saya tahu rahasianya koki serta tidak mau percaya terhadap perkataannya. Minuman saya beli dimana?</p> <p>a. Berangkatlah ke loji saja.</p> <p>b. Apakah tidak lebih baik ke Pacitan saja, lebih murah.</p> <p>a. E, bagaimanA kamu itu? Minuman dari Pacitan itu selain jelek, masih dipalsu. Maka harganya murah sekali dibandingkan dengan harga minuman di loji.</p> <p>b. Srutu, mertega, keju dan ikan, apakah juga kalengan?</p> <p>a. Ya bolehlah kamu kiyas, semua itu enak. Yang kamu percaya hanyalah teh, cengkuwih, gula batu, tai kucing, serta manisan, semua baik. tetapi waspadalah</p>
--	---

lakuning bobot, paribasan kēmēdhep kasep. Awit wis watake bangsa Cina dhēmēn ngurangi bobot utawa ukuran. Nyolong sadina-dina dening bodhone bangsaku wong Jawa durung sumurup bēnēr luputing bobot utawa ukuran. Kaya ta tuku gula sĕkati rĕga karoteng, ana: rĕga wolulas dhuwit, iya ana, rĕga rong wang iya uga ana. Mung nuruti karĕpe si Jawa kudu njaluk murah, ora sumurup tumiba ing larang dening kuranging bobot utawa ukuran, mau”.

b. “Minuman saha sanes-sanesipun wau kula tumbas dhatĕng toko pundi?”

a. “Tukua marang Toko Tuwan Brongkos bae (C Van Bronkhorst sakidul kreteg gantung punika) nanging janjekna, yen pĕnganggomu ana turahe; kĕna bali. Dene gula tehe sapanunggalane, tukua marang Gĕdhong Gĕdhe (sawetan krĕtĕg agĕng) kĕnceng bae bisa oleh murah. Nanging arahĕn aja kongsi turah akeh-akeh, bĕcik kĕpara kurang, tuku maneh pira suwene. Awit ngrawati gula teh kowe mangsa bisaa kaya bangsa Cina; oea, ora wurung tehmu

terhadap timbangan, ibarat berkedip terlambat. Sebab sudah wataknya cina senang mengurangi berat atau ukuran. Mencuri setiap hari karena kebodohan orang Jawa, belum mengerti salah atau benar berat dan ukurannya. Seperti membeli gula sekati harga karotengah ada, 18 wang juga ada, harga 2 wang juga ada. Hanya menuruti orang Jawa minta harga murah, tidak tahu jatuhnya lebih mahal karena tdak tahu berat atau ukuran tadi.

b. Minuman serta lain-lainnya tadi saya jadi beli di toko mana?

a. Belilah di tokonya Tuan Brongkos (C. van Bronkhorst, sebelah selatan jembatan gantung) tetapi kamu membuat perjanjian kalau barangnya lebih dapat dikembalikan. Adapun gula teh dan lain-lainnya belilah di Gedong Gede (sebelah timur jembatan besar) tunai saja dapat harga murah. Tetapi perhatikan jangan sampai berlebih banyak, lebih baik kurang, beli lagi tidak lama. Sebab merawat gula dan teh kamu tidak bisa seperti Cina. Pada akhirnya tehmu menjadi

<p><i>dadi ngabar, gulamu nyēmlek”.</i></p> <p>b. <i>“Kajěng obong kula tumbas dhacinan, punapa ngangge kajěng rencek ngadhang tiyang saking dhusun”.</i></p> <p>a. <i>“Běcik tukua dhacinan bae měnyang Běton; kějaba ora kěblondrong panukumu, anggone menter ora blěbės. Mung kangelan měcahe sawatara, wong desa ora kurang. Matekna wong siji bae madung (h.11) kayu mangsa kantuwa; ora”.</i></p> <p>b. <i>“Punapa sampun botěn wontěn dhawuh malih kula badhe lumampah sapunika”.</i></p> <p>a. <i>“Sisan lakumu měnyanga Kěmlayan, goleka niyaga, pasrahna pangarěpe bae. Aku njaluk gawene kanca niyaga, dalemén cacah 14, nabuh sadina sawěngi opahe pira”.</i></p> <p>b. <i>“Bilih niyaga sae sampun wontěn planggěranipun lenging kěpetang racak niyaga satunggal, sědintěn sědalú sarupiyah, undha usuking bayaran. Wontěn pranatanipun pangajěng kapirit saking awrat entheng tabuhan sarta undha usuking kasagědanipun. Dados</i></p>	<p>hambar gulamu mencair.</p> <p>b. Kayu bakar saya beli dacinan, apakah memakai kayu cabang mencegat orang desa lewat.</p> <p>a. Lebih baik kamu beli dacinan ke Beton. Selain tidak tertipu juga nyala apinya baik tidak berasap. Hanya sulit dipecah, orang desa banyak. Pilih satu orang untuk memecah kayu, mustahil terlambat, tidak.</p> <p>b. Apa sudah tidak ada perintah lagi, saya akan berangkat sekarang.</p> <p>a. Sekaligus perjalananmu kamu mampir ke Kemlayan, carilah niyaga. Serahkan pemimpinnya saja. Saya minta tolong para niyaga, sejumlah 14 orang selama sehari semalam upahnya berapa.</p> <p>b. Kalau niyaga bagus sudah ada patokannya dapat dihitung rata-rata niyaga satu sehari semalam Rp. 1. Kira-kira bayarannya. Ada aturannya disesuaikan dengan berat ringannya tabuhan serta tinggi rendahnya kepandaiannya. Sehingga</p>
--	---

<p><i>bayaraning niyaga botĕn sami nyarupiyah, wontĕn ingkang langkung wontĕn ingkang kirang”.</i></p> <p>a. <i>“Lah mĕngkonoa kĕna koanyang kurange saka 14 rupiyah”.</i></p> <p>b. <i>“Kajĕng kula inggih makaten, badhe kula awis, manawi purun 10 rupiyah dumugi 12 rupiyah”.</i></p> <p>a. <i>“Kowe apa wis duwe tĕpungan niyaga?.</i></p> <p>b. <i>“Sampun malah ingkang kula tĕpangi panjĕnĕnganipun nama Kyai Miling “. (naming gĕndhing)</i></p> <p>a. <i>“Kĕbĕneran ane. Bab tlĕdhek kowe apa bisa golek? ”.</i></p> <p>b. <i>“Sagĕdipun wau inggih sagĕd, nanging botĕn mĕsthi angsal ringgit ingkang sae. Nanging mĕnawi pangupados wau kapasrahakĕn dhatĕng niyaga, sak adhakan sagĕd angsal ringgit sae. Awit ringgit punika asring gadhah cocogan manah kaliyan niyaga ingkang badhe nabuh”.</i></p> <p>a. <i>“Sak mĕngkonoa bĕcik pasrahna marang Kyai Miling bae, ora kangelan tur sok bisa oleh tlĕdhek bĕcik”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih sĕndika. Punapa sampun tĕrang dhawuh sampeyan”.</i></p> <p>a. <i>“O, o, kĕlalen aku, Tuwan Brongkos kuwi totok, durung pati</i></p>	<p>bayaran niyaga tidak sama Rp 1 semua, ada lebih ada yang kurang.</p> <p>a. Namun dapat kamu tawar kurang dari Rp. 14.</p> <p>b. Maksud saya juga demikian, akan saya tawar, kalau mau Rp. 10 sampai Rp. 12.</p> <p>a. Kamu apakah sudah mempunya kenalan niyaga.</p> <p>b. Sudah bahkan yang saya kenal bernama Kyai Miling (nama lagu).</p> <p>a. Kebetulan. Tentang teledak apakah kamu bisa mencari?</p> <p>b. Biasanya sih bisa tetapi belum tentu dapat yang bagus. Tetapi kalau diserahkan kepada niyaga biasana dapat yang bagus. Sebab wayang itu kecocokan hati dengan niyaga yang akan menabuh.</p> <p>a. Kalau demikian serahkan kepada Kyai Miling saja. Tidak kesulitan dan memperoleh teledak yang bagus.</p> <p>b. Ya baiklah. Sudah jelas perintah tuan.</p> <p>a. O lupa saya, tuan Brongkos itu Belanda, belum fasih Jawa,</p>
--	---

bisa cara Jawa: kowe ora pati (h.12)bisa cara Mlayu susah mēngko olehmu rēmbugan. *Bēcik aku bae sēdhela mrana kětēmu dhewe, tak nunggang jaran bae, kowe dhisika*".
b. "Inggih sēndika".

Karyaboga a. "Pundi woh-wohan sing bēcik-bēcik nika".

Tarupala b. "Niku napa kurang bēcik".

a. "Dadi ajēng dinggo pista niku woh-wohan kaya makatēn'.

b. "Kula wētōni sing apik-apik, sampun dianyang sakēcoh-kēcohe nggih".

a. "Botēn. La dika suntak saka sēnik kabeh, mēngke kula pilihane".

b. "Leh (cěkakan: oleh) dika ajēng tuku salak pintēn, kathik sasēnik dikon nyuntak kabeh?"

a. "Dadi ajēng tuku satus niku botē kēna milih? n

b. "E, kējaba ta nek, tuku akeh. Dawēg dika pilih sing njlimēt".

a. "Pundi pintone?"

b. "Nek salaki enak lan gēdhe-gēdhe botēn ontēn pintane. Nek kēdadeyan panganyange mawon, dika mēcah siji, nek botēn enak: bali".

a. "Niki sējinahe pintēn".

b. "Patang wang".

kamu tidak (h.12)bisa bahasa Melayu, sulit kamu nanti berembug. Lebih baik aku sendiri ke sana, saya naik kuda saja, amu duluan.

b. Ya baiklah.

Karyaboga a. Mana buah-buahannya yang baik itu".

Tarupala b. Itu apa kurang baik?

a. Akan dipakai pesta itu buah-buahan seperti itu?

b. Saya keluarkan yang baik-baik, jangan ditawar seenaknya ya.

a. Tidak. Nah tumpahkan dari sēniksemua, nanti saya pilih.

b. Tuan mau beli berapa, kok saqksenik disuruh menumpahkan semua?

a. Akan beli 100 itu tidak boleh memilih?

b. E kecuali kalau membeli banak, silakan tuan pilih yang teliti.

a. Mana pintone?

b. Kalau salak enak-enak dan besar tidak ada pintone. kalau berhasil penawarannya saja kamu memecah satu, kalau tidak enak dikembalikan.

a. Ini sejinahe berapa?

b. Patang wang

<p>a. <i>“Tobat, tobat, napa siji cucuke ngrong gobang”.</i></p> <p>b. <i>“Niki mangsa murah salak, napa ěmpun larang”.</i></p> <p>a. <i>“Bĕnĕr ěmpun larang, anuwa nika mangsa ngantiya ngrĕga rong gobang siji”.</i></p> <p>b. <i>“Enggih dika anyang. Ampun pijĕr maoni wong tawa mawon”.</i></p> <p>a. <i>“Ngrong wang sĕjinahe aweh”.</i></p> <p>b. <i>“Tĕsih tangĕh”.</i></p> <p>a. <i>“Pintĕn barese mawon?”.</i></p> <p>(h.13)b. <i>“Sĕtali ěmpun botĕn kĕna kurang sigar”.</i></p> <p>a. <i>“Empun ta, kula undhaki dadi rong kĕthip”.</i></p> <p>b. <i>“Botĕn oleh”.</i></p> <p>a. <i>“Tĕlung teng botĕn oleh”.</i></p> <p>b. <i>“Dika ajĕng tuku pintĕn atus ta?”</i></p> <p>a. <i>“Wau kula ěmpun tutur mung tuku satus mawon”.</i></p> <p>b. <i>“Dika milih ta, ěmpun kula wehake”.</i></p> <p>a. <i>“Empun niki mawon, kula njaluk peling lima”.</i></p> <p>b. <i>“Tobat, tobat, kathik ontĕn adol salak gĕdhe nganggo peling, niku cara pundi. Dikajupuk siji minangka pintone”.</i></p> <p>a. <i>“Kula tuku salak geyol sing onten dhasaran niku, satus mawon, diĕnggo cadhong niyaga, sĕjinahe sĕteng, dadi cucuke</i></p>	<p>a. Waduh apakah satu itu harganya 2 gobang?</p> <p>b. “Sekarang musim salak murah, ataukah sudah mahal.</p> <p>a. Benar sudah mahal, meskipun demikian masakan sampai 2 gobang.</p> <p>b. Ya tawarlah, jangan mencela orang menawarkan saja.</p> <p>a. 2 Wang sepuluh boleh?</p> <p>b. Masih mustahil.</p> <p>a. Berapa yang benar saja?</p> <p>b. Setali tidak boleh kurang.</p> <p>a. Sudahlah saya naikkan menjadi 2 kethip.</p> <p>b. Tidak boleh.</p> <p>a. 3 teng tidak boleh?</p> <p>b. Kamu mau berapa ratus to?</p> <p>a. Tadi saya sudah bilang akan membeli 100 saja.</p> <p>b. Kamu pilihlah, sudah saya berikan.</p> <p>a. Sudah ini saja, saya minta tambahan 5.</p> <p>b. Waduh orang jual salak besar-besar kok minta tambahan, itu cara mana. Kamu ambil 1 sebagai pintone.</p> <p>a. Saya beli salak geyol yang di bawah itu 100 saja, dipakai jamuan untuk niyaga, sejinahe seteng jadi cucuke nyigar.</p>
---	--

<p><i>nyigar</i>".</p> <p>b. "Dika niku nek nganyang-anyang olehe ngreyoh, dika duwe napa aweh kula tuku sĕmantĕn, nek botĕn nyĕdhuwit, kula botĕn aweh".</p> <p>a. "Empun ta, kula tuku molung dhuwit, sĕjinahe, dadi wolung wang sature".</p> <p>b. "Dika milih kula wehake, murah satak bathi sanak; wong ĕmpun akeh oleh dika tuku salak".</p> <p>a. "Jĕruk kĕprok, jĕruk pacitan sing apik dika napa ĕnggih duwe?"</p> <p>b. "Duwe mĕlih".</p> <p>a. "Dika wĕtokake. Pintĕn niki jĕruke kĕprok sĕjinah".</p> <p>b. "Saniki jĕruk kĕprok ĕmpun larang, kula adol sĕjinah: sĕpuluh wang?"</p> <p>a. "Napa siji nganti rĕga suwang".</p> <p>b. "Botĕn eram, kula, nek jĕruk kĕprok, athuk pundi yen nuju larang dening nuju tela; siji nganti rĕga sĕtali. Nek jĕruke pacitan rada ontĕn murahe, sĕjinah mung patang wang".</p> <p>a. "Satĕmĕne mawon pintn jĕruke kĕprok?"</p> <p>b. "Empun: ta, kula sudakake suwang".</p> <p>a. "Nek aweh wolung wang, kula tuku rong jinah, (h.14)dadi</p>	<p>b. "Kamu itu kalau menawarkan seenaknya saja, kamu punya apa boleh saya beli sekian, kalau tidak nyedhuwit saya tidak boleh.</p> <p>a. Sudahlah saya beli 8 dhuwit sejinahe, jadi 8 wang 100-nya.</p> <p>b. Kamu pilih saya berikan, <i>murah satak</i> untung saudara karena kamu sudah banyak beli salak.</p> <p>a. Jeruk keprok, jeruk Pacitan apakah kamu punya yang baik?</p> <p>b. Punya, lagi?</p> <p>a. Kamu keluarkan. Berapa jeruk keproknya sejinah (10 biji)?</p> <p>b. Sekarang jeruk keprok sudah mahal saya jual jeruk keprok 10 biji 10 wang.</p> <p>a. Apa 1 harganya sampai 1 wang?</p> <p>b. Tidak heran saya kalau jeruk keprok lebih baik mana kalau sedang mahal 1 sampai setali. Kalau jeruk pacitan agak murah, 10 biji hanya 4 wang.</p> <p>a. Yang benar saja berapa jeruk keproknya?</p> <p>b. Sudahlah saya kurangi 1 wang.</p> <p>a. Kalau diberikan 8 wang, saya beli 20 biji, (h.14)jadi sudah cocok</p>
--	--

<p><i>ěmpun cucuk molung dhuwit</i>".</p> <p>b. "Enggih ta, <i>ěmpun dika milih, kula wehake</i>".</p> <p>a. "<i>Jěruke pacitan gělisan mawon sějinahe kula tuku nyětali, kula tuku rong jinah</i>".</p> <p>b. "Enggih ta, <i>ěmpun kula wehake pisan</i>".</p> <p>a. "<i>Dhukune dika sok kabeh, kula ajěng tuku sewu</i>".</p> <p>b. "<i>Gampang ngěsokake, dika arěp pintěn satus</i>".</p> <p>a. "<i>Nek dhuku kula rak ěmpun kěrěp tuku mriki; kěrsane ndara kula lěgi-lěgine nek měntas dhahar dhuku; adate satus rong wang</i>".</p> <p>b. "Enggih <i>běněr, kula soke kabeh, dawěg dika milih</i>".</p> <p>a. "<i>Empun dika wideni, běněr napa botěn</i>".</p> <p>b. "<i>Ji, ro, lu, pat, ma, něm, tu, lu, nga, luh, las, athik sewu satus; niki</i>".</p> <p>a. "<i>Banjur mbusuki, tuku dhuku napa botěn oleh peling sějinahe siji, tukune sewu pintěn nek botěn satus</i>".</p> <p>b. "<i>E, ěnggih, běněr dika, sewu satus klěbu peling</i>".</p> <p>a. "<i>Jambune lěgen niku sějinahe rěga pintěn?</i>"</p> <p>b. "<i>Sětali</i>".</p>	<p>8 dhuwit.</p> <p>b. Ya sudahlah kamu pilih saya berikan.</p> <p>a. Jeruknya Pacitan segera saja 10 biji saya beli setali, saya butuh 20 biji.</p> <p>b. Ya sudahlah saya berikan sekalian.</p> <p>a. Dukunya kamu tumpahkan semua, saya akan beli 1000.</p> <p>b. Mudah menumpahkannya, kamu beli berapa 100-nya.</p> <p>a. Kalau duku saya sering beli sini. Kehendak tuanku buah manisnya sesudah makan (itu) duku. Biasanya 100nya 2 wang.</p> <p>b. Ya benar, saya tumpahkan semua silakan dipilih.</p> <p>a. Sudah kamu hitung ulang benar apa tidak.</p> <p>b. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, kok 1100 ini.</p> <p>a. Kemudian mbodohi apakah beli duku tidak boleh peling 10 biji satu. Belinya 1000 berapa kalau bukan 100?</p> <p>b. "E iya benar kamu, 1.100 termasuk tambahannya".</p> <p>a. Jambu manis itu 10 biji berapa?</p> <p>b. Setali.</p>
---	--

<p>a. <i>“Manggise?”</i></p> <p>b. <i>“Padha mawon, ěnggih sĕtali”.</i></p> <p>a. <i>“Gĕlisan mawon nek aweh ngrong wang, kula tuku nyatus”.</i></p> <p>b. <i>“Enggih ta, ěmpun, wong dika tuku akeh”.</i></p> <p>a. <i>“Mung keru gĕdhang mas, kula dereng tuku”.</i></p> <p>b. <i>“Lah niki kula ěnggih duwe, dawĕg dika dĕlok”.</i></p> <p>a. <i>“Kok ora pati abang ngene kulite. Napa niki tĕsuh ěnom disĕmprong”.</i></p> <p>b. <i>“Athik, kula adol gĕdhang sĕmprongan. Botĕn cara bakul gĕdhe adol woh-wohan botĕ apik. Niki rak dereng dalu mawon nanging didhahar ing priyayi ěmpun enak, sesuk dika tonton rupane mĕsthi pangling”.</i></p> <p>(h.15)a. <i>“Pintĕn niki sĕtangkep?”.</i></p> <p>b. <i>“Sĕtali niku kula wehke”.</i></p> <p>a. <i>“Rong wang nek aweh, kula tuku limang tangkep”.</i></p> <p>b. <i>“Enggih ěmpun ta, dika milih”.</i></p> <p>a. <i>“Empun niki mawon, kalih kula tuku mĕlih panganan niyaga: salak geyol, salak mundhu, kleca lan bĕsusu. Utawa gĕdhang pulut tuwin liya-liyane, mang pĕpaki rĕga rong rupiyah”.</i></p> <p>b. <i>“Enggih botĕn-botĕne, kula wehi larang”.</i></p>	<p>a. Manggisnya?</p> <p>b. sama saja, juga setali.</p> <p>a. Cepat saja kalau boleh 2 wang saya beli 100.</p> <p>b. Ya sudahlah karena kamu beli banyak.</p> <p>a. Tinggal pisang emas, saya belum beli.</p> <p>b. Ini saya juga mempunya, silakan kamu lihat.</p> <p>a. Kok tidak merah kulitnya. Apakah ini masih muda kamu panasi.</p> <p>b. Mustahil, saya jual pisang dipanasi. Tidak mungkin penjual besar jual buah-buahan tidak baik. Ini kan belum masak benar tapi kalau dimakan oleh piyayi sudah enak, besok kamu lihat warnanya pasti berbeda.</p> <p>a. Berapa ini satu tangkep?</p> <p>b. Setali itu, saya berikan.</p> <p>a. Dua (2) wang kalau boleh, saya beli 5 tangkeb.</p> <p>b. Ya sudahlah, kamu pilih.</p> <p>a. Sudah ini saja, tambah lagi saya beli makanan niyaga: salak geyol, semak mundu, kleca dan besusu. Atau pisang pulut dan lainnya, kamu lengkapi seharga 2 rupiah.</p> <p>b. Tidak mungkin, saya kasih harga mahal.</p>
--	---

<p>a. "Pintěn gunggungé dhuwite?"</p> <p>b. "Mangke kula ejrahe: <i>salak gědhe 100 a=10.25x10 = 2.5 dhuwit</i> <i>salak cilik 100 a=10.8 x 10 = 80 dhuwit</i> <i>jěruk kěprok 20 a=10.80 x 2 = 1.6 dhuwit</i> <i>jěruk pacitan 20 a=10.30 x 2 = 60 dhuwit</i> <i>dhuku 1000 a= 100.20 x 10 = 2 dhuwit</i> <i>jambu 100 a= 10.10 x 10 = 1 dhuwit</i> <i>manggis 100 a= 10.10 x 10 = 1 dhuwit</i> <i>gědhang mas 5 tangkeb a=20x 5=1 dhuwit</i> <u><i>panganan niyaga = 2.40 dhuwit</i></u> <i>gunggung 12.90 dhuwit =12.90dhuwit =£10.75</i> <i>rolas rupiyah gobang punjul sangang wang napa boten ěmpun bėněr.</i> a."Empun bėněr petung dika, kula wilangake dhuwite dhisik. Lah ěmpun niku dika wideni". b. "Empun ganěp, rolas rupiyah gobang punjul sangang wang".</p> <p>(h.16)Karyaboga a. "Iwak dika bot satus rěga pintěn?"</p>	<p>a. Berapa jumlah uang seluruhnya?</p> <p>b. Sebentar saya hitungnya: salak besar 100 a= 10.25 x 10 = 2,5 dhuwit salak kecil 100 a = 10. 8 x 10 = 80 dhuwit jeruk keprok 20 a=10.80 x 2 = 1,6 dhuwit jeruk pacitan 20 a=10.30 x 2 = 60 dhuwit duku 1000 a=100.20x10 = 2 dhuwit Jambu 100 a=10.10 x10 = 1 dhuwit manggis 100 a=10.10 x10 = 1 dhuwit pisang emas 5 pasang a=20x5 = 1 dhuwit makanan <u>untuk niyaga = 2.40 dhuwit</u> Jumlah 12.90 dhuwit= £10.75 12 rupiah gobang lebih 9 wang, apa tidak, sudah benar. a. Sudah benar hitunganmu, saya hitungkan uangnya dulu. Nah sudah kamu hitung ulang. b. Sudah genap, 12 rupiah gobang lebih 9 wang.</p> <hr/> <p>Karyaboga a. Dagingmu seberat 100 harganya berapa?</p>
--	---

<p><i>Banjaransari b. "Dika tuku seringgit mawon".</i></p> <p>a. <i>"Biyung, biyung mbok ampun kadohan pëmbalap"..</i></p> <p>b. <i>"Dika ënggih ëmpun dhëngër rëgane dadak nganggo takon".</i></p> <p>a. <i>"Pakbëlas uwang nek aweh".</i></p> <p>b. <i>"Dereng oleh".</i></p> <p>a. <i>"Empun ta kula suda sëteng kalih adate, dadi kula tuku limalas teng, kula tuku bot limang atus".</i></p> <p>b. <i>"E, e, kok akeh oleh dika tuku iwak, napa ndara dika ajëng kagungan gawe".</i></p> <p>a. <i>"Enggih ajëng nëtësake putrane".</i></p> <p>b. <i>"Wong akeh olehe dika tuku; kula wehake, kula sudakake sëteng kaya panjaluk dika. Pancene iwak bot satus botën këna kurang saka rëga limalas uwang".</i></p> <p>a. <i>"Utake kula tuku sëtangkëb, atine sablebek isine sërëgan sadhompol, pintën rëgane niku?".</i></p> <p>b. <i>"Dika tuku srupiyah mawon".</i></p> <p>a. <i>"Napa sarupa nganti rëga matang wang. Nyëtali nek aweh".</i></p> <p>b. <i>"Botën".</i></p> <p>a. <i>"Sëpuluh wang botën aweh".</i></p> <p>b. <i>"Enggih ta, ëmpun, dika pek".</i></p> <p>a. <i>"Pintën gunggune dhuwite?".</i></p> <p>b. <i>"Limalas teng ping lima".</i></p>	<p>b. Kamu beli seringgit saja.</p> <p>a. Waduh, waduh bok jangan terlalu jauh</p> <p>b. Kamu juga sudah mengetahui harganya pakai tanya segala</p> <p>a. 14 wang kalau boleh</p> <p>b. Belum boleh.</p> <p>a. Sudahlah saya kurangi seteng dari biasanya, jadi saya beli 15 teng, saya beli seberat 500.</p> <p>b. E kok banyak belinya daging, apakah tuanmu akan ada hajatan?</p> <p>a. Iya akan menyunatkan anaknya.</p> <p>b. Karena kamu banyak belinya saya kasihkan. Saya kurangi seteng seperti permintaanmu. Sebenarnya daging seberat 100 tidak boleh kurang dari 15 wang.</p> <p>a. Otaknya saya membeli 2 buah, hatinya 1 lembar, isi seregan (jeroan) sedompol, berapa harganya?</p> <p>b. Kamu beli Rp 1 saja.</p> <p>a. Apakah satu macam sampai seharga 4 wang. Setali kalau boleh.</p> <p>b. Tidak.</p> <p>a. 10 wang boleh tidak?</p> <p>b. Ya sudahlah kamu ambil.</p> <p>a. Berapa jumlah uangnya?</p> <p>b. 15 teng x 5.</p>
--	--

<p><i>sing sepuluh wang ping lima dadi sekēt wang = 500 dhuwit</i></p> <p><i>sing patang wang ping lima dadi rongpuluh wang = 200 dhuwit</i></p> <p><i>sing sēteng ping lima dadi tēlung teng = 25 dhuwit</i></p> <p><i>kalih sēpuluh wang = 100 dhuwit</i></p> <p><i>gunggung = 825 dhuwit</i></p> <p><i>(h.17) wolung puluh wang punjul tēlung teng, dadine putih sing sēwidak wang = £ 5 rupiyah</i></p> <p><i>sawidak wang kari tēlulukur teng, sing rolas wang = £ 1 rupiyah</i></p> <p><i>kari sawēlas teng, sing sangang wang = 75 sen</i></p> <p><i>kari karoten = 12½ sen</i></p> <p><i>gunggung = £ 6,87½ sen</i></p> <p><i>nēm rupiyah putih, wolung kēthip, punjul tēlung benggol, utawa padha kalih sēwēlas teng, padha enggih mēkatēn?”</i></p> <p><i>a. “Enggih ěmpun bēnēr, dereng kula wilangi dhuwite dika wideni”.</i></p> <p><i>b. “Empun ganĕp”.</i></p> <hr/> <p><i>Karyaboga a. “Kupingan, kembangwaru, kembang jambu, kembang duren, kēlak-kēling, widaran, ondhe-ondhe, cucur, niku satuse pintēn Nyah</i></p>	<p>Yang 10 wang x 5 jadi 50 wang = 500 dhuwit.</p> <p>Yang 4 wang x 5 jadi 20 wang = 200 dhuwit</p> <p>Yang ½ x 5 jadi 3 teng = 25 dhuwit Dan 10 wang = 100 dhuwit</p> <p>Jumlah = 825 dhuwit</p> <p>80 wang lebih 3 teng, jadinya putih yang 60 wang = £ 5 rupiah.</p> <p>60 wang tinggal 23 teng.</p> <p>Yang 12 wang = £ 1 rupiah, tinggal 11 teng. Yang 9 wang = 75 sen</p> <p><u>tinggal 2 teng = 12½ sen</u></p> <p>Jumlah = £ 6,87½ sen</p> <p>Rp 6 putih, 8 kethip, lebih 3 benggol atau sama 11 teng, sama apakah demikian?</p> <p>a. Ya benar, belum saya hitung uangnya kamu ulangi.</p> <p>b. Sudah genap.</p> <hr/> <p>Karyaboga, a. Kupingan, kembang waru, kembang jambu, kembang duren, kelakkeling, widaran, onde-onde, cucur, itu 100-nya</p>
---	---

<p><i>Nganten</i>".</p> <p>Seli*) b. "Molung wang, kuwih-kuwih kene bĕcik dhewe, tinimbang karo liya-liyane".</p> <hr/> <p>*)Tĕtiyang Jawi trahing alit kathah ingkang basa dhatĕng Cina pranakan sarta Nyonyah Cina; nanging dhateng Cina singkek botĕn basa. Kosok wangsulipun, bangswa Cina botĕn wontĕn ingkang purun basa dhatĕng bangsa Jawi, bilih botĕn dipun basani. Sanadyan dhatĕng tiyang ageng inggih botĕn purun basa, linintu cara Mlayu.</p> <p>(h.18)Karyaboga a. "Sĕtangsul nggih nyah".</p> <p>Seli b. "Dereng oleh, Wak".</p> <p>a. "Kawan teng napa botĕn angsal".</p> <p>b. "Kowe arĕp tuku pirang atus".</p> <p>a. "Ming tumbas gangsal atus, nanging mang wĕrnani sĕdantĕn".</p> <p>b. "Apeka ta, wis tak wehake".</p> <p>a. "Mĕngke kula milih, ĕmpun niki mawon ĕngga mang wadhahi. Niki lho yatrane kawan teng ping gangsal dados wolulas teng".</p> <p>b. "Wilangĕn ing dhulang kono</p>	<p>berapa nyah Nganten/ Seli*) b. 8 wang. Kue-kue disini paling baik dibanding lainnya.</p> <hr/> <p>*) orang Jawa keturunan rendah banyak yang bahasa halus kepada peranakan Cina atau Cina: tetapi kepada Cina asli tidak basa. Kebalikannya, Cina tidak mau berbahasa halus kepada orang jawa jika tidak berbahasa halus. Walau orang besar juga tidak mau diganti dengan Bahasa Melayu.</p> <p>Karyabogaa. 1 tali ya nyah?</p> <p>b. Belum boleh, bu.</p> <p>a. 4 teng apa tidk boleh?</p> <p>b. Kamu mau beli berapa?</p> <p>a. Hanya beli 500, tetapi kamu lengkapi semua.</p> <p>b. Ambillah, sudah saya kasihkan.</p> <p>a. Sebentar saya milih, sudah ini saja, kamu bungkus. Ini uangnya 4 teng x 5= 18</p> <p>b. Hitunglah di meja itu saja.</p>
--	---

<p><i>wae Wak</i>".</p> <p><i>Karyaboga a. "Pundi kobis boncise, lan sledri sing apik-apik kula pilihane".</i></p> <p><i>Rodamala b. "Sing ontěn dhasaran niki napa kirang sae, ngotěn".</i></p> <p><i>a. "Empun padha bėsēm, lan kula ajěng tuku akeh sing ontěn mburi niku mang suntak kabeh".</i></p> <p><i>b. "Engga, sědantěn".</i></p> <p><i>a. "Kobis sěpuluh, boncis sětakěr, sledri kaprine sěthithik niki mawon, dika jaluk pintěn?".</i></p> <p><i>b. "Mang tumbas tigang rupiyah mawon".</i></p> <p><i>a. "Karo tengah nek aweh".</i></p> <p><i>b. "Dereng, kobise mawon sědasa, nyuwange sětunggal ěmpun rěgi sědasa uwang".</i></p> <p><i>a. "Empun ta kula undhaki suwang dadi sangalas wang botěn aweh?".</i></p> <p><i>b. "Enggih dereng".</i></p> <p><i>a. "Rongpuluh wang, nek botěn aweh ěnggih ěmpun".</i></p> <p><i>b. "Enggih, ta ěmpun, kula sukakake".</i></p> <p><i>a. "Thokolane kalih kangkung lěmbayunge, tuwin jlegore utawa kacange sapěpake kangge janganan. Kula mang doli sětěngah rupiyah mawon".</i></p>	<p><i>Karyaboga a. Mana kobis boncisnya dan sledri yang baik-baik saya milih.</i></p> <p><i>Rodamala b. Yang dibawah ini apa kurang baik?</i></p> <p><i>a. Sudah pada layu, dan saya akan beli banyak yang di belakang itu tumpahkan semua.</i></p> <p><i>b. Ini, semuanya.</i></p> <p><i>a. Kobis 10, boncis 1 tempat, sledri dan kapri sedikit saja. Kamu minta berapa?</i></p> <p><i>b. Kamu beli Rp 3 saja.</i></p> <p><i>a. Rp 1,5 kalau boleh.</i></p> <p><i>b. Tidak boleh, kobisnya saja 10 a 1 wang sudah 10 wang.</i></p> <p><i>a. Sudahlah, saya tambah 1 wang menjadi 19 wang tidak boleh?</i></p> <p><i>b. Ya belum.</i></p> <p><i>a. 20 wang, kalau tidak boleh ya sudah.</i></p> <p><i>b. Ya sudahlah saya kasihkan.</i></p> <p><i>a. Kecambah dan kangkung lembayung serta jlegor atau kacang selengkapnya sebagai sayuran, kamu berikan Rp. 0,5 saja.</i></p>
--	--

<p>(h.19)b. <i>“Enggih, ěngga kula sukani mirah”</i>.</p> <p>a. <i>“Niki lho dhuwite rongpuluh wang, kalih sětengah dadi rong rupiyah punjul rong wang, mang tampani”</i>.</p> <p>b. <i>“Enggih”</i>.</p> <p>Karyaboga a. <i>“Kulanuwun Mbokmas”</i>.</p> <p>b. <i>“Napa saka blanja niku wau”</i>.</p> <p>a. <i>“Enggih”</i>.</p> <p>b. <i>“Kok akeh timěn nganti diburuhake wong loro”</i>.</p> <p>a. <i>“Putra sampeyan Ndara Den Nganten Bei Tangkilan, badhe kagungan daměl nětēsakěn putra ngantos siang dereng mantuk, kědangon awis-awisan kemawon, botěn kados tumbas mriki namung ndhawahakěn kemawon”</i>.</p> <p>b. <i>“Kula niki botěn bisanan tawatawa niku. Sěpisan nyuweni laku, akeh sing kula ladeni; kaping pindho sok bisa gawe kěblondronge wong nganyang. Prasasat kula ngapusi alus, dodolan botěn saběněre”</i>.</p> <p>a. <i>“Awis Mbokmas, kados panggalih sampeyan, wontěn sucining penggalih sadeyan tanpa tawi”</i>.</p> <p>b. <i>“Boten saka ngoten, mung murih kecukuping pagawean, tanpa tawa. Ewadene bau kula bocah papat olehe</i></p>	<p>a. Ini, uangnya 20 wang dan Rp. 0,5 jadi Rp 2 lebih 2 wang kamu terima.</p> <p>b. Iya.</p> <p>Karyaboga a. Permisi, mbok mas.</p> <p>b. Apakah dari belanja itu tadi?</p> <p>a. Iya.</p> <p>b. Kok banyak sekali sampai diburuhkan 2 orang.</p> <p>a. Anak tuan Ndara Nganten Bei tangkilan, akan punya hajatan menyunatkan putrinya. Sampai siang belum pulang karena banyak menawar, tidak seperti beli di sini hanya menjatuhkan saja.</p> <p>b. Saya itu tidak pernah menawarkan. Pertama memperlama perjalanan, banyak yang saya layani; kedua kadang menipu orang menawar. Seperti saya menipu halus, jual tidak sebenarnya.</p> <p>a. Jarang mBok mas yang seperti kamu memiliki hati bersih menjual tidak menawarkan.</p> <p>b. Tidak demikian, hanya ingin selesai pekerjaan tanpa menawar. Meski demikian, 4 pembantu saya dalam membungkus bumbu tidak pernah berhenti, itu kamu juga</p>
---	---

*mungkusi bumbu botĕn leren-leren,
lha niku dika ĕnggih wĕruh dhewe”.*

*a. “Kula sampeyan paringi sarĕm
sĕparah 12 wang = £ 1.*

traos abrit sĕbanon 8 wang = 67,-

traos pethak sĕbanon 6 wang = 50,-

traos cĕmĕng sĕbanon 3 wang = 25,-

brambang 2 takĕr 16 wang = 1.33,-

brambang 2 gedheng 8 wang = 67,-

mrica, pala, tumber jintĕn,

salam(h.20) laos

2 wang = 16½

*balur botĕn tumbas katosan, tumbas
atusan kemawon*

*balur kutuk 100, 4 wang, 200 8
wang = 67,-*

*balur jam (kencing)3 wang 200, 6
wang = 50,-*

*balur itik 3 wang, 200, 6 wang
= 50,-*

*balur sisik 3 wang, 200, 6 wang
= 50,-*

*balur bandĕng 3 wang 200, 6 wang
= 50,-*

gunggung

=1000,-

*krecek sae 100, 2 wang, 200, 4 wang
= 33*

*krecek sĕdhĕng kalih teng, 200, 3
wang = 23*

*krecek awon 8 dhuwit 400, 32 dhuwit
= 26½*

lihat sendiri.

a. Saya kamu beri garam 1 parah 12
wang = £ 1

terasi merah 1 cetak 8 wang= 67

terasi putih 1 cetak 6 wang= 50

terasi hitam 1 cetak 3 wang= 25

bawang merah 2 takar 16
wang=1.33

bawang merah 2 ikat 8 wang= 67

mrica, pala, tumber, jinten salam
laos 2 wang= 16½

Balur tidak membeli kati, beli
ratusan saja

Balur kutuk 100, 4 wang, 200 8
wang = 67,-

balur jam (kencing) 3 wang 200, 6
wang = 50,-

Balur itik 3 wang.; 200, 6 wang
= 50,-

Balur sisik 3 wang, 200, 6 wang
= 50,-

Balur bandeng 3 wang 200, 6 wang
= 50,-

Jumlah

= 1000,-

krecek bagus 100, 2 wang, 200, 4
wang = 33,-

krecek sedang 2 teng, 200, 3 wang
= 23,-

krecek jelek 8 dhuwit 400, 32
dhuwit = 26½

jumlah 800, jumlah

<p><i>gunggung 800, gunggung = £ 8.05</i></p> <p>a. <i>“pintěn gunggunging yatraipun Mbokmas?”</i></p> <p>b. <i>“Empun kula petung kalawan bincilan, tiněmuning gunggungan: wolung rupiyah putih, punjul nēm dhuwit”.</i></p> <p>a. <i>“Sumangga artanipun, sampeyan wideni, kula sampun pitajěng mawon dhateng sampeyan, měnggah lěreše petangipun”.</i></p> <p>b. <i>“Empun ganěp”.</i></p>	<p><i>= £8.05,-</i></p> <p>a. Berapa jumlah uangnya mbokmas?</p> <p>Dayarasa b. Sudah saya hitung 7 dan bincilan, jumlahnya Rp. 8 putih lebih 6 dhuwit.</p> <p>a. Ini uang, kamu ulangi, saya sudah percaya padamu kebenaran jumlahnya.</p> <p>b. Sudah genap.</p>
<hr/> <p>Jagakarsa a. <i>“Kulanuwun”.</i></p> <p>Wagaprana b. <i>“Sintěn niku?”</i></p> <p>a. <i>“Kula Mbok Jagakarsa”.</i></p> <p>b. <i>“Lah mbok banjur mlěbu mawon: napaa”.</i>(<i>lah napaa botěn mlěbu mawon</i>).</p> <p>(h.21)a. <i>“Lampah kula dipunutus ingkang putra Ndara Den Nganten Bei tangkilan. Měnawi sampeyan sagěd benjing dintěn Sělasa Lěgi dipuntimbali mrika, wanci pukul 8 sampun dhatěng”.</i></p> <p>b. <i>“Ontěn gawene napa kula ditimbali, napa tětěsan?”</i></p> <p>a. <i>“Inggih, ingkang wayah Den Lara Suwarni dipuntětěsakěn”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih ta, mang matur sendika”.</i></p> <p>a. <i>“Sampun nyai, kula lajeng badhe dhatěng peken”.</i></p> <p>b. <i>“Enggih”.</i></p>	<hr/> <p>Jagakarsa a. Terima kasih.</p> <p>Wagaprana b. Siapa itu?</p> <p>a. Saya, nyai Jagakarsa.</p> <p>b. La langsung masuk saja. (ada apa tidak langsung masuk saja).</p> <p>a. Kedatangan saya disuruh anak tuan Ndara Den Nganten Bei Tangkilan. Kalau kamu bisa besok hari Selasa Legi dipanggil ke sana, jam 8 pagi sudah datang.</p> <p>b. Ada pekerjaan apa saya dipanggil, apa sunatan?</p> <p>a. Iya, cucu (yang bernama) Den Suwarni disunatkan.</p> <p>b. Ya, kamu katakan siap.</p> <p>a. Sudah nyai, saya langsung akan pergi ke pasar.</p> <p>b. Iya.</p> <p>Jagakarsa a. Mbokmas, apakah</p>

<p><i>Jagakarsa a. “Mbokmas, sampeyan mēnapa gadhah sinjang sēkaran?”</i> <i>Karyapuspa b. “Inggang sampeyan padosi sekaran mēnapa?”</i></p> <p>a. <i>“Sindur, bangun tulak, kaliyan mayang mēkar”.</i> b. <i>“Wontēn”.</i> a. <i>“Pintēn dosipun wērni tiga mēnika?”</i> b. <i>“Sampeyan tumbas kalih rupiyah kemawon, kula sukakakēn”.</i> a. <i>“Kula awisipun sampun duka nggih”.</i> b. <i>“Mangga kula aturi ndhawahi”.</i> a. <i>“Srupiyah”.</i> b. <i>“Dereng”.</i> a. <i>“Gansalwēlas wang kaparingakēn?”</i> b. <i>“Inggih dereng”.</i> a. <i>“Sampun ta, kula tutug kalih tengah”.</i> b. <i>“Inggih mēksa dereng”.</i> a. <i>“Inggih sampun kula pados sanes”.</i> b. <i>“Sampeyan wangsul, sampun ta, kula sukakakēn sēlikur wang”.</i> (h.22)a. <i>“Kadospundi taMbokmas, sampeyan mēnika yatra sampeyan awis, kula sampun botēn mindhak malih”.</i> b. <i>“Inggih ta sampun kula sukakakēn kangge cundhuk laris, taksih enjing</i></p>	<p>kamu mempunyai kain kembangan? Karyapuspa b. Yang kamu cari (motif)kembangan apa? a. Sindur, banguntulak, dan mayang mekar. b. Ada. a. Berapa harganya 3 itu? b. Kamu beli Rp. 2 saja, saya berikan. a. Saya tawar jangan marah ya. b. Silakan saya silakan katakan. a. Rp. 1. b. Belum. a. 15 wang diberikan? b. Juga belum. a. Sudahlah saya akhiri Rp. 1,5. b. Juga terpaksa belum. a. Ya sudah saya cari yang lain. b. Kembalilah, sudahlah, saya berikan 21 wang. a. Bagaimana to mbokmas, kamu itu, uang ditawarkan, saya sudah tidak naik lagi. b. Iyalah, saya kasihkan sebagai pembuka laris, masih pagi sudah laku.</p>
---	---

<p><i>sampun pajěngan</i>".</p> <p>a. "Mangga yatranipun sampeyan tampani".</p> <p>b. "Inggih sampun lěřs, kalih těngah".</p> <p>a. "Sampeyan punapa gadhah letrek".</p> <p>b. "Gadhah malih tiyang panunggalanipun sėkaran".</p> <p>a. "Kula tumbas sėtunggal mawon kalih teng".</p> <p>b. "Sadenan kula kalih wang".</p> <p>a. "Yen parěng kados sapangawis kula wau".</p> <p>b. "Inggih ta, sampun kula sukakakě".</p> <p>a. "Mėnika yatranipun".</p> <p>b. "Inggih".</p>	<p>a. Ini uangnya kamu terima.</p> <p>b. Iya betul, Rp. 1,5.</p> <p>a. Kamu apa memiliki letrek?</p> <p>b. Punya karena satu macam dengan kembangan.</p> <p>a. Saya beli 1 saja 2 teng.</p> <p>b. Saya jual 2 wang.</p> <p>a. Kalau boleh seperti tawaran saya tadi.</p> <p>b. Ya sudahlah saya berikan.</p> <p>a. Ini uangnya.</p> <p>b. Ya.</p>
<hr/> <p>Jagakarsa a. "E, yu, nggendhong lurik, dika mandhėg sėdhela".</p> <p>Randhasemaya b. "Napa ajeng tumbas".</p> <p>a. "Wong ngandhėg nek botěn tuku ajěng napa".</p> <p>b. "Engga, ta mang milih, dagangan kula sae-sae".</p> <p>a. "Dika duwe jarik tuluhwatu kalih slendhang liwatan lan yuyu sėkandhang".</p> <p>b. "Gadhah wėdalan Ngungking".</p> <p>a. "Coba kula dělěnge. Kok kasar temen".</p> <p>b. "Dos pundi ta, Mbokmas, sinjang</p>	<hr/> <p>Jagakarsa a. E, mbak yang menggendong lurik, berhentilah sebentar.</p> <p>Randhasemaya b. Apa akan beli?</p> <p>a. Orang memberhentikan kalau tidak beli mau apa?</p> <p>b. Silakan, tuan memilih, dagangan saya baik-baik.</p> <p>a. Punya dagangan kainTuluhwatu dan selendang Liwatan dan Yuyu sekandang?</p> <p>b. Punya buatan Ngungking.</p> <p>a. Coba saya lihat. Kok kasar sekali.</p> <p>b. Bagaimana ta, mbokmas, kain seperti ini dikatakan kasar.</p>

kados ngatěn mang wěstani kasar, sing kados napa?”

a. *“Jarike niki dika rěgani pintěn?”*

b. *“Tiga mawon”.*

(h.23)a. *“Slendhang?”*

b. *“Kula sade kalih těngah sětunggil”.*

a. *“Gělisan mawon tiba paro kabeh, jarike karotěngah, slendhange sangang wang sitok”.*

b. *“Dereng angsal yen sěmantěn”.*

a. *“Empun ta, kula undhaki rong wang jarike dadi sěpuluh wang sitok, gungunge jarik lan slendhang: patang puluh wang”.*

b. *“Enggih ta ěmpun, kula sukakakěn”.*

a. *“Mengke kula etunge dhuwite, lan ěmpun niku dika wideni”.*

b. *“Empun jangkěp”.*

Jagakarsa a. *“E, Bah renea’.*

Singsiyu b. *“apa kowe alěp tuku sěmbagi”.*

a. *“Iya, udhuna kene, tuku rong wěrna bae nělung kacu. Sing jambon karo sing kuning iki bae, sakacune rěga pira?”*

b. *“Sing jambon sětali, sing kuning wolulikur dhuwik”.*

a. *“Sing jambon suwang, sing kuning wolung dhuwit”.*

b. *“Ola, ola”.*

a. Kainnya ini kamu beri harga berapa?

b. 3 saja.

a. Selendangnya?

b. Saya jual Rp. 1,5 satu potong.

a. Cepat saja jatuh setengahnya semua. Kainnya Rp. 1,5 selendangnya 9 wang.

b. Belum boleh kalau sekian.

a. “Sudahlah saya tambah 2 wang kainnya menjadi 10 wang satu, jadi jumlahnya 40 wang”.

b. Ya sudahlah saya kasihkan.

a. Sebentar saya hitung uangnya, nah sudah itu kamu ualangi.

b. Sudah genap.

Jagakarsa a. E Bah kemarilah.

Singsiyu b. Apa kamu mau beli sembagi?

a. Iya, turunkan sini, beli 2 warna saja, ukuran 3 kacu. Yang merahjambu dan kuning. Sekacu harganya berapa?

b. Yang merah muda 1 tali, yang kuning 2 8 dhuwit.

a. “Yang jambon suwang yang kuning 8 dhuwit”.

b. tidak. Tidak.

a. Sebentar to, jangan keburu lari.

<p>a. <i>“Měngko ta dhisik, aja kudu mlayu bae.”</i></p> <p>b. <i>“Pila, pila”.</i></p> <p>a. <i>“Sing jambon tak undhaki dadi rolas dhuwit, sing kuning; suwang”.</i></p> <p>b. <i>“Iya, pilang kacu?”</i></p> <p>a. <i>“Wong wis dikandhani nelung kaci pijěr takon bae. Olehmu ngaconi aja měngkono měngko rak dadi kurang saka tělung kacu”.</i></p> <p>b. <i>“Ola, ola kulang městhi bėnėl.”</i></p> <p>a. <i>“Měngko ta, sėmbagimu kuwi aja kėsusu ko buntěl dhisik, aku arėp tuku akeh, sing plėnik (h.24)irėng iku saėmblok rėgane pira?”</i></p> <p>b. <i>“Nėm lupiyah”.</i></p> <p>a. <i>“Sėringgit, ya”.</i></p> <p>b. <i>“Ola, ola”.</i></p> <p>a. <i>“Tělu kurang sėtali kėpiye?”</i></p> <p>b. <i>“Ola, oleh”.</i></p> <p>a. <i>“Ya, wis”.</i></p> <p>b. <i>“Tukuněn tělu lupiyah wae”.</i></p> <p>a. <i>“Emoh’.</i></p> <p>b. <i>“Ya ta wis, tak wehake sanak-sanak”.</i></p> <p>a. <i>“Dadi pira dhuwite?”</i></p> <p>b. <i>“Kowe pila etunge?”</i></p> <p>a. <i>“Tělu kurang sėtali diwuwuhi sėtali, dadi tělung rupiyah, diwuwuhi maneh rolas dhuwit ping tělu, kapat teng punjul sėdhuwit (x) gunggung tělung rupiyah punjul kapat teng</i></p>	<p>b. Berapa. Berapa?</p> <p>a. Yang merahmuda saya tambah menjadi 12 dhuwit yang kuning wang.</p> <p>b. Iya berapa kacu?</p> <p>a. Sudah diberitahu nelung kacu bertanya terus. Dalam mengukurnya jangan demikian nanti kurang dari 3 kacu.</p> <p>b. Tidak, tidak kurang pasti benar.</p> <p>a. Sebentar to, sembagimu itu jangan tergesa-gesa kamu bungkus dulu, aku akan beli banyak, yang titik hitam itu satu mblok berapa?</p> <p>b. Rp. 6.</p> <p>a. Seringgit ya.</p> <p>b. Tidak. Tidak.</p> <p>a. 3 kurang setali gimana?</p> <p>b. Tidak boleh.</p> <p>a. Ya sudah.</p> <p>b. Belilah Rp 3 saja.</p> <p>a. Tidak mau.</p> <p>b. Ya sudahlah, saya kasihkan.</p> <p>a. Jadi berapa uangnya.</p> <p>b. Kamu berapa menghitungnya?</p> <p>a. 3 kurang setali ditambah setali, jadi Rp 3 ditambah 12 dhuwit x 3, kapat tengah lebih 1 dhuwit (x) jumlahnya Rp 3 lebih empat teng 1 dhuwit. Apakah sudah benar seperti itu”.</p>
--	---

sédhuwit apa iya wis bënëṛ mēngkono ki”.

b. “Iya bënëṛ”.

(x) *Petangan teng ingkang kangge ing bakul sambiwara kadosta: kapat teng 35 dhuwit. Kapat teng punjul sedhuwit= 36 dhuwit. Kapat teng punjul sēgobang = 37 dhuwit. Patangwang kurang sēgobang utawi sēdhuwit= 38 lan 39, nanging karoteng utawi tēlungteng punjul sēdhuwit botēn kenging,, ingkang kenging namung petangan sēkawan minggah.*

Jagakarsa a. ”Ngriki mēnapa wontēn sinjang cap-capan Sēkarkopi kaliyan Jamblang?”

Karyawastra b. “Wontēn sēdaya, sampeyan badhe tumbas pintēn?”

a. “Sēkaripun kopi namung satunggal, Jamblangipun sēkodhi”.

(h.25)b. “Mēnika Jamblangipun sampeyan tingali, brēgas punapa botēn, sēratanipun nētēs montenipun kēmrasak babaranipun sumringah, nanging aosipun awis, sēkodhi kawandasa rupiyah”.

a. “Mēnapa sētunggal cucukipun ngantos rēgi 2 rupiyah”.

b. “Inggih”.

a. “Mēnawi parēng kula suwun kalih

b. ya sudah benar.

(x) Penghitungan teng yang dipakai oleh pedagang kain seperti: kapat teng 35 dhuwit. Kapat teng lebih sedhuwit = 36 dhuwit. Kapat teng lebih segobang = 37 dhuwit. Kapat wang kurang segobang utawi sedhuwit = 38 dan 39 dhuwit, tetapi karoteng atau 3 teng lebih sedhuwit tidak boleh, yang boleh hanya hitungan 4 ke atas.

Jagakarsa a. Disini apa ada kain cap, sekarkopi dan Jamblang?

Karyawastra b. Ada semua, kamu akan beli berapa?

a. Sekar kopi hanya satu, yang jamblang sekodhi (20 lembar)

b. Ini Jamblangnya, kamu lihat, gagah apa enggak, tulisannya bagus monte-nya kemrasak babaran-nya cerah, tetapi harganya mahal, 20 lembar Rp 40.

a. Apakah selebar sampai Rp. 2?

b. Iya.

a. Kalau boleh saya beli Rp. 20.

<p>dasa”.</p> <p>b. “Sělot-sělotipun”.</p> <p>a. “Kula aturi mudhun ta”.</p> <p>b. “Kula udhunakěn gangsal, dados namung rěgi kawan sasur”.</p> <p>a. “Taksih kětėbihan pėmbalap, baresipun kemawon pintěn?”</p> <p>b. “Sampeyan mindhak pintěn?”</p> <p>a. “Kula aturi indhakan kalih, dados kalihlikur rupiyah”.</p> <p>b. “Dereng”.</p> <p>a. “Sampun ta, mindhak kėkathahěn atur 1 mėnawi kėparěng sėlangkung rupiyah”.</p> <p>b. “Inggih dereng”.</p> <p>a. “Inggih sampun, kula namung nyuwun tumbas sėtunggal sėkaripun kopi mawon, mėnika pintěn aosipun, kok blocok timěn”.</p> <p>b. “Sampeyan tumbas kalihtěngah kemawon”.</p> <p>a. “Dhawah palih”.</p> <p>b. “Dereng angsal”.</p> <p>a. “Kula indhaki suwang, dados sėdasa uwang. Botěn parěng?”</p> <p>b. “Inggih ta sampun, sampeyan pundhut. Kados pundi Jamblangipun?”</p> <p>a. “Parěng mėnapa botěn?”</p> <p>b. “Mangga ta kula aturi ngindhaki malih”.</p>	<p>b. tidak boleh.</p> <p>a. Saya minta diturunkan (harganya).</p> <p>b. Saya turun Rp. 5, jadi hanya 4 sa-sur.</p> <p>a. Masih terlalu jauh, jujur saja berapa?</p> <p>b. Kamu naik berapa?</p> <p>a. Saya beri tambahan Rp 2, jadi Rp 22.</p> <p>b. Belum.</p> <p>a. Sudahlah nanti terlalu banyak bicara kalau boleh Rp. 25.</p> <p>b. Ya belum.</p> <p>a. Ya sudah saya beli 1 yang sekaran kopi saja, ini berapa, kok blocok sekali.</p> <p>b. kamu beli Rp. 1,5 saja.</p> <p>a. Setengahnya.</p> <p>b. Belum boleh.</p> <p>a. Saya tambah 1 wang, jadi 10 wang boleh tidak?</p> <p>b. Ya sudahlah kamu ambil. Bagaimana Jamblangnya?</p> <p>a. Boleh apa tidak?</p> <p>b. Silakan ditambah lagi.</p> <p>a. Saya sudah tidak dapat nambah.</p>
--	---

<p>a. <i>“Kula sampun botĕn sagĕd mindhak”</i>.</p> <p>b. <i>“Inggih ta sampun kula caosakĕn, sĕrĕp-sĕrĕpan dados lĕnggan”</i>.</p> <p>a. <i>“Mĕnika yatrani pun sĕlangkung kaliyan sĕdasa (h.26)uwang, sampeyan wideni’</i>.</p> <p>b. <i>Inggih sampun lĕrĕs.”</i></p>	<p>b. Ya sudahlah saya berikan, dijadikan langganan.</p> <p>a. Ini uangnya Rp. 25 dan 10 wang, kamu teliti.</p> <p>b. Ya sudah benar.</p>
<hr/> <p>Tangkilan a. <i>“Bujaprasita”</i>. Bujaprasita b. <i>“Kula”</i>.</p> <p>a. <i>“Jaranku si Maduseti abah-abahana, arĕp taktunggangi mĕnyang loji”</i>.</p> <p>b. <i>“Inggih sĕndika”</i>.</p> <p>a. <i>“Jokna mrene”</i>.</p> <p>b. <i>“Inggih”</i>.</p> <p>a. <i>Olehmu nglapaki kuwi kĕmajon, undurna sĕthithik”</i>.</p> <p>b. <i>Inggih”</i>.</p> <p>a. <i>“Apuse buntut iku yen bok-owahi amĕsthi kĕkĕndhon, dening unduring lapak”</i>.</p> <p>b. <i>“Punapa sĕmantĕn?”</i></p> <p>a. <i>“Uwis, sĕmono bae sĕdhĕngan. Taline uwang iku kĕkĕncĕngĕn, sabĕn-sabĕn iya mĕngkono, ora tau ko gatekke piturku yen tali usang iku ora kĕna kĕncĕng-kĕncĕng. Wis sĕmono bae. Endi cĕmĕthine”</i>.</p> <p>b. <i>“Punika”</i>.</p> <hr/> <p>(h.27)Tangkilan a. <i>“Tabik tuwan”</i>.</p>	<hr/> <p>Tangkilan a. Bujaprasita. Bujaprasita b. Ya.</p> <p>a. Kudaku Maduseti siapkan, akan saya gunakan ke loji.</p> <p>b. Ya baiklah.</p> <p>a. Kedepankan sini.</p> <p>b. Ya.</p> <p>a. Pasang pelanamu itu terlalu kedepan, mundurkan sedikit.</p> <p>b. Ya.</p> <p>a. <i>Apuseekor</i> itu kalau tidak kamu ubah terlalu kendor kalau pelananya diundur.</p> <p>b. Apakah sekian?</p> <p>a. Sudah, sekian itu saja cukup. Tali uwang itu terlalu kencang, setiap waktu kok mesti begitu, tidak pernah kamu perhatikan kataku kalau tali lama itu tidak boleh terlalu kencang. Sudah cukup, mana cambuknya.</p> <p>b. Ini.</p> <hr/> <p>Tangkilan a. Permisi. C van Bronkhorst b. Selamat sore</p>

<p><i>C. Van Bronkhorst, b. "Sore Dhen Bei: tabik ada baik?"</i></p> <p><i>a. "Baik Tuwan".</i></p> <p><i>b. "Lama sobat tidha dhatěng di toko".</i></p> <p><i>a. "Saya Tuwan, barang kali lěbih tiga bulan. kěmarin Tuwan buka rekěning saya punya utang srutu, sudah saya bayar poldhan".</i></p> <p><i>b. "Bětul, tapi Cuma utang sědikit £12.50 (dua bėlas rupiyah sětěngah)".</i></p> <p><i>a. Sekarang saya mau ambil barang banyak".</i></p> <p><i>b. "Baik dengan segala seneng ati, apa sobat mau ada kerja?"</i></p> <p><i>a. "Saya tuwan, kebetul ari Tuwan saya ngumur 33 taun, nama tumbuk sekali. Biasanya orang Jawa dirayakan dengan perjamuan: dan paginya nyunatken saya punya anak perempuan".</i></p> <p><i>b. "Itu adat baik sekali apa nyang sobat misthi pake bole ambil".</i></p> <p><i>a. "Saya suda bikin stat kalu suka bole priksa saja dan lantasi taruk arganya sama sekali".</i></p> <p><i>b. "Coba saya priksa".</i> <i>konyak 1 dosin, arga = £ 36</i></p>	<p>Den Bei, ada apa?</p> <p>a. baik tuan.</p> <p>b. Sudah lama kamu tidak ke toko?</p> <p>a. Saya, mungkin lebih dari 3 bulan. kemarin tuan buka rekening saya punya hutang cerutu, sudah saya bayar tunai.</p> <p>b. Betul, Cuma hutang sedikit f 12.50 (Rp.12,5).</p> <p>a. Sekarang saya mau ambil banyak barang.</p> <p>b. Baik dengan senang hati, apakah saudara mau hajatan?</p> <p>a. Saya, kebetulan saya umur 33 tahun disebut tumbuk sekali. Biasanya orang Jawa dirayakan dengan perjamuan, dan pagi harinya menyunatkan anak perempuan saya.</p> <p>b. Itu adat yang baik sekali, apa yang kamu butuhkan boleh ambil.</p> <p>a. Saya sudah buat daftar kalau mau silakan diperiksa dan kemudian beri harga sekalian.</p> <p>b. Coba saya lihat. Konyak 1 dosin harga = Rp 36 Jenewer AVH1kuler =15</p>
---	---

jenewer AVH 1 kuler = 15
kopi, arga = 22.50
anggur merah 1 dosin arga = 12

aer blandha 1 krajang, 50 kruik arga
= 12.50
pait 2 botol arga = 2
cerutu Manila 1 pethi 125 arga =
12.50
cerutu abana 1 pethi 100 arga =
7,50
salem 5 blek arga = 7,50
ercis 5 blek arga = 3
mertega 1 tong arga = 12
gunggung = £ 128
“Semua barang ada dan boleh
ambil”.
a. “Baik tuwan, tetapi saya ada
sedikit permintaan”.
b. “Apa?”
a. “Itu barang semua, nyang tersebut
didalem stat dan nyang Tuwan suda
taruk arganya kapan tiada abis saya
pakai, sebrapa lebihannya saya boleh
irim kembali. Adapun bayarannya
nanti diblakang, boleh reken lagi
dengen saya kirim kembali barang
lebih itu sama uang bayaran,
abisnya barang nyang saya suda
pake”.

b. “Baik, sobat, asal belum dibukak
saja boleh kirim kembali(h.28)”.

kopi harga = Rp 22,50
Anggur merah 1 dosin harga = Rp
12
Air belanda 1 krajang, 50 kruik
harga = Rp 12,50
Pait 2 botol harga = Rp 2
Cerutu Manila 1 peti 125 harga =
Rp 12,50
Cerutu abana 1 peti 100 harga= Rp
7,50
Salem 5 blek harga =Rp 7.50
Ercis 5 blek harga = Rp 3
Mertega 1 tong harga Rp 12
Jumlah = Rp 128
Semua barang ada dan boleh
diambil.
a. Baik tuan, tetapi saya ada sedikit
permintaan.
b. Apa?
a. Semua barang yang ada dalam
daftar dan sudah diberi9
harga jika tidak habis saya
gunakan agar boleh
dikembalikan. Adapun
bayarannya nanti, boleh
dihitung lagi dengan saya
dikirim barang kelebihan
sekaligus uang pembayaran,
habisnya barang yang saya
gunakan.
b. Baik, kawan, asalkan belum
dibuka saja boleh dikirim
kembali.

<p>a. <i>“Apa saya bisa trima sekarang itu semua?”</i></p> <p>b. <i>“Bisa jugak, sobat”.</i></p> <p>a. <i>“Kalo suka ditrimaken saya punya orang Jayanimpuna namanya nyang sringkali saya suru bawak bon ambil barang disini”.</i></p> <p>b. <i>“Baiklah itu sudah liatan dateng menusul”.</i></p> <p>a. <i>“Nah sudah Tuwan, saya minta permissi pulang lebih dulu”.</i></p> <p>b. <i>“Baik slamet jalan, sobat”.</i></p> <p>a. <i>“Trima kasih”.</i></p>	<p>a. Apakah saya bisa terima sekarang semua barang itu?</p> <p>b. Bisa kawan.</p> <p>a. Kalau boleh berikan saya ada orang Jayanimpuna yang sering saya perintahkan membawa bon mengambil barang di sini.</p> <p>b. Boleh, itu sudah kelihatan menyusul.</p> <p>a. Nah sudah tuan, saya pamit pulang duluan.</p> <p>b. Baik selamat jalan, kawan.</p> <p>a. Terima kasih.</p>
<hr/> <p>Jayanimpuna a. <i>“Kang Baukarya”.</i> Baukarya a. <i>“Kula, Mas”.</i></p> <p>a. <i>“Ayo milu aku, nggawa kancamu buruh ana wong wolu bae cukup. Mirantia pikulan lan sandhat nutawa dhadhunge pisan”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih”.</i></p> <p>a. <i>“Gilo barang iki kabeh gawaněnyang Tangkilan, banjur jujugna gědhong minuman bae. Pasrahna marang panakawan, kowe kabeh banjur nusula aku měnyang Pacitan Gědhong Gědhe, tak layani ana ing kono bae. Lan kowe dhewe karo kancamu siji maneh nggawaa gula teh sapanunggalane pikulěn wong loro bae cukup”.</i></p> <p>b. <i>“Inggih”.</i></p>	<hr/> <p>Jayanimpuna a. Kang Baukarya. Baukarya b. Saya, mas.</p> <p>a. Ayo ikut saya, mengajak temanmu cukup 8 orang saja. Bawalah perlatan pikulan dan tali atau dadung.</p> <p>b. Ya.</p> <p>a. Bawalah semua barang ini ke Tangkilan, kemudian langsung ke tempat minuman saja. Serahkan pada pembantu, kamu semua kemudian menyusul saya ke pacitan Gedung Gede, saya jamu di sana saja. Dan kamu dengan temanmu satu lagi bawalah gula teh dan lainnya pikullah berdua saja cukup.</p> <p>b. Ya.</p> <hr/> <p>Jayanimpuna a. Bah, kelihatannya</p>

<p>Jayanimpuna a. “Bah, nontoni tehmu Keki lawas”.</p> <p>Tyangsing b. “Ya kiye”.</p> <p>a. “Dudu, la ya kuwi sing kodhĕlikake.”</p> <p>b. (h.29)“Iki lalang”.</p> <p>a. “Wis dhĕngĕr nek larang, malah aku arĕp tuku akeh”.</p> <p>b. “Tuku pila, tuku pila?”.</p> <p>a. “Sareh ta, rĕgane pira sabungkus?”.</p> <p>“Aku wis kĕrĕp tuku mreng kongkonan bocah nggawa contone dluwange bungkus, rĕgane sabungkus wolung wang. Sarehning aku tuku akeh dak jaluk sudane. Nek aweh sabungkus dak tuku ngwolu teng aku tuku sĕpuluh bungkus”.</p> <p>b. “Ola, ola, ola kĕna kulang wolung wang”.</p> <p>a. “E, e, tĕmĕnan, kowe ora aweh. Tuku akeh ko padha tuku sĕthithik; aku arĕp golek liya. Aja ko ĕntol, mĕngko aku yen wis lunga ko undang bali aku suthik”.</p> <p>b. “Yata wis, sanak-sanak, tak wehake”.</p> <p>a. “Wis ta ngono wae, sarehne aku tuku akeh lan wis sumurup rĕrĕgane, tak ĕnyang sudane saka padatane wong tuku ecer. Timbangĕn karo wong tuku akeh; yen aweh sokur, yen</p>	<p>Tehmu Keki sudah lama.</p> <p>Tyangsing b. Ya ini.</p> <p>a. Bukan, na yang kamu sembunyikan itu.</p> <p>b. Ini mahal.</p> <p>a. Sudah tahu kalau mahal, bahkan saya akan beli banyak.</p> <p>b. Beli berapa, beli berapa?</p> <p>a. Sabar, harganya berapa 1 bungkus?</p> <p>Saya sudah sering beli di sini, perintah anak membawa kertas bungkus, harganya 1 bungkus 8 wang. Karena saya beli banyak minta dikurangi/discon. Kalau 1 bungkus dapat 8 teng saya beli 10 bungkus.</p> <p>b. Tidak, tidak, tidak boleh kurang 8 wang.</p> <p>a. E, e sungguh, kamu tidak boleh. Beli banyak kok sama dengan beli sedikit. Aku cari yang lain. Jangan kamu tawar nanti kalau saya sudah pergi kamu undang kembaliaku tidak mau.</p> <p>b. Ya sudah, persaudaraan, saya berikan.</p> <p>a. Sudahbegini saja, karena saya beli banyak dantahu harganya, saya tawar disconnya dari orang beli eceran. Pikirkan dengan orang yang beli banyak: kalau diberikan syukur kalau tidak aku cari lain, jadi tidak</p>
--	--

ora aweh aku golek liya, dadi ora kakehan idu. Satēmēne aku sēdhih caturan karo kowe, mundhak kēmrusuk kaya wong padu, rinungu ing wong aku isin. Saiki tak petung rēgane wutuh bae, kaya ta:

teh para 8 bungkus a 40 dh x 5 = £ 1,67

teh dhahar 10 bungkus a 80 dh x 10 = £ 6,67

gula batu ½ dhacin = 25 kati a 40x25 = £ 8,33

gula pasir ½ dhacin = 25 kati a 30x25 = £ 6,25

cengkuwih 10 kati a 40 dh x 10 = £ 3,33

tai kucing 10 kati a 40 dh x 10 = £ 3,33

manisan 4 tenong a 240 dh x 10 = 10

gunggung = £ 39,58

(Punika reregan jaman 30 taun minggah).

iku dak kurangi limang persen, srupiyahe suda(h.30)nem dhuwit.

Yen aweh aku tuku kene kabeh. Yen ora aweh iya uwis, aku arēp golek seje”.

b. “Mēngko dhisik tak rēmbuge (lajēng wicantēnan cara Cina

banyak bicara. Sebenarnya saya sedih bicara denganmu, keras seperti orang bertengkar, didengar orang lain saya malu. Sekarang saya hitung harga utuh saja, seperti:

teh para 8 bungkus a 40 dh x 5 = Rp 1,67

teh dhahar 10 bungkus a 80 dh x 10 = Rp 6,67

gula batu ½ dacin + 25 kati a 40x25 = Rp 8,33

gula pasir ½ dhacin = 25 kati a 30x25 = Rp 6,25

cengkuwih 10 kati a 40 dh x 10 = Rp 3,33

tai kucing 10 kati a 40 dh x 10 = Rp 3,33

manisan 4 tenong a 240 dh x 10 = Rp 10

jumlah = Rp 39,58

(itu harga 30 tahun ke atas)

Itu saya kurangi 5 %, setiap Rp 1 dikurangi 6 dhuwit.

Kalau dikasihkan, semua saya beli disini. Kalau tidak ya sudah aku cari yang lain.

b. Sebentar saya rembugan dulu (kemudian bercakap-cakap cara cina dengan teman cinanya). Ya

kaliyan kancanipun). Ya wis sanak-sanak tak wehake, besuk tukua mrene maneh wae”.

a. “Iya ta wis; nuli katenana, katine aku njaluk katen bënë rongpuluh reyal (sareyal 9 dhuwit 20. Reyal = sakati= 189 dhuwit). Aku wis mangerti katen, aja ko apusi”.

b. “Ola, ola. Wis ganěp kabeh, ěndi dhuwite”.

a. “Měngko ta, mangsa aku mlayua; ora. Nanging rak nganggo dietung dhisik wutuhe £ 39,58

sing 30 suda 1,50

sing 9 suda 45

sing 58 suda 3 £ 1,98

gunggung sudane kari £ 37,60

apa wis bënë mangkono”?

b. “Měngko tak simpile dhisik, wis bënë”.

a. “Lah iki tampanana”.

b. “Iya, tlima kase”.

Jayanimpuna a. “Kabënëran kowe wis tēka, iki lagi bae rampung olehku padon”.

Baukarya b. “Měnapa saestu mbēkta barang malih?”.

a. “Iya, nanging mung wong loro bae. Lah iki tampanana opahe wong wolu kang padha nggawa minuman

sudahlah, kawan, saya kasihkan, besok kamu beli di sini lagi.

a. Iyalah, segera timbanglah saya minta timbangannya dengan benar 20 reyal (= 9 dh 20, reyal = kati = 189 dhuwit). Aku sudah tahu timbangan, jangan kamu tipu.

b. Tidak, tidak. Sudah lengkap semua, mana uangnya.

a. Sebentar, masakan saya lari. Tidak. Tapi kan dihitung dulu utuhnya Rp 39,58

yang 30 dikurangi 1,5,

yang 9 kurangi 45

yang 58 kurangi 3 Rp 1,98 -

Jumlahnya Rp 37,60

Apa sudah benar demikian?

b. Sebentar saya hitung dulu.

Sudah benar.

a. Nah ini terimalah.

b. Iya terima kasih.

Jayanimpuna a. Kebetulan kamu sudah datang. Ini baru saja selesai saya “bertengkar”.

Baukarya b. Apa benar membawa barang lagi?

a. Iya, tapi hanya 2 orang saja. Dan ini terimalah upah 8 orang yang membawa minuman tadi. 1 orang saya kasih upah 2 wang x 8 = 16

mau. Wong siji tak opahi ngrong wang, ping wolu dadi nĕmbĕlas wang. Kowe lan kancamu siji nggawaa gula teh iku jujugna mĕnyang gĕdhong wedang; pasrahna marang punakawan bae maneh. Iki opahe (h.31) wong loro patang wang; aku arĕp mampir mĕnyang Kĕmlayan. Wis ta nuli gawanĕn”.

b. “Inggih, Nya, gilo opahmu wong siji ngrong wang, tak potong nyĕdhuwit aku sing dadi pangarĕp, kari nyangalas dhuwit”.

Bujangkĕplek - “Kene. Ayo padha kĕplek bae sisan, kĕbĕnĕran ana ngisor asĕm, dhuwit sangalas dhuwit dijajakake mangsa dadia slilit, sapa sing mĕnang iya mĕthĕthu”.

- *“Ayo. Somah-somah sĕgobang”.*

- *“Dhudha sĕgobang”.*

- *“Majaran; nem biyung (Gangsalan, sĕdhuwit dipunsameni sĕteng)sĕdhit”.*

- *“Emoh, sĕpuluh biyung yen gĕlĕm (sĕgobang dipunsameni wolung dhuwit, nanging yen bangro wangsul sĕdhuwit).*

- *“Iya sĕgobang sĕpuluhĕn biyung”.*

- *“Asor limalasan (segobang dipun sameni tigang dhuwit, mĕnangipun namung yen bangro)”.*

wang. Kamu dan 1 teman bawalah gula teh langsung menuju gedung minuman, serahkan kepada pembantu lagi. Ini upahnya 2 orang 4 wang, saya akan mampir ke Kemlayan. Sudah segera bawalah.

b. Ya, ini. Ini upahmu 1 orang 2 wang, saya potong 1 dhuwit sebagai pemimpin, tinggal 19 dhuwit.

Bujangkeplek - Sini. Mari semua judi sekalian, kebetulan di bawah pohon asam, uang 19 dhuwit dibuat jajan masakan menjadi puas, siapa yang menang menumpuk.

- Mari. Masing-masing 1 gobang.

- duda 1 gobang.

- Majaran 6 biyung (= gangsalan, 1 dhuwit = 1 teng) 1 dhuwit.

- Gak mau, kalau mau 10 biyung (1 gobang = 8 dhuwit tapi kalau bangro kembali 1 dhuwit).

- Baik 1 gobang 10 biyung.

- Asor limabelasan (1 gobang dihargai 3 dhuwit, menangnya hanya kalau bangro).

- sacet saya limalasi.

- “*Sacet dak limalasi*”.

- “*Baro geseh sĕgobang*”.

- “*Sĕgobang aku malik mayar*”.

- “*Somah baro sĕgobang*”.

- “*Sĕgobang aku dhudha tebleg*”.

- “*Wis umbulna. Apa pasange*”.

- “*Banthenng loreng*”.

- “*Mbok pupuk bae silih ora abot*”.

- “*Sirku banthenng*”.

- “*Wong pasang sakarĕpe aja diwaoni. Mĕngko tĕkan kowe rak ya umbul, sakarĕpmu kĕna*”.

(*Inggang umbul mubĕng ngiwa gĕgĕntosan. Nanging bilih dereng pĕjah botĕn kenging dipun-gĕntosi, sarta limrahipun mĕthek somah*).

- “*Wis cul*”.

- “*Loro koco*”.

(h.32)(*punika wicantĕnipun ceker juru ngladosi tiyang toh-tohan, inggang mĕnang nyukani ujuran sĕdhuwit*). *Dados abrit kalih pĕthak kalih.*

sarehning kasukan kĕplek kathah ubad-ubĕdipun, katĕrangakĕn sawatawis kados ing ngandhap punika.

kasukan kĕplek punika kasukaning bujang utawi bajingan sasaminipun. Inggang kangge yatra ombak sakonan, lumahipun dipun ĕnjĕti nama pĕthak, kurĕbipun nama abrit. pasangipun arta sĕkawan wau

- Baro geseh 1 gobang.

- 1 gobang saya malik mayar.

- Somah baro 1 gobang.

- 1 gobang saya duda tebleg.

- Sudah umbulna. Apa pasangnyanya.

- Banthenng loreng.

- mbok pupuk saja tidak berat.

- Maksudnya banthenng.

- Orang pasang bebas jangan dicela. Nanti sampai kamu kan ya umbul, sekehendakmu boleh. (yang umbul bergantian ke arah kiri. Tetapi kalau belum mati tidak boleh diganti, serta umumnya menebak somah).

- Sudah lepas.

- loro koco.

(itu perkataan ceker juru melayani orang *berjudi* yang menang memberi uang kemenangan 1 duwit) jadi merah dua putih 2. Karena kesenangan judi banyak hitungannya, dijelaskan secukupnya seperti di bawah ini. Kegemaran judi itu kegemarannya perjaka atau bandit semacamnya. Yang digunakan uang *ombak sakonan*, yang atas dikasih kapur putih disebut putih, yang sealiknya disebut merah. uang yang dipasang 4 tadi diulertakkan di tangan kanan. Kalau pasangnyanya diselingi, merah

kajereng wontěn ing tangan tēngěn. Měnawi pasangipun kēsěling, abrit wontěn ing ngandhap, pěthak wontěn ing nginggil, nama pupuk pěthak. Měnawi pěthak wontěn nginggil nama pupuk abrit.

I. Bilih pasang abrit kalih, pěthak kalih nama gandhok, lajěng dipun umbulakěn:

a. Bilih dados abrit kalih, pěthak kalih, nama tebleg, utawi bara (botěn bangro, cěkakan abang loro).

b. Bilih dados pěthak sědaya nama majar tebleg (yèn pasangipun pupuk abrit).

c. Bilih dados abrit sadaya nama majar gulung (yèn pasangipun ugi pupuk abrit) Kosok wangsulipun yèn pasangipun pupuk pěthak, majar abrit nama teblek, majar pěthak nama gulung.

d. Bilih dados pěthak tiga, abrit sětunggal nama dhudha tebleg (yèn pasangipun pupuk pěthak).

e. Bilih dados abrit tiga pěthak sětunggal nama dhudha geseh (yèn pasangipun pupuk pěthak, dhudha abrit tiga nama dhudha geseh, dhudha pěthak nama dhudha tebleg).

II. Abrit tiga pěthak sětunggal utawi

III. Pěthak tiga abrit sětunggal

di bawah, putih di atas disebut pupuk putih. Kalau putih di atas disebut pupuk merah.

I. Kalau pasang merah 2, 2 putih disebut gandhok, kemudian diterbangkan:

a. Kalau menjadi 2 merah, 2 putih dinamakan tebleg atau bara (bukan bangro, singkatan merah 2)

b. Kalau menjadi putih semua disebut majar tebleg (kalau pasanginya pupuk merah).

c. Kalau merah semua disebut majar gulung (kalau pasanginya juga pupuk merah). Sebaliknya kalau pasang pupuk putih, majar merah disebut teblek, majar putih disebut gulung).

d. Kalau jadi 3 putih, merah 1 disebut duda teblek (kalau pasanginya pupuk putih).

e. Kalau menjadi merah 3 putih satu disebut duda geseh (kalau pasanginya pupuk merah. sebaliknya kalau pasanginya pupuk putih, putih 3 duda tebleg).

II. Merah 3 putih 1 ataupun pasang duda.

III Putih 3 merah 1 (

(pasang dhudha)

(h.33)f. *Bilih dados abrit kalih, pēthak kalih namung nama bara.*

g. *Bilih dados abrit tiga pēthak satunggal, nama dhudha tebleg. Bilih dados pēthak tiga abrit setunggal nama dhudha geseh (kacocogna II). Kosok wangsulipun pasang dhudha pēthak tiga abrit sētunggal (mriksanana III).*

IV. *Majar abrit*

V. *Majar pēthak, pasang majar*

h. *Bilih dados abrit kalih pēthak kalih, namung nama bara.*

i. *bilih dados abrit tiga pēthak sētunggal, nama dhudha tebleg. Bilih dados pēthak tiga abrit sētunggal, nama dhudha geseh (mriksanana IV). Kosokwangsulipun, majar pēthak (mriksanana V).*

Pēthekanipun dhudha somah, limrahipun ingkang umbul methek somah, mēngsahipun mēthek dhudha, kadosta: bara, majar abrit, majar pēthak, nama somah.

abrit tiga, pēthak sētunggal utawi pēthak tiga abrit sētunggal nama dhudha.

Dadosing warni-warnine, pēthekanipun namung dening pasangipun kasēbut ing nginggil wau.

f. Bila menjadi merah 2, putih 2 hanya nama bara

g. Kalau menjadi merah 3 putih 1, disebut *duda tebleg*. Kalau menjadi 3 putih 1 merah disebut *duda geseh* (cocokkan II) sebaliknya pasang *duda putih 3 putih 1 merah* (lihat III)

IV. *Majar merah (pasang majar0*

V. *Majar putih (pasang majar)*

h. Kalau menjadi 2 merah 2 putih hanya disebut bara.

i. Kalau jadi 3 merah 1 putih disebut *tebleg*. Kalau menjadi 3 putih 1 merah disebut *duda geseh* (lihat IV).

Sebaliknya *majar putih* (lihat V).

Tebakannya *duda somah*, normalnya yang menerbangkan yang menebak *somah*, musuhnya menebak *duda*, seperti: *bara*, *majar merah*, *majar putih*, disebut *somah*.

3 merah 1 putih atau 3 putih 1 merah disebut *duda*.

Kemungkinan macam-macamnya, tebakannya hanya oleh pasangannya yang disebut di atas tadi

1. *somah baro lawannya duda*

1. *Somah baro tandhingipun dhudha geseh. Měnawi dados baro, ingkang mēthek dhudha geseh: kampuh. Měnawi dados dhudha geseh ingkang mēthek baro kampuh; nanging mēnawi dados dhudha tebleg, ingkang mēthek somah baro kawon sēpalih. Dene mēnawi dados majar abrit utawi pēthak, baul, tēgēsipun: ingkang mēthek somah baro angsal somahipun majar. Naging kawon geshipun (majar) ingkang mēthek dhudha kawon somahipun nanging mēnang geshipun.*

2. *Limalasan, mēnawi dados dhudha tuwin majar: kawon. Měnawi dados baro, mēnang. Toh sēgobang dipun (h.34) tandhingi tigang dhuwit.*

3. *Sēdaya biyung; mēnawi dados dhudha kawon sēdaya. Měnawi dados baro kawon sēpalih, namung mēnawi majar mēnang arta sēgobang dipun tandhingi wolung dhuwit, mila nama: sēpuluh.*

4. *Nēm biyung (asor majaran); namung mēnawi majar, sēdhengaha majaripun abrit utawi pēthak; mēenang totohanipun, yatra sēdhuwit dipun tandhingi sēteng mila nama nēm biyung.*

5. *Malik majar, tandhingipun somah geseh.*

geseh. Kalau jadi baro yang menebak duda geseh: kampuh. Kalau menjadi duda ngeseh yang menebak baro kampuh; tapi kalau jadi duda tebleg, yang menebak somah baro kalah separuh. Adapun kalau jadi majar merah atau putih, draw, artinya: yang menebak somah baro dapat somahnya majar. Tetapi kalah gesahnya yang menebak duda kalah somah menang geseh.

2. Limalasan, kalau jadi duda dan majar; kalah. Kalau jadi baro, menang. Taruhan segobang berbanding (h.34) 3 dhuwit.

3. Semua biyung, kalau jadi duda kalah semua. Kalau jadi baro kalah separuh, hanya kalau majar menang uang segobang berbanding 8 dhuwit, maka disebut sepuluh.

4. Nem biyung (kalah majaran); hyanya kalau majar semua majar merah atau putih menang taruhan, uang 1 dhuwit berbanding seteng maka disebut nem biyung.

5. Malik majar, berbanding dengan somah geseh.

Jayanimpuna a. Permisi.

Jayanimpuna a. "Kula nuwun".

Miling b. "Sintěn?"

a. "Kula, Jayanimpuna".

b. "E, mangga, Mas; lajěng mlěbět ing gria kemawon".

a. "Anggen kula mriki (utawi kěpanggeh sampeyan) dipun utus ingkang putra (botěn putra ijěngandika, nanging mantri umuripun sěpuh kangge panewu umuripun nēm: putra ijěngandika) Raden Ngabei Tangkilan. Benjing dintěn Sėlasa Legi ngajěng punika, sampeyan dipuntimbali; sarta běktaa kanca niyaga 14 kalěbět sampeyan. Kadhawuhan nabuh sadintěn sėdal, wiwit sontěn bibar, sontėnipun malih, kaparingan pituwas sėdasa rupiyah".

b. "Kėsangėtěn mēnawi kaparingan sėdasa, kula sudakakěn kalih rupiyah saking padatan. Dados kaparingan kalih wėlas, kula sakanca sagėd nglampahi punika taksih angsal cadhong tike tuwin jėnewěr".

a. "Inggih sampun kula sagahi sėdaya. Namung kanca niyaga kula suwun pilihan sėdaya; sampun mawi mběkta kidungan: mēnawi daměl cuwaning galhipun ingkang putra".

(h.35) b. "Inggih sampun sumėlang, kula sampun suměrėp gėgalihanipun

Miling b. Siapa?

a. Saya, Jayanimpuna.

b. E mari mas, langsung masuk saja ke rumah saja.

a. Kedatangan saya ke sini (bertemu denganmu) diperintahkan ananda (bukan anakmu, tetapi mantri usianya tua untuk panewu usianya muda anakmu). R Ng tangkilan. Besok hari selasa Legi itu, kamu diundang serta bawalah teman niyaga 14 orang termasuk kamu. Diperintahkan menabuh sehari semalam, mulai sore selesai, sore lagi, diberi upah Rp 10.

b. Terlalu kalau diberi upah Rp 10 itu, saya kurangi Rp 2 dari biasanya. Sehingga Rp 12, saya dan teman-teman dapat melaksanakan itu masih mendapat jatah tike dan jenerwer.

a. Ya sudahlah saya sanggupi semua. Tetapi semua niyaga yang pilihan, jangan sampai membawa pembicaraan, kalau menjadi kecewanya ananda.

b. Iya jangan khawatir, saya sudah mengetahui hati R. Nganten. Mempunyai hajatan apa?

Raden Ngabei. Kagungan damël mënapa?”

a. “Kalërës wiyosan tumbuk yuswa 33 tahun, enjingipun tētësan putra Raden Rara Suwarni. Kalih dene mēlih, sampeyan dipundhawuhi pados ringgit ingkang prayogi, namung kangge nayuban dalunipun, siyangipun botën”.

b. “Sintën ingkang dipunkërsakakën katayub?”

a. “Dipun borongakën dhatëng sampeyan kemawon, sok ugi ingkang sagëd damël pirënaning tamu”.

b. “Inkang sae punika pun gambyong, nanging awis embalanipun”.

a. “Pintën?”

b. “Sëdalu sëlangkung rupiyah, piyambakipun ingkang tigang bagian, niyaga ingkang sëbagian, pituwas kangelanipun nabuh sëdalu tanpa kendël”.

a. “Pikantukipun tombok rak inggih kapetang dados embalan”.

b. “Inggih. Saupami tombok angsal 15, ingkang kagungan dalëm nambuh nambah 10. Wontënipun tombok dipundekekakën ing bokor mawi katumpangan beri. Lungipun arta saking priyantun ingkang bëksa katampen ing ringgit, lajëng

a. Bertepatan dengan tumbuk usia 33 tahun. Pagi harinya menyunatkan putrinya Rr Suwarni. Dan kamu diperintahkan mencari wayang/penari yang baik, untuk menari tayub malam harinya, siang hari tidak.

b. Siapa yang dikehendaki tayubnya?

a. Terserah padamu, yang penting dapat menyenangkan tamunya.

b. Yang baik apakah gambyong, tetapi mahal upahnya.

a. Berapa?

b. Semalam Rp 25, dia yang 3 bagian, niyaga 1 bagian, pengganti dalam kesulitan menabuh semalam tidak berhenti.

a. Perolehan tambahan kan dihitung jadi upah.

b. Ya. Seumpama tombok mendapatkan 15, yang punya rumah hanya tambah Rp 10. Tombokan diletakkan dalam bokor diletakkan dalam beri/nampan. Pemberian uang dari pelaku yang menari diberikan kepada penarinya,

kawadhahakēn ing beri rumiyin, lajēng kasukakakēn ing bokor. Kējawi ngētangilakēn kathah kēdhiking tambahipun kasumērēpan dhatēng tiyang kathah, saha dhatēng ingkang kagungan dalēm, inggih ugi kenging kapetang sēpintēn kathahipun pikantukipun. Badhe nambahi utawi sampun nyēkapi epahanipun, sampun katingal kemawon. Nanging mēnawi tombokipun langkung saking 25 rupiyah, langkungipun botēn kadarbe dhatēng ingkang kagungan dalēm, kaparingakēn dhatēng ringgit sēdaya”.

a. *“Dados tombok punika sami ugi sumbangan, urun tumut ngepahi ringgit”.*

(h.36)b. *“Inggih”.*

a. *“Kula amrayogekakēn pun Gambyong kemawon sampeyan tantun mēnawi purun katayub dhatēng Tangkilan. Sanadyan epahipun kathah, mēnawi tombokipun pikantuk kathah, inggih botēn dados punapa. Kalih dene malih wontēnipun tombok kathah punika botēn namung kētarik saking ingkang kagungan dalēm inggih ugi kētarik saking ingkang kagungan dalēm ugi kētarik saking awon*

kemudian diletakkan di beri dahulu, kemudian dimasukkan ke bokor. Selain memperlihatkan jumlahnya tambahan diketahui oleh orang banyak, juga yang mempunyai hajatan, juga dapat sebagai dihitung seberapa jumlah perolehannya. Akan menambah atau sudah mencukupi upahna, sudah kelihatan saja. Tetapi tambahannya lebih dari Rp 25, kelebihanannya tidak dimiliki oleh yang mempunyai hajatan, (tetapi) semua diberikan kepada penarinya.

a. Jadi tombok itu sama dengan sumbangan, ikut memberi upah pada penari.

b. Ya.

a. Saya menyetujui si Gambyong kamu tanyakan kalau mau menayub di Tangkilan. Walau upahnya banyak, kalau tomboknya dapat banyak, yang tidak apa-apa. Dan juga perolehan tombok itu tidak hanya tertarik dari yang punya hajatan saja juga tertarik dari baik buruknya penari. Seandainya penarinya jelek, yang tombok juga tidak dapat banyak dibandingkan kalau penarinya

saenipun ringgit. Saupami ringgitipun awon, ingkang tombok inggih botĕn sagĕd kathah tinimbang bilih ringgitipun sae, ingkang tombok inggih botĕn sagĕdsĕkĕdhik dening lingsĕm dhatĕng ringgitipun”.

b. “Dhasar inggih makatĕn Mas. Mila priyantun kagungan damĕl ajrih mawi ringgit sae, dening epahipun kathah. Dipun lampu ringgit awon, epahipun sĕkĕdhik, punika lĕpat”.

a. “Bilih sampun gilig rĕmbagipun, kula lajĕng mantuk”.

b. “Kula sampeyan tilari tumbasanipun sĕkar sĕrupiyah, punika minangka manjĕr ical. Bilih ringgit sampun kadugi nampeni tumbasan sĕkar, sanadyan ing tiyang sanes, ngundang rumiyin, inggih dipun tulak. Amargi ajrih dening sampun nampeni tumbasan sĕkar wau. Beda bilih botĕn mawi manjĕr; asring mblenjani, purun undang ing tiyang sanes ingkang kiathah embalanipun, saha sanadyan pĕngundangipun balejogan”.

a. “E, lha pĕrlu punika kyai, kĕdah dipun manjĕri, lah punika caosi sĕrupiyah”.

b. “Kanca inggih kula suwunakĕn manjĕr pisan sarta lajĕng badhe kula

baik, yang tombok tidak dapat sedikit malu kepada penarinya.

b. Memang demikian, mas. Maka orang punya hajat itu takut kalau penarinya bagus, karena upahnya banyak. Lebih baik penari jelek, upahnya sedikit, itu salah.

a. Kalau sudah setuju musyawarahnya, saya kemudian pulang.

b. Saya kamu tinggali untuk membeli bunga Rp 1, itu sebagai uang muka hilang. Kalau orang lain, mengundang dahulu, ya ditolak. Karena takut sudah menerima uang pembelian bunga tadi. Berbeda kalau tidak memberi uang muka, sering mengingkari, mau diundang orang lain yang banyak upahnya, serta walau pengundangnya rumah tanah.

a. E la perlu itu kyai, harus diberi uang muka, nah ini saya beri Rp. 1.

b. Teman juga saya mintakan uang muka sekaliyan serta akan saya bagi rata sekarang.

wradinakĕn samĕnika".

a. "Prayogi. Sĕringgit punapa cĕkap".

b. "Tigang rupiyah sĕtangsul cekapipun, dhatĕng kanca tigawelas".

a. "Sumangga kula caosi, tigang rupiyah sĕtangsul, kula lajĕng nyuwun mantuk. Sapĕngkĕr kula lajĕng sampeyan tindakakĕn, sampun ngantos ngapintĕni".

(h.37)b. "Inggih".

Pukul 8 tamu wiwit dhateng ndlidir. Gangsa slendro pelog mungĕl gĕgĕntosan, dipun sindheni ing ringgit, sabĕn tamu dhatĕng dipun papakakĕn dhatĕng Raden Ngabei Tangkilan; sarta lajĕng kaacaran lĕnggah urut pangkatipun. Tumuntĕn kaladosakĕn wĕdang prĕsan; katungka srutu. Dhasar pĕthilan namung para neneman kemawon, barakipin Raden Ngabei Tangkilan, sarta dhasar sami kajĕngipun rĕmĕn mĕmitran saeka praya".

Tangkilan a. "Mangga Kangmas-kangmas, utawi kadhi-adhi sami kĕparĕng ngunjuk mĕnapa?".

b. "Kula pait kemawon".

"Kula inggih pait".

"Kula inggih ugi pait".

"Kula inggih ugi sami pait".

a. Baik. Seringgit apakah cukup.

b. Rp 3 setangsulukupnya, kepada 13 orang.

a. Ini saya beri, Rp 3 setangsul, saya selanjutnya minta pamit pulang. Sepeninggal saya kamu laksanakan, jangan sampai mengulang.

b. Ya.

Jam 8 tamu mulai datang. Gamelan slendro pelog berbunyi bergantian, diiringi nyanyian oleh penari. Setiap tamu yang datang ditemui R Ng Tangkilan, serta dipersilakan duduk urut sesuai pangkatnya. Kemudian dijamu minuman disusul cerutu. Memang tamu pilihan hanya yang muda-muda saja, sebaya dengan R Ng Tangkilan, serta sama dengan keinginan senang bersahabat kerukunan.

Tangkilan a. Silakan kanda semua atau dinda semuanya, ingin meminum apa?

b. - Saya pahit saja.

- saya juga pahit.

- saya juga pahit.

- saya juga pahit.

- saya juga pahit.

“Kula inggih ugi sami kemawon pait”.

a. “Punika lĕrĕs, minangka bikak kemah badhe dhahar, kaangkah ngunjuk tigang dhasar sampun sedhengan bibar dhahar ngunjuk unjukan ingkang alus-alus”.

b. “Pangandika sampeyan tĕmbung: tigang dhasar, kula kengĕtan pradikaning ngunjuk. Sanadyan ing dalu punika pancen namung among suka, kados prayogi ngengĕti ungĕling pradikan wau”.

punika lĕrĕs, awit bilih saget ngengĕti inggih sagĕt nyĕnyuda utawi ngĕngirangi ing pangunjuk botĕn ngantos wuru”.

a. “Wurua punika wontĕn ngriki sami ugi wontĕn dalĕmipun piyambak”.

b. “Sanadyan wontĕn griyanipun piyambak tiyang mĕndĕm punapa sae. Punika rak namung nelakakĕn (h.38) lĕgawaning galih sampeyan. Kaparĕng sami mĕndĕm ing ngriki nuwun kula sĕdaya”.

- “Kula kĕpingin sumĕrĕp wardining pradikanipun ngunjuk awis, nanging dereng pikantuk. Coba sapunika mumpung nuju pakĕmpalan kaliyan kanca piyambak sarta nunggil budi, prayogi kawĕdharakĕn”.

- “Sintĕn ingkang kĕparĕng,

a. Itu benar, sebagai pembuka santapan akan makan, kira-kira minum 3 teguk sudah cukupan. Selesai makan minum-minuman yang halus-halus.

b. Perkataan kamu tentang: 3 teguk, saya teringat ingat *pradikaning* minum. Walau malam hari ini memang hanya bersenang-senang, tetapi sebaiknya mengingat bunyi *pradika* tadi.

Itu benar, sebab bila dapat mengingat juga dapat mengurangi terhadap minuman tidak sampai mabuk”.

a. Walau mabuk itu ada di sini sama juga ada di rumah sendiri.

b. Walau di rumahnya sendiri orang mabuk itu apa baik. Itu kan hanya mengungkapkan senangnya hatimu. Semua ingin mabuk disini ya boleh, saya semua.

- Saya ingin tahu makna urutan minum larangan tetapi belum memperoleh. Cobalah sekarang selagi pertemuan dengan teman sendiri serta satu pemikiran, sebaiknya dijelaskan.

- Siapa yang mau, tampaknya kanda Prabakesa.

Kangmas Prakesa kados".

- "O, kula soyo botĕn apil".

- "Ingkang apil kangmas Sastrajendra".

- "Lĕrĕs, nanging tiyang ragi panjang".

- "Sanadyan kula botĕn sami badhe kĕmba mirĕngakĕn".

- "Mĕnggah ingkang mungĕl ing sĕrat primbon, pradikaning minum punika makatĕn:

1. *Eka Padma sari*. Eka = sawiji; padma = kĕmbang; sari = sarining kembang. Wong minum antuk sadhasar(1) kaya kĕmbang ngisĕp sari.

2. *Dwi Amartani*. Dwi = loro, amartani = andhap asor. Wong minum antuk rong dhasar, saengga gĕlĕm dikongkon utawa diĕpak.

3. *Tri Kawula Busana*. Tri = tĕlu, kawula = batur, busana = pĕnganggo. Wong minum antuk antuk tĕlung dhasar, sanadyan batur yen bĕcik pĕnganggone kudu jajar lungguh lan bĕndarane.

4. *Catur Wanara Rukĕm*. Catur = papat, wanara = kĕthek, rukĕm = wowohan. Wong minum antuk patang dhasar, kaya kĕthek mangan woh-wohan.

5. *Panca Sura Panggah*. Panca = lima, sura = wani, panggah =

- O, Saya makin tidak hafal.

- Yang hafal kanda Sastrajendra

- Benar, tetapi agak panjang.

- Walau demikian kami semua tidak bosan mendengarkan.

